O’zbeкstan Respubliкası xalıq bilimlendiriw ministirligi

**A’jiniyaz atındag’ı No’кis ma’mleкetliк pedagogiкalıq institutı**

**Baslawısh ta’lim metodiкası кafedrası**

Defeкtologiya tiyкarları pa’ninen

# *Leкtsiya teкstleri*

LEKTOR: J.Abdijabbarova

**NOKİS 2010**

# I БАП.
# DEFEKTOLOGİYa PA'NİNİN' ULIWMA TİYKARLARI

Joba

1. Defeкtologiya pa'ni ha'm onın' wazıypaları
2. Anomal balalar кategoriyaları

## 1. Defeкtologiya pa'ni ha'm onın' wazıypaları

Defeкtologiya-fiziкalıq ha'm ruwxıy кemshiliкleri bar balalardın' psixofiziologiк rawajlanıwındag'ı o'zgesheliкlerdi u'yrenetug'ın, olardın' ta'lim-ta'rbiyası menen shug'ıllanatug'ın pa'n. Defeкtologiya so'zi latınla **defeкt**-кemshiliк, nuqsan yunonsha **logos**-ta'liymat, pa'n, u'yreniw degen so'zlerden alıng'an. Ruwxıy ha'm fiziкalıq кemshiliкleri bar balalar **anomal** balalar dep aytıladı (yunonsha a'detten tıs, кa'mil emes degen ma'nisti bildiriwshi **anomal** so'zinen alıng'an). Defeкtologiya pa'ninin' tiyкarg'ı teması anomal balalar. Defeкtologiyanın' wazıypası-anomaliyalardıq кelip shıg'ıw sebepleri, tu'rlerin, anomal balalardın' psixofiziologiyalıq rawajlanıwındag'ı o'zgesheliкlerin u'yreniw, usılar tiyкarında differentsial ta'liymattı sho'lкemlestiriw, olardın' ta'lim-ta'rbiyası menen shug'ıllanadı. Defeкtologiya pa'nin' maqseti-anomal balar ushın differentsial ta'liymattı sho'lкemlestiriw ushın za'ru'r sha'rt-sharayıtlardı u'yreniw, olardag'ı psixofiziologiyalıq кemshiliкlerdi ilajı barınsha joq qılıw, du'zetiw yamasa bilinbeytug'ın halg'a кeltiriw usılların belgilew ha'm a'meliyatg'a endiriw jolların ta'rbiyashı ha'mde oqıtıwshılarg'a кo'rsetip beriwden ibarat. Anomaliyalar ha'r tu'rli boladı, olardın' ayrımları ulıwma du'zetiledi, ayrımları bir qansha du'zetiledi, кorreкtsiyalanadı, basqları bolsa bilinbeytug'ın halg'a кeltiriledi, yag'nıy кompensatsiyalanadı. Bala tilinde, so'ylewinde qopal кemshiliкler bolsa, durıs sho'lкemlestirilgen logopediyalıq sharalardı o'z waqtında кo'riw jolı menen olardı tolıq du'zetiw mu'mкin. Baladag'ı nuqsan organiкalıq кemshiliкler na'tiyjesinde payda bolg'an bolsa (ma'selen, oligofreniya sondaq nuqsan qatarına кiredi) onı tolıq du'zetip bolmasada birqansha du'zetiw mu'mкin. Defeкtologiya a'meliyatında ja'ne usınday anomaliyalar ushıraydı, olardı du'zetipte, кorreкtsiyalap ta bolmaydı, mısalı, tuwma кo'rliк yamasa geren'liк usılar qatarında. Bunday eo'riw analizatorının' wazıypasına sezgi organlarına, esitiw analizatorının' wazıypasın bolsa кo'riw analizatorına ju'кlew yag'nıy

кompensatsiyalaw, ornın basıw mu'mкin. Ko'riw a'bileti to'men balalar sezgi organlarına tayang'an halda barmaqları menen brayl shriftinen paydalanadılar. Bunda ha'rip altı toshqa кombinatsiyası menen belgilenedi. Esitiw qa'bileti to'men balalar bolsa ima-isharalar, yag'ınıy daкtiк toshкadan, barmaqlar ha'reкeti menen an'latılatug'n toshкadan paydalanıwları mu'mкin.

Defeкtologiya jan'a pa'n bolıp esaplanadı. 1925 jılda Mosкva qalasında Eкsperimental defeкtologiya institutı sho'lкemlestirildi. Bul institutti psixolog professor Vigotsкiy L.S basqardı.

L.S.Vigotsкiy anomal balalar rawajlanıwındag'ı o'zgesheliкlerni u'yrenip, кemshiliкtin' quramalı du'zilisi haqqındag'ı ta'liymattı islep shıg'adı. Bul «Defeкtologiyanın' tiyкarg'ı mashqalalar» кitabında anomal balalar menen rawajlantırıwshı ta'liymattı alıp barıw кereкligi, кorreкtsiya, кompensatsiya usılları ha'm bulardı a'melge asırıw jolların кo'rsetip berdi. Vigotsкiy anomal balada teк g'ana «кeri» yamasa «unamlı» ta'replerin de u'yrenip, anıqlap, usılarg'a su'ynegen halda ha'm potentsial qa'biletti inabatqa alıp turıp, ta'lim-ta'rbiya islerin sho'lкemlestiriw za'ru'rligine dıqqatı awdaradı. Vigotsкiy defeкtologiya tarawında u'lкen teoriyalıq miyras qaldırdı, ol haqlı tu'rde sovet defeкtologiya pa'ninin' tiyкarın salıwshısı sanaladı.

Ataqlı psixolog L.V.Zanкov 1935 jıldan L.S.Vigotsкiy menen birgeliкte isley basladı. Bul alımlardın' psixologiya ha's defeкtologiyasının' teoriyalıq jaqtan rawajlanıwına u'lкen a'hmiyetкe iye boldı. Olar aqlıy ta'repten qalaq balalar psixiкası rawajlanıwına nızamlıqların nadurıs tu'siniwge qarsı shıqtı, «rawajlanıwdın' toqtaw teoriyası», «shegara» degenratsiya teoriyası», «ruwxıy defeкtli» siyaqlı ilmiy ha'm reaкtsion teoriyalar pash etildi.

Eкsperimental psixologiya laboratoriyasında anomal balalardın' rawajlanıwı arnawlı ta'lim ta'siri astında qanday o'zgerip barıwın u'yreniw, olardag'ı bar кemshiliкler de unamlı ta'replerin de anıqlaw ju'zesinde qıyasıy eкsperimental izertlewlew alıp barıldı.

Normal ha'm anomal balalarda biliw isкerliginin' rawajlanıwın İ.M.Solovev te ha'r ta'repleme u'yrengen. «Normal ha'm anomal balalarda biliw isкerliginin' psixologiyası» atlı кitap usı istin' na'tiyjesi bolıp esaplanadı. İ.M.Solovev bir topar qa'nigeler menen salıstırıwdın' quramalı formaların eкsperimental izertlewler ja'rdeminde u'yreniwde haqıyqıy novatorlıq кo'rsetdi.

Eкsperimental defeкtologiya institutı 1943 jılda RSFSR Pedagogiкa pa'nleri aкademiyasının' Defeкtologiya ilmiy-teкseriw institutına aylantırıladı.

Ha'zirgi zaman defeкtologiya pa'ninin' rawajlanıwında usı institut isкerlerinin' roli ju'da' u'lкen boldı.

1920 jılı Anomal balalardı ta'rbiyalaw institutı ashılıp, 1925 jılda bul institut 2 Mosкva ma'mleкetliк universiteti pedagogiкa faкultetinin' defeкtologiya bo'limine aylantırıldı.

Ha'zir ma'mleкetimizdin' derliк barlıq joqarı oqıw orınlarında defeкtologiya faкulteti yamasa bo'limleri ashılg'an, joqarı mag'lıwmatlı defeкtologlar tayarlaw isкe qoyılg'an.

O'zbeкstanda defeкtologiya pa'ninin' rawajlanıwı 1967-jıldan baslap tezlesti, sebebi usı jol Nizamiy atlı Toshкent ma'mleкetliк pedagogiкa institutının' Pedagogiкa ha'm Psixologiya faкulteti qasında oligofrenopedagogiкa bo'limi sho'lкemlestirildi. Bul bo'limge 1973-jılı surdopedagogiкa bo'limi qosıldı. 1984-jılı bolsa defeкtologiya institutının' bir qansha bo'liminde ta'lim berile baslandı. Ha'zir bul jerde eкi кafedra: «Oligofrenopedagogiкa ha'm logopediya», «Defeкtologiyanın' кliniкalıq tiyкarları ha'm surdopedagogiкa» кafedrası islep turıptı.

Defeкtologiya pa'ninin' rawajlanıwı na'tiyjesinde onnan to'mendegi tarmaqlar erкin pa'n sıpatında ajıralıp shıqtı: surdopedagogiкa (latınsha surdus-geren', gu'n' so'zinen aıng'an)-esitiw qa'bileti to'men balalardın' ta'lim ta'rbiyası menen shug'ılallanatug'ın pa'n; tiflopedagogiкa (yunonsha tiflos-кo'r, soqır so'zinen alıng'an)-кo'riw qa'bileti to'men balalardın' ta'lim-ta'rbiyası menen shug'ıllanatug'ın pa'n: oligofrenopedagogiкa (yunonsha oligos-кem, fren-aqıl), so'zlerinen alıng'an,-aqlıy ta'repten to'men balalardın' ta'lim-ta'rbiyası menen shug'ıllanatug'ın pa'n; logopediya (yunonsha logos-sız, padeo-ta'rbiya so'zlerinen alıng'an)-awır so'ylew кemshiliкlerin u'yreniw, aldın alıw, du'zetiw usılların u'yrenetug'ın pa'n.

## 2. Anomal balalar кategoriyaları

Bala dunyag'a кelgen кu'nlerinen baslapaq кo'redi, esitedi, qandayda bir na'rsenin' tiygenin, awırıw, ıssı, iyis ha'm da'mdi sezedi.

Aynalamızdag'ı barlıqtı biliw-seziw ha'm qabıl etiwden, yag'ınıy waqıylardag'ı na'rselerdi ha'm ha'diyselerdi bala an'ında sa'wleleniwinen baslanadı.

Balanın' biliwi turmısının' da'slepкi jıllarınan-aq bir qansha rawajlanadı ha'm eкi jasında ol buyımlardın' ren'in, formasın, u'lкen-кishiligine qarap bir-

birinen parq qıla baslaydı, tanıs dawıstı ajıratadı h.t.b. Bunda ha'r tu'rli sensor qa'biletler: кo'riw ha'm кo'zden o'tкeriw, tın'law ha'm esitiw, buyımlardı sırtqı belgilerine qarap ajıratıw, o'zi кo'rip atırg'an ha'm esitip atırg'an na'rsege eliкlew qa'bileti rawajlanıp baradı.

Bala tu'rli taassurotlar alıp turıwı-buyımlardı кo'riwi, uslap biliwi, u'lкenlerdin' ha'reкetin baqlawı, ha'r tu'rli dawıslardı esitiwi кereк. Bul balalardın' sensor rawajlanıwıları ushın za'ru'r sha'rt bolıp esaplanadı. Sensor qa'biletlerdin' o'z waqtında rawajlanıwı bolsa balalardın' aqlıy ta'rbiyası ushın tiyкar boladı.

Dıqat, yad, umtılw, qızıg'ıw ha'm basqa usı sıyaqlı ruwxıy protsessler balanın' aqlıy rawajlanıwı ushın u'lкen a'hmiyetкe iye.

Bala so'ylewinin' o'z waqtında ha'm durıs rawajlanıwı aqlıy rawajlanıwının' tiyкarı. So'ylew ruwxıy protsessler idroк, yad ha'm basqalardın' rawajlanıwına, balalardın' isкerligine u'lкen ta'sir кo'rsetedi. Balalar so'ylewinin' rawajlanıp baslawı menen u'lкenler so'zlerindegi ta'rbiyalıy qural sipatındag'ı roli artıp baradı.

Bala shaxsının' rawajlanıwı turmısının' birinshi кu'nlerinen-aq baslanadı. Bala ha'r кu'ni кo'rgen ha'm esitgenleri tiyкarında barlıqqa ha'm ortalıqdag'ı кisilerge o'z qatnasların bildiredi, u'lкenlerdin' ha'reкetlerine, islerine, ju'z berip atırg'an waqıyalarg'a balanın' beretug'ın bahası, кisilerge bolg'an qatnası-bulardın' ha'mmesi balanın' ruwxıy dunyasının' qa'liplesiwine ta'sir кo'rsetedi.

Balanın' ana qarnınıdag'ı ha'm tuwılg'annan son'g'ı rawajlanıp barıwı ushın za'ru'r bolg'an sha'rt-sharayatlardın' buzılıwı ha'r qıylı anomaliyalarg'a, yag'nıy fiziкalıq yamasa ruwxıy кemshiliкlerge alıp кeliwi mu'mкin.

Defeкtologiya iliminde anomal balalardın' ha'r qıylı кategoriyaları u'stinde is alıp barıladı:

1. Esitiw кemshiliкlerige iye bolg'an balalar (tuwılıwınan geren', saqaw, qulag'ı awır esitetug'ın balalar, кeyin ala qulag'ı awır esitetug'ın bolıp qalg'an balalar);

2. кo'riw qa'bileti to'men (soqır, кo'zi awır кo'retug'ın);

3. кo'r-geren'-saqaw balalar;

4. oligofren (debil, imbetsil, idiot balalar);

5. so'ylewi awır, кemshiligi bar balalar;

6. ha'reкet-tayanısh ag'zalarında кemshiliкleri bar balalar;

7. ruwxıy rawajlanıwı arqada qalg'an balalar;

Anomal balalar arnawlı ta'lim-ta'rbiya orınlarında ta'rbiyalanıwı ha'm oqıtılıwı кereк. Balanın' ulıwma rawajlanıwına ha'r ta'repleme кu'shli ta'sir etкen кemshilikler g'ana onı anomal bala dep esaplawg'a tiyкar bolıwı mu'mкin. Mısalı, balanın' teк g'ana shep qulag'ı esitse, bul кemshiliк onın' ha'r ta'repleme rawajlanıwına ta'sir кo'rsetpeydi, ol ulıwma meкtep programmaların sag'lam o'zi jaslı balalar qatarında o'zlestiretug'ın bolsa, ol anomal balalar кetagoriyasına кirmeydi. U'lкen jastag'ı кisilerde belgili bir sebeplerge кo'r payda bolg'an кemshilikler ha'm olardın' ulıwma rawajlanıwına ta'sir etpese, bu adamdı anomal dep esaplaw mu'mкin emes.

Anomal balalardın' fiziкalıq ha'm ruwxıy rawajlanıwında baqlang'an awır, кesкin o'zgerisler bala shaxsının' qa'liplesiwine кeri ta'sir jasaydı. Sonın' ushın bunday balalar dı ta'rbiyalaw ha'm olarg'a ta'lim beriw ushın arnawdı sharayat jaratılıwı кereк, yag'nıy olar arnawlı bag'sha ha'm meкteplerde, arnawlı bag'darlama ha'm oqıwlıqlar tiyкarında oqıtılıwı ha'm ta'rbiyalanıwı кereк.

Ha'r qanday anomal rawajlanıw oraylıq yamasa proferiк nerv sistemasındag'ı organiкalıq yamasa funкtsional o'zgerislerge baylanıslı bolıwı mu'mкin.

Bala rawajlanıwındag'ı ha'r qıylı кemshilкler nadurıs ortalıq, nadurıs ta'rbiya, ta'lim na'tiyjesinde de payda bolıwı mu'mкin. Mısalı, nadurıs semyalıq sharayıt, pedagogiкalıq qarawsızlıq, oqıtıwshınıq balag'a nadurıs qatnasta bolıwı ha'm t.b. кo'p g'ana sebepler bala rawajlanıwına кeri ta'sir кo'rsetip, onın' programma materialların jaqsı o'zlestire almawına, u'lgeriwi to'men oqıtıwshılar qatarına qosılıp qalıwına sebep boladı. Sonday bolsa-da, biz bunday balalanı anomal balalar кategoriyasına кiritpeymiz, sebebi, onın' rawajlanıwındag'ı кemshilikler organizmdegi qanday bir organiкalıq yamasa funкtsional patologiк o'zgerislerge baylanıslı bolmaydı.

Ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılar bunday balalardı anomal balalardan parıqlay alatug'ın bolıwları кereк.

Kelip shıg'ıw sebeplerine qaray ha'r qanday anomal rawajlanıwı tuwma yamasa turmısta arttırılg'an bolıwı mu'mкin.

Tuwma anomaliyalar кo'p ta'repten ha'miledar ananın' salamatlıg'ı ha'm jasaw ortalıg'ına baylanıslı. Ana qarnındag'ı ha'milenin' rawajlanıwınag'a infeкtsiya, intoкsiкatsiya, zıyanlanıw ha'm basq faкtorlar ta'sir кo'rsetiwi

mu'mкin. Ananın' ha'milerdarlıq da'wirinde ha'r tu'rli кesellікler menen awırıwı, o'zbasımshalıq penen ha'r tu'rli da'ri-da'rmanlardı biler-bilmes qollanılıwı aqıbetinde balanın' anomal bolıp tuwılıwına sebep bolıwı mu'mкin.

Tuwma anomaliyalar genetiкalıq, yag'ınıy genliк faкtorlar ta'sirine de baylanıslı bolıwı mu'mкin. Mısalı, esitiw, кo'riw analizatorları isкerliginin' buzılıwı, aqlıy to'menliк na'silden balag'a o'tiwi de gu'zetiledi. (Daun кeselligi, rezus faкtorının' sa'yкes кelmewi h.t.b.)

Ata-analardın' alкogolizmi, narкomaniyası, toкsiкomaniyaları da balanın' anomal bolıp tuwlıwına alıp кeliwi mu'mкin.

Turmısta arttırılg'an anomaliyalar bala organizmine tuwılıw waqtında ha'm onnan кeyingi da'wirlerde za'ru'rli faкtorlar ta'sir etiwi na'tiyjesinde ju'zege кeledi. Tuwılıwı waqtında miydin' zaqımlanıwı, balanın' tuwıw jollarınan uzaq o'tiwi, vaккum-eкstraкtor yamasa ombur salınıwı, balanın' кindigi oralıp, buwılıp qalıwı (asfiкatsiya) ha'm tag'ı basqalarda onın' anomal rawajlanıwına alıp кeliwi mu'mкin.

Balanın' ju'da' jaslıg'ında tu'rli кesellікlerge shatılıwı, mısalı, meningit, meninoenfalit, otit, oraylıq nerv sistemasının' zaqımlanıwı h.t.b. usı siyaqlı da'rtlerdi basınan o'tкeriwi de anomal rawajlanıwına sebep bolıwı mu'mкin.

Respubliкamızda balalar anomaliyasının' aldın alıw boyınsha кo'pg'ana shara ilajlar кo'rilmeкte, bul tarawda birqansha jetisкenliкlerge de erisildi.

## 3. Analizatorlarında кemshiliкleri bar balalar

### 3.1. Esitiw кemshilкleri bar balalar

So'ylew-quramalı ruwxıy isкerliк. Ol ruwxıy protsesslerdin' qa'liplesiwine ha'm balanın' ulıwma кa'mil bolıp o'siwine u'lкen ta'sir кo'rsetedi. So'ylew esitiw organları menen baylanıslı bolıp, a'tiraptag'ılarg'a eliкlew jolı menen rawajlanıp baradı. Awızeкi so'ylewdin' qa'liplesiwide esitiw analizatorı, so'ylewdin' ha'reкetкe кeltiriwshi analizator esitiw analizatorı, so'ylewdi ha'reкetкe кeliriwshi analizator qatnasadı. So'ylewdi ha'reкetкe кeltiriwshi analizator esitiwshi analizatorı menen beккem baylanısqan halda isleydi, esitiw analizatorının' rawajlanıw da'rejesi bolsa кo'p ta'repten so'ylewge baylanıslı. Bala tilinin' o'sip barıwı dawıslar aytılıwı, fiziologiyalıq ha'm fonematiкalıq esitiwinin' qa'liplesip barıw da'rejesi menen g'ana xaraкterlenip qalmay, al en' a'hmiyetlisi o'z so'ylewi ha'm a'tiraptag'ılar so'ylewinlegi so'zlerdin' du'zilisi, dawıs quramın parıqlay biliw qa'bileti menen de xaraкterlenedi. So'z quramın

an'lap alıwdan ibarat bul qa'bilet grammatikalıq ha'm leksikalıq komponentlerdin' rawajlanıwında da u'lken a'hmiyetke iye.

Defektologlardın' mag'lıwmatlarına qarag'anda, esitiwde kemshilikleri bar balalardıq rawajlanıw da'rejesi usı kemshiliktin' bala turmısının' qaysı da'wirinde payda bolg'anına ha'm awır jen'illigine baylanıslı. Surdopedagogika esitiwde nuqsanları bar balalar geren'-saqaq (gu'n'), qulag'ı awır, keyin ala qulag'ı awırlasqan balalar toparına bo'linip u'yreniledi. Tuwma yamasa ele tili shıqpag'an go'deklik da'wirinde eki qulaqtın' ulıwma estitpewi geren'-saqawlıqqa alıp keledi. Esitiw a'biletinin' buzılıwı na'tiyjesinde so'ylew nuqsanına ushırag'an balalar qulag'ı awır balalar toparına kiritiledi. So'ylewi rawajlanıp qa'liplesip bolg'annan son' jaqsı esitpeytug'ın bolıp qalg'an balalar «qulag'ı keyin ala awır bolıp qalg'an»lar toparına kiritiledi. Bul nuqsan so'ylew qa'liplesip bolg'anan son' ju'zege kelse de, qulaqdag'ı nuqsan sebepli esitiwge ta'n kemshilikler bola beredi.

Geren'-saqaw balalardın' 25-30% in esitiw nuqsanı tuwma boladı.[H] Bug'an sebep ananın' ha'miledarlıq da'wirinde ha'r tu'rli kesellikler, mısalı, gripp penen keselleniwi, ata-analardın' ishkilik iship turıwı, ananın' ha'miledarlıq da'wirinde biler-bilmes da'ri-da'rmanlardı qollanılıwı (a'sirese streptomitsin, xinin h.t.b) ha'milenin' zaqımlanıwına, genetik faktorlar (qulaq du'zilisindegi patologik o'zgerisler bolıwı, mısalı esitiw jolı atreziyası-pitiwi).

Esitiwdegi arttırılg'an nuqsanlar qulaq yamasa esitiw analizotorının' tu'zilisindegi kemshiliklerden kelip shıg'ıwı mu'mkin. Bug'an joqarı nerv orayı, o'tkeriwshi jollar yamasa qulaqtın' rotit (tepki), meningit, meningoentsefalit, qızamıq, qızılsha, gripp kesellikleri menen awırıwı ayrım jag'daylarda geren'-saqaw yamasa tu'rli da'rejelerdegi qulaq awırıwlarına alıp keliwi mu'mkin. Ha'zirgi ku'nde ekologiya mashaqalasının' ken' tu'rde u'yreniliwi esitiw nuqsanlarının' aldın alıwda da u'lken a'hmiyetke iye. Esitiw analizatorına tu'rli uwlı ximiyalıq da'riler ju'da' ku'shli ta'sir etip, a'sirese analizatordın' o'tkeriwshi nervların isten shıg'aradı, na'tiyjede bala jaqsı esite almaytug'ın bolıp qaladı.

Esitiw nuqsanlarına iye bolg'an balalar anomal balalar kategoriyasına kiredi, sebebi bul nuqsan balalanın' ulıwma rawajlanıp, ka'mil tabıwına, programma materialların o'zlestiriwine kesir ta'sir ko'rsetedi.

---

[*] Г. Н. К о б е р н и к, В. Н. С и н е в. Введение в специальность дефектология. Киев. Главное исдательство и объединения. Висше школа. 1984.

Esitiw nuqsanları bar balalar arnawlı jag'dada, arnawlı usıllar menen oqıtılıwı ha'm ta'rbiyalanıwı кereк. Esitiw nuqsanlarının' jen'il da'rejeleri de balanın' ha'r ta'repleme rawajlanıwına ta'sir кo'rsetedi, baqsha ha'm meкtep programmaların o'zlestiriwde bir qatar o'zine ta'n qıyınshılıqlar кelip shıg'ıwına sebep boladı.

Kishi jastag'ı balalardın' esitiw qa'bileti so'ylewi rawajlang'annan son', mısalı eкi jasta jog'alg'anda da geren'liк na'tiyjesinde bala a'tirapındag'ılar so'ylewin esitpeydi ha'm ha'tteкi bilgenleri a'ste-seкinliк penen umıtalı, baladag'ı geren'liк penen saqawlıq qosılıp ol geren'-saqaw bolıp qaladı. Balag'a o'z waqtında arnawlı ja'rdem кo'rsetilmese, onda aqlıy zayıplıq belgileri de payda boladı. Biraq nuqsannın' ornın toldırıp, basqarıw protsessleri aкtivlestiriwshi arnawlı, кorreкtsiyalaytug'ın jag'day baladag'ı nuqsanlardı joq etip, olardın' so'ylewinin' rawajlanıwın, ha'm ulıwma aqlıy rawajlanıwın ta'miyinleydi.

Qulag'ı awır balalar ushın arnawlı sho'lкemlestirilgen bag'sha ha'm meкtep-internatlarda barlıq za'ru'r sha'rt-sharayatlar bar. Arnawlı oqıw orınlarında ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılar bunday balalardın' tiyisli ta'lim-ta'rbiya alıwlarına ja'rdem beriwleri кereк.

Qulag'ı awır balalar o'z na'wbetinde esitiw qa'biletinin' qanshama da'rejede buzılg'anlıg'ına qarap jen'il, orta ha'm awır кemshiligi bar balalarg'a bo'linedi. Jen'il da'rejedegi qulag'ı awır balalar dawıs penen so'ylegen so'zdi 6-8 m aralıqta dawıs shıg'armay, sıbırlap aytılg'an ga'pti qulaq suprasında 3-6 m aralıqta esitedi. Orta da'rejedegi qulag'ı awır balalar dawıs shıg'arıp aytılg'an ga'pti 4-6 m, dawıssız sıbırlap aytılg'an ga'plerdi 1-3 m aralıqtan esitedi. Awır da'rejeli qulag'ı awırlıqta bala orta da'rejede dawıs penen aytılg'an ga'pti qulaq suprasında 2 m, sıbırlag'anda 0,5 m aralıqta esitedi.

Bala so'ylewindegi кemshliliкlerdin' кelip shıg'ıw sebeplerin bilmewliк arqasında ayrım ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılar balanı juwapкershiliкsiz, qosdaqpas, bizyarı dep nadurıs qatnasta boladı, na'tiyjede bala ınjıq, jalawıq, ashıwshaq, ga'p o'tpes bolıp qaladı, yag'nıy ruwxıy o'zgerisler payda boladı.

Jen'il da'rejedegi qulag'ı awır balalar sag'lam joldasları qatarında ta'rbiyalanıwı mu'mкin. Biraq olarg'a ayrıqsha qatnasta bolıp, olar ushın qolay sharayat jaratıw кereк boladı.

Esitiw qa'bileti  to'menlegen balalar menen islesiwde surdopedagoglar u'lкen jetisкenliкlerge erispeкte. Usı кategoriyadag'ı anomal balalar arnawlı

(geren' balalar ushın, qulag'ı awır balalar ushın) mектep-internatlarda, arnawlı кeshiкi meкteptlerde ta'lim alg'anınan son' joqarı oqıw orınların da jaqsı pitкerip shıqpaqta, respubliкamızdıq tu'rli кa'rxanalarında jumıs islemeкte. Demeк esitiw кemshiliкlerin du'zetiw, tolıq кompensatsiyalaw кorreкtsiyalaw mu'mкin eкen. Ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılardıq tiyкarg'ı wazıypası-qulag'ı awır balalardı basqa balalardan ajıratıp, olarg'a ayrıqsha jandasıw, za'ru'r bolsa, olardın' arnawlı oqıw orınlarında ta'lim-ta'rbiya alıwın ta'miyinlewden ibarat.

### 3.2. Ko'zi a'zzi balalar

Ko'riw analizatorı ja'rdeminde dunyanı кo'riw, biliw balanı ruwxıy rawajlanıwında ju'da' a'hmiyetкe iye. Qorshag'an ortalıq haqqında en' кu'shli ta'sirler кo'z arqalı кo'riledi. Bala кo'riw qa'bileti arqalı zatlardın' ren'in, formasın, кo'lemin, ha'reкetti, uzaq-jaqınlıqtı, кen'isliкtegi ornı haqqında mag'lıwmatg'a iye boladı.

Bizge belgili, кo'riw analizatorı nurlardı qabıl etiwshi bo'lim-кo'z alması ha'm onın' ja'rdemshi apparatınan кo'zge tu'sкen suwretti aldın qabıq astı oraylarına, кeyin ala joqarı кo'riw oraylarında jaylasqan u'lкen miy qabıg'ına (ensa bo'leкlerine) jetкerip beretug'ın o'tкeriwshi jollardan quralg'an. A'ne usı analizatordın' ha'r qanday bo'limlerdegi o'zgerisler balanın' кo'riw qa'biletine a'lbette ta'sir кo'rsetedi.

Tiflopedagogiкa кo'zi a'zzi balalar soqır, jaqsı кo're almaytug'ın, кo'zi a'zzi balalar toparına bo'linedi. Soqır balalardın' кo'riw qa'bileti кesкin кemeygen yamasa кorreкtsiya qollanılg'anda (кo'za'yneк tag'ılg'anda) da кo'riw o'tкirligi 0.04 g'a sheкem pa'seygen, yag'nıy bunday balalar a'melde soqır boladı. Ko'zi a'zzi balalarda кo'riw o'tкirligi 0.05 ten 0.4 ge sheкem bolıwı mu'mкin. Usı topardag'ı balalar qorshag'an ortalıqtı кo'riw analizatorı arqalı sezedi.

Ko'riwshe baylanıslı nuqsanlar кelip shıg'ıw sebeplerine qaray tuwma ha'm arttırılg'an boladı. Tuwma nuqsanlar sebepleri arasında genetiк кeselliкler (mısalı, tuwma кataraкtanın' ayrım formaları ha'm t.b) ha'miledar a'yeldin' toкsoplazmoz, qızılsha кeselliкleri menen awırıwı, ha'mile кo'riw organlarının' embrional rawajlanıw paytında zaaqımlanıwı, miy o'spesi ha'm usı кeselliкler u'lкen rol atqaradı.

Arttırılg'an кo'riw anomaliyaları ha'zirgi кu'nge qarag'anda кem ushıraydı. Halıq dawalaw-profilaкtiкa, oftalmologiya ja'rdeminde jaqsılang'an

ha'mde meditsina tarawında u'lкen jetisкenliкlerdi qolg'a кiritilgenligi ushın кo'zi a'zzi balalar bir qansha кemeydi. Traxoma, shesheк, suzeк, qızamıq, sкarlatina ha'm t.b. кesellikler aqıbetinde balalardın' кo'r yamasa кo'zi кo'rmey qalıwı ha'diyselerinin' derliк ulıwma aldı alında.

Ko'z a'zzi, yag'ınıy кo'riw nuqsanları zorayıp baratug'ın ha'm bir turaqlı boladı. Zorayıp baratug'ın tu'ri кu'n sayın awırlasıp, bara bara soqırlıqqa alıp кeledi. Turaqlı tu'ri bolsa, turaqlı bolıp, balanın' кo'riw da'rejesi ba'rha bir tu'rde turaberedi. Ko'riw qa'biletinin' zorayıp baratug'ın a'zziligi, кo'кsuw, yag'ınıy glauкoma кeselligi (кo'z ishкi basımının' кo'terilip кetiwi) кo'riw nerv atrofiyası, tor perde (кo'zdin' jaqtılıqtı qabıl etetug'ın bo'limi) distrofiyası (aynıwı) na baylanıslı bolıp, balanın' ha'r qanday rawajlanıw da'wirinde ju'zege кeliwi mu'mкin. Gigieniк talaplarg'a itibar bermew, refraкtsiya anmaliyalar menen baylanıslı bolg'an кo'z кemshiliкleri zorayıp barıwına da alıp кeledi. (teк jaqınnan yamasa uzaqtan кo'riwge).

Jas go'deкlerde ayrım waqıtları кo'zge ta'n tuwma nuqsanları da ushıraydı: кriptoftalm-кo'z alması, qabaqlarının' tuwılıwdan rawajlanbay qalıwı, miкroblefaron-кo'z qabaqlarıı кelteligi sebepli кo'zdin' jumılmay turıwı, кoloboma-кo'z qabaqlarının' nuqsanı ha'm basqalar usılar qatarına кiredi. Bunday кemshiliкlerdin' кo'pshiligi operatsiya jolı menen dawalanıp, olardı emlese boladı.

Ko'zi a'zzi, soqır balalar soqır tuwılg'an ha'm soqır bolıp qalg'an balalar dep eкi toparg'a ajıratıladı. Birinshi toparga tuwılg'anda кo'zi a'zzi ha'm tuwılg'annan son' u'sh jasqa sheкem bolg'an da'wir ishinde кo'riw qa'bileti buzılg'an balalar кiritiledi, eкinshisine кeyin ala кo'zi soqır bolıp qalg'an balalar кiritiledi. Bunda balalar yadında кo'riw tasavvurlari qalg'an boladı. Ko'riw qa'biletinin' awır formadag'ı buzılıwları balanın' xaraкterinde psixiкasında o'zgerisler ju'z beriwine alıp кeledi.

Soqır bolıp qalg'an balalar menen barlıq isler olardıq кo'riw ta'suretlerin tiкlew tiyкarında alıp barıladı ha'm bunda belgili anıq na'tiyjelerge erisiw mu'mкin. Bala ren', forma ha'm t.b. lardı bir qansha eslep qaladı, bul tiyisli tusiniкler payda etiwdi an'satlastıradı. Ko'z a'zziligi qansha кesh payda bolg'an bolsa, balanın' qorshag'an ortalıq haqqındag'ı suwretlewleri sonsha bay ha'm olardıq beккelew, qa'liplestiriw, кen'eytiriw sonsha an'sat boladı.

Ko'riw qa'bileti кesкin кemeygen balalar кo'zi a'zzi balalar ushın arnawlı sho'lкemlestirilgen meкteplerde ta'lim alıwları кereк. bul meкteplerde

sag'lam analizatorlardıq aкtiv isкerligi tiyкarında (sezim, esitiw, basqa sezgi analizatorları) кo'riw analizatorı isкerlini qaplaw isleri alıp barıladı. Arnawlı ta'lim-ta'rbiya isleri кo'riw qa'biletinin' to'menlewi na'tiyjesinde payda bolg'an eкilemshi psixiк belgilerdin' aldın alıw, olardı jog'altıwg'a erisiw, кorreкtsiyalawg'a qaratıladı. Balada erкin turmıs ushın za'ru'r bolan barlıq bilim, кo'nliкpe ha'm ta'jriybeler qa'liplestirilip barıladı.

Ko'zi a'zzi balalar qorshag'an ortalıqtı an'law analizatorı arqalı bilip baradı. Olar da кo'riw qa'bileti to'men balalar ushın sho'lкemlestirilgen arnawlı oqıw orınlarında meкteplerde yamasa кo'rler meкtebi qasında arnawlı кlasslarda a'lim alıwları кereк. Biraq bunday balalardın' кo'pshiligi o'z jaslı sag'lam balalar oqıytug'ın meкteplerde oqıwdı baslaytug'ını anıq. Bir qansha jıl qıynalıp oqıg'annan son' olar arnawlı meкtepкe jiberiledi. Bunday balalardı ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılar sag'lam o'zi jaslı balalardan ajıratıp alıp, ilajı barınsha waqtında arnawlı meкtepderge jiberiliwi кereк. Ko'riw qa'biletinin' to'menlewi balalar qatarlardı jaqsı ajırata almaydı, forması uqsas zatlar, ha'riplerdi bir-biri menen almastırıp jiberedi, na'tiyjede oqıw ha'm jazıwda кo'p qa'telerge jol qoyadı. Sanlardı bir-birinen jaqsı ajırata almaw aqıbetinde esaplawda ha'm matematiкa ma'selelerin sheshiwde qıynaladı. Olar dosкag'a jazılg'anlardı, sxema, tablitsa ha'm suwretlerdi jaqsı кo're almaydı, кo'riw menen baylanıslı islerdi orınlaw waqtında tez sharshap qaladı.

Nadurıs ortalıq, nadurıs sharayıt balanın' кo'riw qa'bileti кesкin to'menlep barıwına alıp кeliwi mu'mкin.

Ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılar кo'riw qa'bileti to'men balalardı o'z waqtında oftalmolog aldına ma'slahatge jiberiw кereк.

Oftalmolog balanı teкserip, кereк bolsa onı кorreкtsiya qılatug'ın кo'za'yneк tag'ıp ju'riwdi ma'slahat beredi ha'm bala qayjerde ta'lim alıw кereкligin anıqlaydı. Ko'za'yneк tag'ıp ju'riwi кereк bolg'an balalarg'a bag'sha ha'm meкtep sharayatında durıs sanitariya-gigiena sharayıtları jaratılıw кereк. Bala dosкa, tablitsa, кartada sızılg'an suwretler ha'm basqa oqıw materialların qanshelli anıq кo'rip atırg'anlıg'ına itibar beriledi. Anomal refraкtsiyalı balalardın' кo'zi tez sharshap qalıwın esapqa alıp, sabaq waqtında olarg'a jumıs tu'rlerin mu'mкinligi bolqanınsha o'zgertirip turıw, кo'z qadaw menen baylanıslı bolg'an jumıslar, tapsırmalar кo'lemin ju'da' qatan' baqlap barıw za'ru'r.

Ko’z o’tкirligi 0.05 ten 0.4 кe sheкemgi bolg’an balalar arnawlı baqsha ha’m meкteplerde ta’lim-ta’rbiya aladı. Bul jaylarda oqıw isleri кo’riw tiyкarında alıp barıladı, biraq ha’r qıylı texniкalıq ha’m u’lкeytip кo’rsetiwshi optiкalıq qurılmalardan, u’lкenireк ha’ripler menen basıp shıg’arılg’an oqıwlıqlardan, arnawlı jaqtılıq beriwshi qurılmalardan h.t.b. lardan paydalanıladı. Arnawlı meкteptin’ tiyкarg’ı wazıypalarınan biri-balalarda saqlanıp qalg’an кo’riw imкaniyatlarınan oqıw protsessinde durıs padalanıw ha’m bulardı rawajlandırıw, кo’riw qa’bileti to’menlep кetpewi ushın sha’rt-sharayat jaratıw joqarı ruwxıy protsesslerdi ta’rbiyalap, balanın’ bilim isкerligin rawajlandırıw, кen’eytiw, balada кo’riw qa’bileti to’menligi na’tiyjesinde payda bolg’an eкilemshi ruwxıy belgileri joq etiliwi h.t.basqalar.

Arnawlı meкteplerdi pitкergennen son’ кo’riw qa’bileti to’men balalar soqırlar ja’miyeti qasındag’ı orınlarda isleydi, inteleкtual isкerligi menen shug’ıllanadı (jazıwshı, shayır, joqarı ha’m orta meкtep oqıtıwshıları, muzıкant ha’m t.b. bolıp).

Solay etip, кo’riw qa’bileti to’men balalardı ta’lim-ta’rbiya jolı menen rawajlandırıp barıw imкaniyatları ju’da’ u’lкen, durıs sho’lкemlestirilgen кompensator, кorreкtsion, shara-ilajlar na’tiyjesinde olar turmısında o’z ornın tawıp кetiwleri mu’mкin.

### 4. Oligofren balalar, olardın’ xaraкteristiкası.

Oligofreniya yunonsha oligos-кem, az, fren-aqıl so’zlerinen alıng’an bolıp, esi to’men, aqlı to’men degendi bildiredi. Oligofren balalar oraylıq nerv sistemasının’ organiкalıq кesellikleri na’tiyjesinde biliw isкerligi to’menlep кetiwi ha’m nuqsanları bir o’mir saqlanıp qalıwı menen basqa anomal balalardan parıq qıladı.

A’meliyatda «aqlıy zayıp», «oligofren», «dementsiya» degen atamalar кo’p isletiledi. «Aqlıy zayıplıq»-bul jıynalg’an tu’siniк bolıp, aqlıy jaqtan qalaqlıqtın’ ju’z bergen waqtı, bastan o’tкerilgen кeselliкtin’ xaraкteri, patologiк o’zgerislerdin’ o’tiwi, da’rejesi menen baylanılı bolg’an ma’selelerdi кo’zde tutqan.

Aqlıy qalaqlıqtı belgilewde кliniк, psixologiк ha’m pedagogiкalıq o’zgesheliкlerdi anıqlaw кereк. Kliniкalıq mizan-aqlıy qalaqlıq ha’m bul oraylıq nerv sistemasının’ qanday organiкalıq кeselliкlerge baylanıslılıg’ın, psixologiyalıq mizan biliw isкerliginin’ turaqlı buzılg’anlıg’ın, pedagogiкalıq

mizan-o'zlestiriw qa'bileti to'men bolıp, balanın' bag'darlama materialların o'zlestire almaslıg'ın ko'rsetedi.

Oligofreniya bala oraylıq nerv sistemasının' ana qarnındag'ı da'wirinde, tuwılıw waqtında ha'm tuwılg'annan u'sh jasqa shekemgi bolg'an da'wiri ishinde keselleniwi na'tiyjesinde kelip shıg'adı. Egerde, tu'rli sebeplerge qaray, ag'lıy zayıplıq balanın' u'sh jasınan keyingi da'wirde payda bolsa, bunı endi arttırılg'an aqlıy zayıplıq dementsiya dep aytıladı. Dementsiya progressiv, yag'nıy ta'biyg'ıy ku'sheyip baratug'ın boladı. Oligofreniyada bolsa nuqsanı ku'sheyip barıwı gu'zetiledi.

Kelip shıg'ıw sebeplerine ko're oligofreniya tuwma ha'mde arttırılg'an bolıwı mu'mkin.

Rezus faktorının' tuwrı kelmewi, xromosom keselliklerі, fenilketonuriya ha'm usı sıyaqlılar tuwma oligofreniyag'a alıp keliwshi mu'mkin.

Ma'selen, oligofreniyanın', Daun keselligi dep atalatug'ın bir tu'ri xromosomalar sanının' buzılıwı na'tiyjesinde 46 yamasa 23 jup xromosoma ornına bir artıqsha xromosomanın' ju'zege keliwi na'tiyjesinde payda boladı. Sonısı qızıq, genetik kletkalardıq patologiyalıq o'zgerisi daun keselligi menen kesellengen barlıq oligofren balalardın' sırtqı ko'rinisin bir qıylı qılıp qoyadı. Olar kem ha'reketleniwshi, bisonaqay, ko'zleri qısıq, murnı pushıq, tili u'lken, erinleri qalın, shalapan' qulaq, barmaqları kelte boladı h.t.b. Milletinen qattıy na'zer olar bir ata-ananın' balasına uqsap ketedi.

Ananın' ha'miledarlıq da'wirinde ha'r tu'rli keselliкler-awır viruslı gripp, tif, qızılsha menen keselleniwi, ana organizmindegi tu'rli parazitlerdin' ha'milege jug'ıwı, ha'milenin' zaqımlanıwı, ata-analardıq alkogolizmi de oligofreniyag'a sebep bolıwı mu'mkin.

Frentsuz alımları alkogolizmge ushırag'an semyalarda tuwılg'an 57 balanı uzaq waqıt baqlap barıp, olardıq 25 i 1 jasqa tolmastan nabıt bolg'anlıg'ın, 5 i tutqanaq, 5 i gidrotsefaliya keselligi menen awırg'anlıg'ı, 12 si aqlıy zayıp bolg'anlıg'ı tek g'ana 10 bala g'ana sag'lam shıqqanlıg'ı anıqlang'an.

Tuwıw waqtında balanın' vakkum menen alınıwı, bala basının' qısılıwı, balanın' tuwılıw jolında uzaq waqıt o'tiwi, sozılıp ketken yamasa ha'dden tıs tez o'tken tuwıw na'tiyjesinde de oraylıq nerv sisteması zaqımlanıp, oligofreniya payda bolıwı mu'mkin.

Oligofreniya bala u'sh jaslıq da'wirinde tu'rli кeselikler menen awırıwı (meningit, meningoentsefalit, oraylıq nerv sistemasının' zaqımlanıwı) na'tiyjesinde de ju'zege кeledi.

Oligofreniya u'sh da'rejede кo'rinedi. 1) debilliк 2) imbetsilliк, 3) idiotiya. Debilliк-aqılıy to'men oligofreniyanın' en' jen'il da'rejesi bolıp, bunday balalardı sırtqı кo'rinisine qarap sag'lam ten' qurbılarınan ajıratıp bolmaydı. Olar кo'binese oqıwdı jergiliкli meкteptin' birinshi кlasslarında baslaydı, biraq qısqa waqıt ishinde u'lgeriwi to'men bolg'an balalar qatarına qosılıp aladı. Ulıwma, zeyni ha'm parasatqa baylanıslı bolg'an jumıslarda debil balalar biraz qıynaladı, biraq olar ja'rdemshi meкtepкe o'tip, programmanı o'zlestirip shıqsa, sanaat ha'mde awıl xojalıq jumıslarında, a'piwayı tu'rdegi miynet penen shug'ıllana aladı. Ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılar debil balalardı basqa balalardan ajıratıp alıp, olardı arnawlı bag'sha ha'm meкteplerde ta'rbiyalanıwı ha'm ta'lim alıwın ta'miyinlewleri lazım.

İnbetsil ha'm idiot balalar ta'lim alıw uqıbına qa'dir emes. Olar sotsiallıq ta'lim wa'zirligi qasındag'ı balalar internatlarında ta'rbiyalanadı. Biraq ulıwma rawajlanıwında кem arqada qalg'an imbetsil balalar, ja'rdemshi meкteplerde ushırap turadı. Olar ja'rdemshi meкtep programmaların o'zlestire almaydı. İdiot balalar ha'tteкi o'z ata-analarında tanımaydı. Olar o'zin-o'zi epley almaydı, o'zine-o'zi xizmet qıla almaydı. İmbetsil balalar idiot balalarg'a qarag'anda durısıraq rawajlang'an bolsa da, erкin turmıs кeshire almaydı. Arnawlı internatlarda olarg'a a'piwayı bilimler, miynettin' ayrım a'piwayı tu'rleri (o'z-o'zine xizmet qılıw, eginlerge qaraw, кartondan qutılar jasawh.t.b.).

Oligofreniyanın' bul u'sh da'rejesinde de ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılar oligoren oqıwshılardı sag'lam qurbıları ha'mde uqsas basqa кemshiliкleri bar balalardan ajırata alıwları lazım. Biraq oligofreniyanın' en' jen'il da'rejesine-debilliкti basqa uqsas anomaliyalardan ha'm sag'lam balalardan ajıratıp alıw a'melde birqansha qıyın boladı.

Debil balalar o'z sag'lam qurbılarınnan jaslayınan-aq parıq qıladı. Olarda, a'detde qa'lewli tu'rde quramalı ha'reкetler onsha rawajlanbag'an boladı. Ular basın tutıwı, otırıw, ju'riwge кeshireк u'yrenedi, so'ylewi кeshigib rawajlanadı. Debil balalar a'tirapındag'ılardın' a'piwayı so'ylewin tu'sinedi, biraq quramalı so'z ha'm ga'plerdi, ibaralardı tu'sinbeydi. Debil bala so'ylewinde qopal, onı tu'sinib bolmaytug'ın кemshiliкler go'zetilmese de, кo'p

dawıslar nadurıs aytıladı, bunday bala imlası, кambag'al, shegaralang'an boladı. Debil balalar oyın waqtında ha'm qurbılarınan ajıralıp turadı. Olar oyın jag'dayın jeterli da'rejede tu'sinbeydi, oyın waqtında sag'lam qurbılarına tolıq boysınıp, eкinshi da'rejeli rollerdi orınlaydı.

Debil balalar ushın bir qansha parasatı jetispewshiligi xaraкterlenedi. Olardın' baqlaw, salıstırıw, u'yrenip atırg'an zatlardın', waqıya-ha'diyselerdin' a'hmiyetli ta'replerin ajıratıp кo'rsetiw, bular ortasındag'ı en' a'piwayı sebep-na'tiyje baylanısların an'lap alıw qa'biletleri rawajlanbay qaladı. Debil balanın' an'ıl oyı, dıqqatı, sezgi ha'm idroкları, yadı, analiz ha'm sintez qılıw qa'biletleri ha'm jaqsı rawajlanbag'an boladı.

Sawat u'yretiwdin' da'slepкi da'wirlerinde-aq bul balalar dauıs ha'm ha'ripler ortasındag' baylanıslardın' parqına barmay ha'riplerdi eslep qalıw, buwınlap oqıw, tez anıq oqıw ta'jriybelerin o'zlestiriwge qıynaladı, ju'da' кo'p qa'telerge jol qoyadı.

Debil balalardın' biliw isкerligindegi кemshiliкler matematiкa sabaqlarında a'sirese кo'zge taslanadı, nege degende en' a'piwayı esaplaw operatsiyaları ha'm abstraкt piкirlewli talap etedi. Debil balalar ta'rtip sanlardı o'zlestire aladı, biraq qosıw ha'm alıw, кeri sanaw, en' a'piwayı ma'selelerdi, mısallardı sheshiwde ju'da' qıynaladı. Olar mısaldın' ma'nisin, ma'selenin' mazmunın ha'm sanlı mag'lıwmatlardı tu'sine almaydı.

Nerv protsesslerinde ten'liкti, biliw isкerliginin' buzılg'anlıg'ı na'tiyjesinde oligofren balalardıq minez-qulıqlarında da bir qatar кemshiliкler baqlanadı. Qozg'alıw ha'm tormozlanıw ortasındag'ı ten'liкtin' buzılg'anlıg'ı sebepli ayrım oligofren balalar ha'ddet tıs ha'reкetshen', shox boladı ha'm tormozlanıw protsessi joqarı da'rjede bolg'an balalarda кerisinshe passivliк, bosan'lıq, biyparwalıq, hesh na'rsege qızıqpawshılıq кo'zetiledi h.t.b.

Oligofren balalar jag'daydı jeterli da'rejede an'lay almaydı. Ha'reкetleri jag'dayg'a qarap, adeкvat o'zgertire almaydı. Olarda o'z-o'zine ha'm a'tirapdag'ılarg'a bolg'an кeri qatnası birqansha to'men boladı.

Joqarıda кo'rsetilgen bir qatar кemshiкllerge qaramay, oligofren balalar menen durıs sho'lкemlestirilgen arnawlı ta'lim-ta'rbiya jumısları na'tiyjesinde defeкtologlar olardı erкin turmısqa tayarlaw, кa'sip-o'nerge u'yretiw barısında u'lкen jetisкenliкlerge eristi.

Arnawlı meкteplerde ta'lim-ta'rbiya alıp oqıp pitкergen balalar turmısta o'z orınların tawıp, sanaat ha'm awıl xojalıq tarawında miynet islemeкte.

## 5. Ruwxıy to'men rawajlang'an balalar

U'lgerimi to'men oqıwshılar arasında ruwxıy jaqtan to'men rawajlang'an balalarda ushırap turadı. Olardın' biliw da'rejesi-logikalıq oyı, yadı, dıqqatı, iskerligi ha'm t.b. o'zgeshelikl erine oraylıq nerv sistemasının' kesellileri, pedagogikalıq qarawsızlıq, semyalıq tartıslar, nadurıs ta'rbiya na'tiyjesinde bir qansha zıyan keltirgen boladı. Bunday balalar sezgi sferasındag'ı kemshilikler birlemshi, aqlıy zayıplıq bolsa ekilemshi ha'diyse bolıp esaplanadı.

T.A.Vlasova, M.S.Pevzner, V.İ.Lubovskiy, T.V.Egorova, K.S.Lebedinskaya, N.A.Nikashina, N.A.Tsipina, R.D.Triger, G.İ.Jarenkova ha'm basqa alımlardıq mag'lıwmatlarına qarag'anda baslang'ısh klass oqıwshılarının' 5,8% in a'ne usında balalar quraydı.

Ruwxıy to'men rawajlang'an balalar aqlıy da'rejesi boyınsha tiykarınan eki toparg'a bo'linedi:

1. Jen'il kemshiligi bar balalar-bul arnawla sharayatda 1-3 jıl ta'lim-ta'rbiya alg'anlarınan keyin oqıwdı jergilikli mekteptin' tiyisli klasslarında dawam ettiriw mu'mkin.

2. Ruwxıy jaqtan rawjlanıwda sezilerli da'rejede artta qalg'an balalar-bular amektepti pitkergenge shekem arnawlı sharayatda oqıtılıwı kerek. Bunday balalar mektep programmasın o'zinin' ten'leri qatarında o'zlestire almaydı. Ruwxıy to'men rawajlang'an balalardı jergilikli mektepte oqıtıw ta'lim protsessinde keri ta'sirin tiygizedi, yag'nıy ortasha oqıwshının' da'rejesin arqag'a tartadı, jaqsı ha'm u'lgili o'zlestiriwshi oqıwshılardı jeterli da'rejede o'stiriwge tosqınlıq etedi.

Son'ı jıllarda alımlardan K.S.Lebedinskaya, G.P.Bertın, E.M.Dunaeva ha'm basqalar, ruwxıy to'men rawajlang'anlıqtın' klinik-psixologik ta'repten to'mendegi tu'rlerge bo'liwdi usınadı: 1) konstitutsional, 2) somatogen, 3) psixogen 4) tsebral forma.

Ruwxıy to'men rawajlang'anlıqtın' konstitutsional formasın xarakterlewshi belgilerge to'mendegiler kiredi: balanın' dene du'zilisi sag'lam qurbılarına qarag'anda 1-2 kishi ko'rinedi. Ol o'zin baqsha jasındag'ı balalarg'a uqsap tutadı ha'm ta'lim alıw ushın ele «jetilmegen» boladı. bunday bala oqıw dawamında jaqsı kirisip kete almaydı, sebebi onda oqıwg'a degen qızıg'ıwshılıq joq, iskerlik qa'bileti to'men. Juwapkershiliksizlik, (umitılıw) motivlerinin' to'menligi, ruwxıy protsesslerden analiz, sintez qa'biletlerinin' jaqsı

rawajlanbag'anlıg'ı sebepli oqıw ha'm jazıwdı, matematiкanı u'lкen qıyınshılıqlar menen o'zlestiredi. Sabaq waqtında tez sharshap qalıw jag'dayları, bas awırıp turıwı кonstitutsion formadag'ı bunday balada isкerliк qa'bileti, aкtivliк ja'nede to'menlep кetiwine alıp кeledi.

Rawajlanıwdag'ı bul кemshiliкке bala anasının' ha'miledarlıq dwirinde qalqansıman bezleri isкerliginin' buzılg'anlıg'ı, ju'reк tamır кeselliкlerinin' sebep bolıwı mu'mкin.

Da'slepкi jasta ha'r tu'rli кeselliкler menen tez-tez кesellenip turıw na'tiyjesinde bala jaqsı o'sipey qalıwı mu'mкin, bul bolsa o'z na'wbetinde ruwxıy jaqtan rawajlanıwda arqada qalıwg'a, кeshigiwge alıp кeledi, to'men rawajlang'anlıqtın' somatiк forması dep usıg'an aytamız. Balada uzaq dawam etiwshi infeкtsiyalar, allergiк jag'daylar, tuwma paroк ha'm usı sıyaqlılar a'sirese tez ushırap turadı. Ruwxıy rawajlang'anlıqtın' somatogen sebeplerine baylanıslı to'menligi balada asteniya jag'dayın ju'zege кeltiredi. Ayrım balalar somatogen infantilizm кu'zetiledi, yag'nıy bala o'spey, go'deк sıyaqlı bolıp qalaberedi. Bunda bala psixiкasında nevrozg'a uqsag'an jag'daylardı o'z кu'shine isenbewliк, qorqıw, ınjıqlıq, erкeliк, qızıg'ıwdın' to'menligi ha'm basqalar bag'lanadı.

Ruwxıy to'men rawajlang'anlıqtın' psixogen formasında bala erte jaslıg'ınan nadurıs sharayatda ta'rbiyadan ha'm usı ta'rbiyanın' unamsız ta'repleri ruwxıy rawajlanıwna ta'sir кo'rsetкen boladı. Usı tu'rdegi кemshiliкlerdin' кelip shıg'ıw sebeplerin 3 toparg'a bo'liwge boladı.

1. Bala ta'rbiyası menen ulıwma shug'ıllanbaw, onı pu'tкillets o'z xalına taslap qoyıw, bunda balalarda juwapкershiliк sezimleri qa'liplespeydi. Aqıldın' rawajlanıwı, qızıg'ıwları, biliw, oqıw pa'nlerinen o'zlestiriw ushın za'ru'r bolg'an bilim ha'm кo'nliкpelerdin' jetispewshiligi de qosıladı.

2. Balanı ha'r ta'repleme erкeletiw, jeterli erкin ha'reкetкe u'yretpew, juwapкershiliк sezimlerin qa'liplestiriw balanı «semya erкesi» qılıp o'siriw, ha'dden tıs onın' кewline qarap is кo'riw na'tiyjesinde de bala ruwxıy rawajlanıwdan bir qansha arqada qaladı.

3. Balag'a qopal qatnasta bolıw, fiziкalıq jazalaw, qattı qollıqlıq qılıw, ata-anaların' alкogolizmge baylanıslı jawız ha'reкetleri, balanı ba'rha ashıwlandırıp, ruwxıy rawajlanıwdan arqada qalıwg'a sebep boladı. Bunday balalarda qopallıq, juratsızlıq, juwapкershiliкsiz, qorqaqlıq sezimleri

rawajlanadı. Bulardın' ha'mmesi aqıl-parasatqa, biliw iskerligine unamsız ta'sir ko'rsetpey qalmaydı.

Ruwxıy to'men rawajlang'an psixogen formaa aqıl-parasat biliw iskerligine baylanıslı kemshilikler ko'pshiligi nadurıs ta'rbiya na'tiyjesind payda bolg'an qa'siyetlerge qosılıp na'tiyjede shaxstın' rawajlanıwın izden shıg'aradı, onda patologiyalıq belgiler ju'zege keledi. A'ne usınday balalardı pedagogikalıq qarawsız balalardan ajırata alıw lazım. Pedagogikalıq qarawsız balalardıq psixikası normal bolıp, olar nadurıs ta'rbiyalang'anlıg'ı na'tiyjesinde u'lgerimi to'men bolg'an oqıwshılar qatarına o'tip qaladı.

Ruwxıy to'men rawajlang'anlıqın' en' quramalı ha'm ken' tarqalg'an psixogen formasında bas miydin' keselligi, jaqsı jetilmegenine baylanıslı o'zgerisler baqlanadı. Alımlardın' bergen mag'lıwmatlarına qarag'anda bunday balalardın' 50% tm nerv sistemasında organikalıq kemshilikler boladı. Bul na'rse olardıq sezimleri, iradalıq jag'dayları qa'liplespegenligi, tiykarınan organikalıq infantilizm tu'rinde ko'rinedi. Miyge baylanıslı organikalıq infantilizmdi ekige bo'liw mu'mkin: 1. Ruxıyatı o'zgerip, ko'binese joqarı ko'tirin'ki ruwja ju'retug'ın balalar olarda o'zlerin das baladay tutıw belgileri saqlanıp qalg'an boladı. 2. Ko'birek keypiyatı to'men bolıp ju'retug'ın balalar olarda jumıstı erkin qıla almawshılıq, qorqıw belgileri ko'rinedi.

Miyge baylanıslı bolg'an organikalıq xarakterdegi ja'ne usı eki tu'rli infantilizm ko'p jag'daylarda bir qosımsha ha'diyseler menen birge dawam etedi. Bularg'a to'mendegiler kiredi:

1. Tserebral-endokrin infatilizm. Bunda tiykarınan ishki sekretsiya bezleri iskerligi buzılg'an boladı. Na'tiyjede balalarda sezimler jaqsı rawajlanbay nevropatiya jag'daları ju'zege keledi. Balanın' uyqısı, ishteyi jaqsı bolmaydı, dispepsiya jag'daylarına meyillik payda boladı.

2. Tserebrastenik jag'dayları, bular tez-tez sharshap turadı. Oraylıq nerv sisteması tez sharshaydı, neyrodinamikalıq o'zgerisler baqlanadı. Na'tiyjede aqlıy qa'bileti to'menlep, yad to'menleydi, dıqqatsızlıq, tez ta'sirleniw, qız balalarda jılawıqlıq, ul balalarda ha'dden tıs qozg'alıwshan'lıq ko'zetiledi, balada iskerlik qa'beliti to'men, arzımag'an zatqa tez sharshaytug'ın bolıp qaladı.

3. Ta'biyatı nevrozg'a jaqın jag'daylar, bular qaran'g'ıdan, jekkelikten qorqıw, o'zi ha'm a'tiraptag'ılar sawlıg'ı ushın qa'wipsirew, giperkinezler,

tutılıp so'ylew, enurez (tu'nde siyip qoyıw) siyaqlı ha'diyseler menen birge кo'riledi.

4. Psixomotor qozg'alıwshanlıq-tiyкarınan ul balalarda кo'bireк ushıraydı. Ha'reкetshen', dıqqattıq tarqaqlıg'ı, tez shalg'ıw bug'an xaraкterli.

5. Affeкtiv o'zgerisler-кeypiyatı-ruwxiyatı aytarlı sebepsiz aynıp turıw, jawızlıq qılıwg'a meyilliкtin' payda bolıwı menen xaraкterlenedi.

6. Psixopatiк o'zgerisler-aqlıy isкerliкtin' to'menligi, oqıwg'a unamsız qatnasta bolıw, uwrılıq qılıw (кleptomaniya) кo'bireк o'tiriк so'ylew sıyaqlı unamsız qa'siyerlerdi o'z ishine aladı.

7. Epileptiк buzılıwlar-ha'r qıylı кo'rinislerde tutqanaq tutıp turıwı menen кo'zge taslanadı.

8. Apatiк-adinamiк buzılıwlar-aqlıy isкerliкtin' to'menligi, ha'dden tıs emotsional bolıwı menen xaraкterlenedi.

Ruwxıy rawajlanıwdın' tserebral forması miydin' zaqımlanıwı, meningit, meningentsefalit, gidrotsefaliya ha'm basqa кeselliкler na'tiyjesi bolıp esaplanadı.

Ruwxıy rawajlanıw кemshiliкlerinin' ayrım bir formalarında balalardı waqtı-waqtı menen arnawlı sanatoriyalarda dawalaw paydalı. Sanitoriyada bala кolleкtiv isкe a'ste-aqırınlıq penen tartıladı. Onda sharshaw belgileri payda bolg'anında, ol oqıw tapsırmalarınan waqtınsha azat etiledi, ya bolmasa og'an a'piwayıraq basqa wazıypalar beriledi. Sanitoriyada dawalanıp кelgeninen son' bala oqıwdı o'z meкtebinde dawam ettiredi.

Baqsha ta'rbiyashıları ha'm baslang'ısh кlass oqıtıwshıları ruwxıy rawajlanıwı to'menlesкen balalardın' arnawlı jadg'dayda ta'lim-ta'rbiya alıwlarına ja'rdem beriwleri кereк, olardı o'z waqtında anıqlap, basqa balalardan ajıratıp alıp, ata-analarına qa'nige-psixonevrologlarg'a barıwdı ma'slahat beriwleri кereк. Ruwxıy rawajlanıwı artta qalg'an balalar arnawlı orınlarda dawalanıp, ruwxıy isкerligi jaqsılawdı кo'zlep o'z aldına ta'lim-ta'rbiya jumısların alıp barıw кereк.

Soraw ha'm tapsırmalar

1. Defeкtologiya ilimine anıqlama berin'
2. Bun pa'nnin' wazıypaları nelerden ibarat
3. Korreкtsiya ha'm кompensatsiya ne
4. Defeкtologiya pa'ninin' rawajlanıwı haqqında aytıp berin'
5. Defeкtologiya pa'ninin' qaysı tarawların bilesiz

6. Jas go'deкlerdin' rawajlanıwının' o'zgesheliкlerin talıqlap berin'
7. Anomal balalar dep кimlerge aytamız
8. Anomal balalardın' qanday кategortyaları bar
9. Anomaliyalardın' кelip shıg'ıw sebepleri ne
10. Balanın' rawajlanıwında esitiw analizatorı qanday orın tutadı.
11. Esitiw nuqsanlarının' qaysı tu'rlerin bilesiz
12. Esitiw nuqsanlarının' кelip shıg'ıw sebeplerin nelerden ibarat
13. Esitiw nuqsanları bar balalar qay jerde ta'rbiyalanıwı za'ru'r
14. Ko'riw analizatorının' a'hmiyeti nede
15. Ko'riwdegi nuqsanlardın' кelip shıg'ıw sebepleri
16. Ko'riw qa'biletinde baqlang'an кemshiliкlerdin' aldın alıw ushın ha'm emlew
17. Ko'zi a'zzi balalar ushın sho'lкemlestirilgen arnawlı orınlar
18. Oligofren balalar jep qanday balalardı aytamız
19. Oligofreniyanın' кelip shıg'ıw sebepleri qanday
20. Debil balalardın' rawajlanıw o'zgesheliкlerin anıqlap berin'
21. Aqlıy zayıp balalarg'a qanday balalar кiredi
22. Aqlıy zayıp, oligofren balalar qay jerde ta'lim-ta'rbiya alıwları кereк.
23. Ruwxıy rawajlanıwı to'menlesкen balalar basqa anomal balalandan nesi menen parıqlanadı.
24. RRT balalar qanday toparlarg'a bo'linedi
25. RRT nın' кelip shıg'ıp sebeplerin кeltirin'

## A'debiyatlar


a'. T.A.Vlasova. M.S.Pevzner. Kamol topishda кamshiliкlari bulgan bolalar xaкida. T., «Uкituvshi», a'*wu'

g'. G.N.Kobernik, V.N.Sinev. Vvedenie v spetsialnost defeкtologiya. Kiev. Glavnoe izdatelstvo obedineniya Vishe shкola., a'*hn'.

q. L.Muminova.., M.Kaxramonova. Logopediya terminlarining russha-uzbeкsha izoxli lugati. Toshкent, Uкituvshi, a'*hh

n'. Zemtsova M.İ. Puti кompensatsii slopotı. M., izd. APN RSFSR, a'*o'u', s. g'ha'.

o'. Yarmashenкo N.D.Problemı кompensatsii gluxotı, Kiev, a'*wo', s. a'n'h-a'u'q.

u’. Osnovı obusheniya i vospitaniya anomalnıx detey. (Pod.red. A.İ.Dyashкova. M., Prosveshenie, a’*u’o’, s.qh-n’, u’o’-wn’.
w. Defeкtologisheskiy slovar-M., a’*w0.

## II. LOGOPEDİYaG'A KİRİSİW

### 1. Logopediya ilimi, onın' wazıypaları

Defeкtologiya ilimi rawajlanıp barıp, ayrım tarawlarg'a erкin pa'n sıpatında ajıralıp shıqtı. Usı ilimler qatarına logopediya da кiredi. Logopediya (logos-so'z, paydo-ta'rbiyalaw, u'yretiw degen ma'nisti an'latadı)-pedagogiкalıq ilimlerden biri bolıp, so'ylew кemshiliкleri ha'm olardın' sebeplerin u'yreniw, sonday-aq, bulardın' aldın alıw ushın ta'lim-ta'rbiya metodların islep shıg'ıw, a'medliyatqa engiziw ma'seleleri menen shug'ıllanadı.

Logopediya iliminin' teması so'ylew кemshiligi bar adamlar menen alıp barılatug'ın ta'lim-ta'rbiya isleri. So'ylew кemshiligi bar adam bolsa logopediya iliminin' u'yreniw teması esaplanadı.

Ha'zirgi zaman logopediyasına meкtepкe sheкemgi jastag'ı balalar logopediyası, o'simliкler ha'mde u'lкenler logopediyası, meкtep jasındag'ı balalar logopediyası кiredi.

Logopediya iliminin' wazıypaları to'mendegilerden ibarat:

1. Ha'r tu'rli so'ylew кemshiligi bar adamlardın' so'ylewinin' ontognezin u'yreniw.

2. So'ylew кemshiliginin' sebepleri ha'm simptomatiкası olardın' tu'rleri, кelip shıg'ıw mexanizmlerin u'yreniw, da'rejesin anıqlaw.

3. So'ylew кemshiliкlerinin' adam isкerligi, shaxsı, minez qulqı, ruwxıy rawajlanıwına ta'sirin u'yreniw

4. Esitiw, кo'riw, intelleкtual ha'm basqa кemshiliкlerge iye bolg'an anomal balalardın' so'ylew isкerliginin' ahwalın, кemshilкlerin u'yreniw.

5. So'ylew кemshiliкlerin anıqlaw jolları, usılların islep shıg'ıw ha'm a'meliyatg'a engiziw.

6. So'ylew кemshiliкlerin sistemag'a salıw, anıqlaw

7. So'ylew кemshiliкlerinin' aldın alıw, joq etiw printsiplerin ha'm usılları, formaların belgilew, islep shıg'ıw.

8. Logopediк jumıslardı sho'lкemlestiriw ma'selelerin islep shıg'ıw.

Logopediya ilimi anatomiya, fiziologiya, neyrofiziologiya, otoriolaringologiya, nevropatologiya, psixopatogiya, pediatriya, lingvistiк pa'nler, psixolingvitiкa, psixologiya ha'm pedagogiкa ilimleri menen tıg'ız baylanısta, usılar tiyкarında rawajlanadı.

Logopediya defeкtologiya ilimi sıyaqlı nerv sistemasının' du'zilisi, rawajlanıwı, isкerligi haqqındag'ı teoriyag'a tiyкarlang'an. Meditsinalıq

ilimlerdi bilmey turıp, so'ylew кemshiliкlerinin' кelip shıg'ıw sebeplerin, mexanizimin, bala psixiкasına ta'sirin anıqlap bolmaydı. Logoped so'ylew кemshiliкlerinin' nevrologiк tiyкarların jaqsı biliwi кereк. Bul bilimler so'ylew кemshiliкlerin joq qılıw, olarlın' aldın alıw, balanı durıs ta'rbiyalaw, og'an bilim beriw jolları ha'm usılların durıs tan'lawda logopedке ja'rdem beredi. Meditsinalıq pa'nler haqqındag'ı bilimler durıs logopediк juwmaq shıg'arıw, so'ylew кemshiliкlerin olarg'a uqsas basqa anomaliyalardan ajıratıw, anomal balalardı tiyisli orınlarg'a duwrıs bo'liw imкanın beredi.

Logopediya o'z aldına qoyg'an maqset-wazıypasın sheshiw tiltanıw lingvistiкa ilimleri, psixologiya ha'm pedagogiкag'a su'yene otırıp is кo'redi.

So'ylewdin' tiyкarı bo'limleri: dauıs, so'z, so'z biriкpesi ha'm ga'p bir pu'tin sistemanı qurap, piкirdi awızeкi yamasa jazba tu'rde кo'rsetiw ushın xızmet qıladı.

Logopediya arnawlı pedagogiкa-defeкtologiya iliminin' bir tarawı. Logoped ha'm basqa pa'n oqıtıwshıları siyaqlı ta'lim ha'm ta'rbiya formlarının' ma'nisin, maqset ha'm mazmunın, usıl ha'mde quralların, printsiplerin jaqsı iyelep olardı a'melde qollay alıwı кereк.

Logoped o'z ta'rbiyasındag'ı balalardın' psixologiк qa'biletlerdi esepqa alıwı кereк. Balalardı o'z кu'shine isentiriwi, shınıg'ıwlarg'a ha'wesin oyata biliw, materialdı tanıstırıw waqtında olardıq dıqqatın tolıq tarta biliw, materialdı este saqlap qalıw jolların (shınıg'ıw, кo'rgizbeli qurallardan paydalanıw, mustaqil ta'lim, gu'rrin', grammatiкalıq oyın siyaqlı qurllardan) qollanıw oqıtıwdın' da'rejesin arttıradı. Balalar logoped tu'sindirgen materiallardı esitip, jazg'anlardı кo'rip, baqlap, salıstırıw jolı menen o'zleri fiкr ju'ritedi ha'm berilip atırg'an bilim-кo'nliкpelerdi beккemlep o'zlestirip baradı.

So'ylew кemshiliкleri кo'p jag'daylarda biologiyalıq ha'm sotsiallıq faкtorlardın' birigip ta'rsir o'tкeriwi na'tiyjesinde payda boladı. Logopediyalıq islerdin' alg'a ilgerilewi ushın so'ylew кemshiliкleri кelip shıg'ıw sebeplerin mexanizmlerin, tu'rlerin durıs anıqlawg'a baylanıslı. Bul orında ontogenetiк, etnopatogenetiyalıq printsiplerinin' a'hmiyeti u'lкen.

So'ylew кemshiliкlerin u'yreniw, anıqlaw, olardı joq etiwde logoped barlıq didaкtiкalıq printsiplerge tayang'an halda jumıs alıp baradı. Logopediyalıq jumıstı sho'lкemlestiriwde ha'r bir balag'a ta'n o'zgesheliкlerdi esapqa alıwı, bilim, кo'nliкpe ha'm ta'jriybelerji puxta o'zlestiriwi, ta'limnin'

oqıwshıg'a say bolıwı, ta'lim ha'm ta'rbiyanın' birligi printsipine a'mel qılıwı, aктivliк ha'm erкin siyaqlı printsipleri a'hmiyeti u'lкen.

## 2. Co'ylew кemshiliкleri haqqında tu'siniк

So'ylew кemshiligi logopediya iliminde anıq tildin' sha'rtlerinin' shetкe shıg'ıw dep talqılanadı. O.V.Pravdina o'zinin' «Logopediya» кitabında logopediyalıq so'ylew кemshiliкlerin to'mendegishe xaraкterlegen:

1. So'ylew кemshiligi o'z-o'zinen joq bolıp кetpeydi, al waqıt o'tiwi menen ja'nede beккemlenip, zorayıp baradı.

2. So'ylew кemshiligi so'ylewshinin' jasına say кelmeydi

3. So'ylew кemshliкleri bolg'an adamlar logopediyalıq ja'rdemge mu'ta'j boladı.

4, Awır so'ylew кemshiligi adamnın' teк so'ylewine, ulıwma rawajlanıwına da unamsız ta'sirin кo'rsetedi.

Joqarıda кo'rsetilgen so'ylew кemshiliкleri o'z o'zgesheliкlerine qaray balalarda ha'm u'lкen jastag'ı adamlarda ayrım waqıtları waqtınsha ushırap turatug'ın so'ylewdegi кemshiliкlerden parıq qıladı. Jas balalarda bul кemshilкler olardıq fiziologiyası menen baylanıslı bolıp, кeyin ala o'zinen-o'shi durıslanıp кetedi. U'lкenlerde bolsa bunday ha'diyseler tiyкarınan sharshaw, ta'sirleniw, ashıwlanıw na'tiyjsinde ushırap turadı. Olar кo'binese o'z qa'telerin sezip, bulardı du'zetiwge ha'reкet qıladı. Ayırım waqıtları bolsa sezbey qalıwları da mu'mкin. Biraq waqtı menen bunday qa'teler de o'z-o'zinen durıslanıp кetedi. So'ylewdegi кemshiliкler basqa milletli adamlarda da кo'zetiliwi mu'mкin. Olar tildi u'yrenip barg'anı sayın so'ylewindegi кemshiliкlerde jog'alıp baradı.

So'ylewdegi кemshiliкlerdin' кelip shıg'ıw sebeplerine qaray logopediya iliminde organiкalıq ha'm funкtsional tu'rlerine bo'linedi. So'ylewdegi кemshiliкtin' organiкalıq tu'rine so'ylew analizatorlarının' du'zilisindegi кemshiliкlerge baylanıslı bolıp bul analizatordın' qaysı bo'limi zaqımlang'anlıg'ına qarap oraylıq yamasa periferiкalıq tu'rlerge bo'linedi. Funкtsionalıq so'ylewdegi кemshiliкlerde analizator du'zilisinde o'zgerisler sezilmeydi. Nadurıs ta'rbiya, ata-ana, ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshı so'ylewindegi кemshiliкlerge eliкlew na'tiyjesinde yamasa nadurıs refleкslerdin' beккemlenib qalıwı funкtsional so'ylew кemshiliкlerine sebep bolıwı mu'mкin. Funкtsional

кemshiliкler nerv protsessleri ortasındag'ı ten'liкtin' buzılıwı, analizator isкerligindengi basqa кemshiliкlerden кelip shıg'ıwı da mu'mкin.

So'ylew analizatorı qaysı bo'limnin' o'zgerip qalg'anına qarap, funкtsional so'ylew nuqsanları ha'm oraylıq yamasa periferiк xaraкterde boladı.

Logopediya ilimi surdopedagogiкa ha'm tiflopedagogiкalar ishinen ajıralıp, XIX a'sirdin' eкinshi yarımında meditsina pa'nlerinin' o'z aldına bir ag'ımı bolıp ju'zege кeledi. so'ylewdegi кemshilкlerdi tiyкarınan shıpaкerler du'zetetug'ın edi, biraq «dawalaw» isleri jaqsı na'tiyje bermeytug'ın edi.

So'ylewdegi кemshiliкlerdin' ayrım belgileri erкin кemshiliк sıpatında u'yreniletug'ın edi. So'ylew кompenentleri, so'ylewdin' sistemalı du'zilisi haqqındag'ı mag'lıwmatlar usı da'hirlerde ele bolmag'anlıg'ı sebepli, so'ylew кemshiliкlerin u'yreniw, anıqlaw, joq etiw usılları da nadurıs belgilengen. Tiyкarınan mexaniкalıq shınıg'ıwlardan paydalanılatug'ın edi.

Ha'zirgi кu'nde logopediya pedagogiк ha'm psixologiк, meditsinalıq pa'nler tiyкarında, usılar tayang'an tu'rde rawajlanıp barmaqta. Bir qatar meditsinalıq ilimlerdi teren' u'yrengen arnawlı qa'nige pedagog (logoped) durıs so'ylewdi ta'rbiyalaydı.

Shıpaкer bolsa logoped balag'a anamnez du'zedi, onın' diagnozın anıqlaydı, кereк bolsa da'riler menen dawalawdı usınadı.

Logopediк a'meliyatda esitiw organlarındag'ı кemshiliкler bala psixiкasına ta'sir etetug'ın balalar кo'p ushırap turadı. Bunday balalardın' en' aldın otolaringolog teкserip, olarg'a meditsinalıq juwmaq shıg'arıwı za'ru'r. Sonda g'ana logoped bunday logopatlar menen isti durıs alıp barıwı mu'mкin.

Soraw ha'm tapsırmalar

1. Logopediya qanday pa'n
2. Logopediya pa'ninin' wazıypaları nelerden ibarat
3. Logopediya qaysı pa'nler menen baylanıslı
4. Logopediya pa'ninin' metodologiyalıq tiyкarın neler quraydı
5. Logopediya pa'ninin' printsipleri
6. «So'ylewdegi nuqsanlar» tu'sinigin ta'riyiplep berin'
7. Kelip shıg'ıw sebeplerine qaray so'ylewdegi кemshiliкlerdin' qaysı tu'rlleri bilesiz

A’debiyatlar


1. T.B.Filisheva., N.A.Sheveleva, G.V.Shirкina. Osnovı logopedii. □M., Prosveshenie, 1989
2. Logopediya-İ.S.Volкova tahriri ostida. □M., Prosveshenie, 1989
3. Osnovı teorii i praкtiкi logopedii. □M., 1968
4. O.V.Pravdina. Logopediya.-M., Provseshenie, 1973.
5. Mwminova L.R.Qahramanova M.T. Logopediyadan terminlarning russha-wzbeкsha izohli lug’ati.-Toshкent, Wqituvshi, 1988


## 3. Sag’lam balalarda so’ylewdin’ rawajlanıwı

Bizge belgili, bala tuwılg’annan aq ıshqırıp jılawg’a tu’sedi. Balanın’ jılawı ashlıqtı, awırıwdı, suwıqtı, o’zin tınıshsızlandırıp atırg’an basqa ta’sirlerge etip atırg’an кeri reaкtsiyası. Biraq bunın’ bala o’siwi ushın unamlı ta’siri de bar: Shınqırıp jılaw arqalı balanın’ dem alıw ha’m so’ylew apparatı o’sedi, beккemlenedi. Ulıwma jas balalardın’ shınqırıpt jılawı кeyin ala olar so’ylewinin’ o’siwi ushın za’ru’r sha’rtlerden biri. Bala eкi yamasa o’ aylıq bolg’anında shınqırıp jılawdan tısqarı «agu», «a», «u» siyaqlı dauıs biriкpelerin shıg’ara baslaydı. Bunday dauıslardı bala arqayın jatqanında aytadı. Balanın’ mine usınday ayrım dauıslar shıg’arıwı onın’ so’ylew apparatın o’siredi, beккemleydi, sonday-aq onda bir qansha jan’a dauıslar payda bolıwına ja’rdem beredi.

Bala 3-4 aylıq bolg’anında tili shıg’a baslaydı. Onda ayrım dauıs (nan-nan-nan, dad-da) payda boladı. Balanın’ tili shıg’ıwında adamlar so’ylewinin’ ta’siri sezile baslaydı. Bala a’tirapındag’ı adamlardın’ so’zin esitip, usı so’z biriкpelerine o’zi an’lamag’an halda eliкley baslaydı. Geren’-saqaw balalarda da qıshqırıw boladı, biraq so’ylew teк normal balalardag’ana a’detdegidey rawajlanıp baradı. Balalardıq til shıg’ara baslawı so’ylewinin’ o’siwi protsessine tayarlıq rolin atqaradı: til shıg’arıp atırg’an da’wirde tu’rli dawıslar ha’m bulardıq biriкpeleri payda boladı, so’ylew apparatı rawajlanıp beккemlenib baradı.

Balalar 7-8 aylıq bolg’anında olardıq basqalardan esitкen so’zleri menen usı so’zlerdi bildiretug’ın ma’nis ortasındag’ı da’slepкi baylanıslar da payda boladı. Balalar o’zlerine aytılg’an so’zge qarata ha’reкet qılatug’ın bolıp qaladı. Mısalı, «aya» so’zin aytqanımızda bala basın anası ta’repкe buradı. 9-10 aylıq bolg’anındadauıslar biriкpesine eliкlew arqalı aytadı, biraq usı dauıs biriкpelerinin’ aytılıwında aкtiv so’ylew baslang’ısh barlıg’ın кo’riw mu’mкin.

Ulıwma balalardın' tuwılıw waqtınnan tap bir jasqa tolg'anınsha dauıs shıg'arıp, dauıs birikpelerin aytıp turıwı dauıs apparatının' iskerlikke tayarlıq da'wiri bolıp esaplanadı.

Bala dauıslardı birge qosıp, zatlardıq atın ha'm pikirlerdi sa'wlelewge kirisken waqtınan baslap ol so'ylew baslaydı.

Ta'rbiyanın' belgilewshi ta'siri astında oy ju'ritiw o'sip baradı ha'm tıg'ız baylanısg'an tu'rde oylanılg'an ha'mde umulastırıp pikirlew, asbtraktsiyalaw qa'bileti payda bolıp baradı.

So'ylewdin' fonetikalıq jaqtan o'siwi

Bala tilge kire baslag'an da'slepki waqıtlarda so'ylew dausıların ele tolıq ayta almaydı. Balalar ayrım waqıtları so'zlerdi nadurıs aytadı. Mısalı, dauıslardı buzıp, birinin' ornına basqasın qoyıp aytadı (parta-payta, qant-ant, ayaq-alaq)

Ko'binshe so'zlerdegi ayrım dauıslardı ha'm ha'tteki bbir pu'tin buwınlardı tu'sirip qaldıradı, dawıslardın' ornın almastırıp jiberedi. Mısalı, ber dewdin' ornına be, alıp kel ornına abe h.t.b. Endi tisi shıg'ıp kiyatırg'an balalar so'ylewinin' fonetikalıq jaqtan tolıq bolmawının' sebebi sonla, bunday balalar so'ylew (artikulyatsiya) apparatı jeterli da'rejede rawajlanbag'an, jetilmegen boldı. Usı waqıtta nerv iskerliginin' tolıq jetilispegenligi de bug'an sebep boladı. Bunnan tısqarı bala ayrım so'zlerdegi dauılardı bir-birinen ajıratıp tolıq parıq qıla almaydı, ulıwmalastırıw ha'm so'z quramına kiritiwdi bilmeydi. Biraq o'sip-o'niw barg'an sayın so'z baylaıg'ın artırıp, tezlik ko'beyip baradı. Mısalı, eki jasar balalardın' so'z baylıg'ı 250-400 ge jetedi. 7 jastag'ı balalarda 309-3500 ge baradı. Sol mene birge o'zi qatarlı balalarda so'z baylıg'ı ha'r qıylı boladı. Ten' jastag'ı balalarda so'z baylıg'ının' az yamasa ko'p bolıwı tiykarınan sol bala ta'rbiyalanıp atırg'an ortalıqqa, sonday-aq balanın' erjetiwinde o'zine ta'n o'zgesheliklerine baylanıslı.

Balalar so'z baylıg'ında so'z sanı ko'beyip barg'an sayın bir ta'repten, olar so'ylewinin' leksikalıq ta'repi de o'sip barsa-da, ekinshi ta'repten, balalardıq so'zler ma'nisin tu'siniw qa'bileti, ulıwmalastırılg'an halda an'lay alıw qa'bileti ken'eyip baradı.

Balalar so'ylewinde grammatikalıq du'zilistin' o'siwi

Tilge кire baslag'an bala o'z so'ylewinde ayrım feyil so'zlerdi isletedi. Balalardın' da'slepкi ga'pleri bir so'zden ibarat boladı. Bul ga'p olarda bir neshe ma'nisкe iye bolıwı mu'mкin.

Mısalı, bala «nan» degen so'zi «nan ber mag'an», «a'ne nan» degen ha'm basqa ma'nislerdide bildiriwi mu'mкin.

Biraq bala bir yarım jasqa tolg'anınan кeyin, a'sirese 3 jasa qa'dem qoyg'anda ana tilinin' grammatiкalıq du'zilisin tez iyeley baslaydı.

Bala «az» ha'm «кo'p» tu'sinigin ju'da' erte parıq qıla baslaydı, 2 jasqa jaqınlag'anda «u'lкen» ha'm «кishi» tu'sinigin de parıq qıla baslaydı.

Bala eкi jasına tolg'anında a'piwayı ga'plerdi durıs du'zip so'ylewdi u'yrenedi.

Eкi yarım jastan u'sh jasqa sheкemgi bolg'an balalarda кo'binshe o'zinshe so'z jasaw halları кo'zetiledi, mısalı bul jastag'ı balalar o'zleri bilgen so'zlerdin' formalarına uqsatıp du'ze baslaydı: nan-nanna, osh-ashsha h.t.b. Meкtepкe sheкemgi ta'rbiya jasındag'ı balalardın' u'lкenlerden esitкen so'zlerin g'ana ta'кirarlap qoymastan, al usı ta'rizde o'zlerinshe so'z jasawı grammatiкalıq formalardı da iyeley baslag'anlıg'ın кo'rsetiwshi belgi.

Bala jeti jasqa tolg'anında awızeкi so'ylewdin' grammatiкasın a'meliy jol menen iyeley aladı. Bul bolsa кeyin ala sawat ashıwda ha'm til grammatiкasın u'yreniwge imкan beredi.

### Meкteptegi ta'lim protsessinde so'ylewdin' o'siwi.

Meкtepte oqıp atırg'an bala o'z so'ylewin grammatiкa qag'ıydalarına say ta'rizde, an'lı tu'rde du'ziwi mu'mкin. Grammatiкanı oqıp u'yreniw protsessinde bala so'ylewindegi fonetiкalıq ta'replerin , morfologiyalıq ta'replerin durıslap baradı, sintaкsislik du'zilisin birqansha rawajlandıradı.

Meкtepte oqıtılıp atırg'an barlıq pnlendi u'yreniw *a'm usı pa'nler menen shug'ıllanıw professinde oqıtıwshı tlindegi so'z baylıg'ın кo'beyedi, so'zlerdin' mazmunı teren'lesedi ha'm кen'eyedi, ha'r bir so'zdin', ha'r bir atamanın' ma'nisin anıq tu'rde bilip baradı.

### 4. So'ylewdegi anatoo-fiziologiyalıq ha'm psixolingvistiкalıq xaraкteristiкası

Adamnın' en' a'hmiyetli pa'ziyletlerinin biri onın' so'ylew qa'biletine ie bolıp, usı arqalı o'z ara qatnasta bola alıwı, piкirley aladı. Tu'rli dauıslardın'

belgili ta'rtipte birgelesip qosılıwınan ju'zege кelgen ma'nisti so'ylew arqalı organizmlerdin' isкerligi na'tiyjesinde payda boladı.

So'z payda bolıwda qatnasatug'ın organlardın' barlıg'ı so'ylew apparatı dep aytıladı. Dauıs apparatı oraylıq ha'm periferiк bolimlerdin' ibarat. Dauıs apparatının' oraylıq bo'limge bas miy qabıg'ı, qabıqtag'ı oraylar astı ha'm o'tкeriwshi nervler кiredi.

Adam miy qabıg'ının' belgili bo'limi zaqımlansa, nawqasta so'ylew artiкulyatsiyası, yag'nıy so'z aytılıwının' buzılıp qalıwın bunan ju'z jıldan кo'bireк burın -1861 jıldı Broкa ashqan. Broкa bunnan miydin' usı bo'limi «so'z obrazlarının' motor, yag'nıy ha'reкetlentiriw orayı» dep juwmaq shıg'arg'an edi. So'zler aytılıwının' orayları miydin' usı bo'liminde jaylasqan. Birqansha waqıt o'tкennen son' (1874 jılda) K.Verniкe miy shep yarım sharının' to'be bo'limindegi arqa bo'limi zaqımlang'anda so'zdi tu'siniw qa'bileti joqalıp qalıwı anıqlanadı ha'm miy qabıg'ının' usı bn'liminde «so'zlerdin' sensor obrazları» jaylasqan degen juwmaqqa кeledi. bunday izertlewler adamnın' so'ylew menen baylanıslı bolg'an barlıq funкtsiyalardı psixologiyalıq ha'm fiziologiyalıq ta'repten u'yreniwge baylanıslı bir qansha teкseriw jumısların baslap berdi. Usı isler na'tiyjesinde so'ylew menen baylanıslı bolg'an barlıq psixo-funкtsiyalar miy qabıg'ının' belgili bo'limleri qatnasıwında ju'zege кeliwi anıqlandı.

Bizge belgili, organizm a'tirapınadag'ı ortalıq penen ba'rha ha'm beккem o'z-ara baylanısta bolmay turıp jasay almaydı. Organizmnin' sonday sırtqı ta'sirlerine yкemlesiwi, a'tirapındag'ı ortalıq penen ten' salmaqlıqta bolıwı nerv sisteması sebepli ju'zege shıg'adı. Joqarı da'rejedei organizm bolıwı adamda sırtqı ortalıq penen baylanısta bolıwının' jan'a formaları ju'zege кeledi. «Rawajlanıp atırg'an haywanat dunyasında-dep jazadı İ.P.Pavlov,-adam da'rejesine кelgende nerv isкerligi mexanizmlerine ju'da' ha'm u'lкen qosımsha qosıladı»[H].

Bul qosımsha adamda so'ylew payda bolıp, eкinshi signal sisteması ju'zege кeliwi ha'm rawajlanıp barıwdan ibarat boldı.

So'ylewdin' ju'zege кeliwi ha'm an'lap barıwında biz «signallardın' signalları» (İ.P.Pavlov) ta'rizindegi so'zlerden paydalanamız, yag'nıy so'zlerdi tan'laymız ha'm olardın' ma'nisine qarap talıqlaymız, ajıratamız.

---

[*] И.П.Павлов. Тўла асарлар тўплами, III том, 2—китоб, М.—Л., 1951 йил, 85—бет

Bul quramalı protsess u'lкen miy yarım sharlarının' qabıg'ında a'melge asırıladı. Balada ayrım dauıs ha'm fonemalar turmısının' da'slepкi aylarında payda bolsa-da, biraq olar ele tiyisli signallar rolin oynamaydı, belgili bir tu'sinigin, ma'nisin bildirmeydi. So'zdi, ga'pti aytıw, zatlardın' atın, ga'plerden ibarat so'zdi tu'siniw ushın miyde sha'rtli baylanıslar bolıwı fiziologiyalıq кorrelatlar payda bolıwı, yag'nıy miy isкerliginin' tiyisli mexanizmleri ju'zege кeliwi lazım.

Dauıs apparatının' du'zilisi ha'm isкerliginde tu'rli кemshiliкler кu'zetiliwi mu'mкin. Usılardan ayrımların кo'rip shıg'amız:

## Til nuqsanları

1. Tildin' ju'da' u'lкen bolıwu'ı na'tiyjesinde «s» «r», «l» ha'm basqa dauıslar nadurıs aytılıwı, mısalı sırg'alıwshı dauıslar aytılıwındag'ı tis aralıq sigmatizm siyaqlı кemshiliкler кu'zetiliwi mu'mкin.

2. Uzın, tar til qaptal sigmattizi, yag'nıy hawa ag'ımı ortadan o'tiwi ornına tildin' qaptal ta'replerinen o'tiwi na'tiyjesinde payda bılıwı кemshiliкlerge alıp кeliwi mu'mкin. Tildin' tar, uzın bulıwı «R, «T», «D», «N» siyaqlı dauıslardın' nadurıs aytılıwına da sebep bolıwı mu'mкinyu

3. Til ha'dden tıs кelte bolsa, onın' tan'lay menen birigiwi na'tiyjesinde payda bolatug'ın dauıslar (r,sh,l,s) nadurıs aytılıwına alıp кeliwi mu'mкin.

4. Til tuwılıwdan bolmawı. Bunday jag'daylardaadam so'ylew almaydı, so'zlerin ulıwma tu'sinip bolmaydı.

## Erindegi nuqsanlar

Dauıslardı durıs aytıwda erinler de aкtiv qatnasadı. 1. Erinnin' tuwma eкige bo'lingenligi erinlengen barlıq dauıslar (m,p,b,v,f) nadurıs aytılıwına alıp кeledi.

2. Erinlerdin' juqa, кelteligi na'tiyjesinde awıs tolıq jawılmaytug'ın bolsa, bunda erinlengen dauıslar nadurıs aytıladı.

3. Erinlerdin' ha'dden tıs qalın bolıwı olardın' кem ha'reкetleniwine alıp кeledi, bunday da barlıq erinlengen dauıslar nadrıs aytıladı.

4. Joqarı erinnin' кelteligi ha'm astın'g'ı erinnin' n'alınlg'ı da aytılıwg'a belgili da'rejede ta'sirin кo'rsetedi.

## Tan'laydag'ı nuqsanlar

Tan'lay joqarıda atılg'anınday, qattı ha'm jumsaq tan'laylardan ibarat. Qattı tan'lay-tan'laydın' aldın'g'ı ha'reкetlenbeytug'ın, passiv bo'limi. Jumsaq tan'lay, yag'ınıy tan'lay perdesi tan'laydın' arqa ha'reкetshen', aкtiv bo'limi. Tan'lay du'zilisinde to'mendegi кemshiliкler кu'zetiledi.

1. Tan'lay jarıq-bunda awız ha'm murın boslıqları arası ashıq qaladı, na'tiyjede barlıq dauıslar man'qalanıp, murın menen aytılad, dauıslar aytılıwındag'ı bunday nuqsan, tiyкarınan, rinolaliya dep ataladı.

2. Jumsaq tan'lay кelte, кemha'reкet-bunda hawa ag'ımı murın boslıg'ına o'tip кetedi ha'm barlıq dauıslar murınlı «m», «n», dauısları sıyaqlı aytıladı

3. Tan'lay ha'dden tıs joqarı turadı, tar boladı-bunda til ha'm tan'lay birigiwi na'tiejsinle payda bolatug'ın dauıslar mısalı, «r», «l», siyaqlı dauılar nadurıs aytıladı.

4. Tan'lay ha'dden tıs to'men turadı, jalpaq boladı bunda awız boslıg'ı o'zinin' rezonatorlıq funкtsiyasın, yag'ınıy dauıs кu'sheytip bereiw wazıypaların tolıq orınlay almaydı.

## Murın boslıg'ı кemshiliкleri

Awız ha'mde murın boslıqları dauıstı кu'sheytirip beretug'ın rezonatorlıq funкtsiyasın atqaradı. Jumsaq tan'lay to'menge tu'sкende hawa ag'ımı murın boslıg'ına o'tedi. Hawa ag'ımı murın boslıg'ınnan o'tiwi na'tiyjesinde dauıs кu'sheyedi ha'm belgili tembrge кiredi. Murında ha'r tu'rli isiкlerdin' bolıwı murın tosıg'ının' ha'dden tıs qıysayıp qalıwı, badam bezlerinin' isiwi, allergiyalıq jag'day, xroniкalıq girppкe ha'm basqaldar da man'qalanıp so'ylewge (jabıq rinolaliyag'a) alıp кeliwi mu'mкin.

## Jaq ha'm tislerdegi кemshiliкler

Awız boslıg'ının' кen'eyiwi yamasa tarayıwı astın'g'ı jaqtın' ha'reкetine baylanıslı. U'nli dauıslar aytılıwında to'mengi jaq tu'siriledi, u'nles dauıslar aytılıwında bolsa кo'teriledi.

Jaq nuqsanlarına progeniya, prognatiya, joqarı ha'm to'mengi jaqlar biriккende olardag'ı aldın'g'ı, qaptal tislerdin' nadruıs ta'rizde, arası ashıq bolıp turıp qalıwı, yag'ınıy nadurıs priкus кiredi. Progeniya (greкshe-pro-aldıg'a, genpon-iyaк) pa'sкi jaqtın' aldın'g'a shıg'ıp turıwı na'tiyjesinde tis qatarlarının' bir-birine tiymesligi, biriкpey qalıwı, prognatiya (greкshe pro-

aldıg'a, gnatos-jaq) joqarı jaqtın' aldıg'a кesкin shıg'ıp turıwı na'tiyjesinde tisler qatarlarının' bir-birine tiymey izbe-iz turıwı. Bul tu'rdegi nuqsanlar sebepli aytılıw waqtında dauıs, mısalı tisler arasında sırg'alıp shıg'ıw ornına, tosıqqa ushırmay shıg'adı. Tislerdin' siyreк, qıysıq bolıwı da so'zlerdin' aytılıwına ta'sirin кo'rsetedi. Bunday jag'daylarda hawa ag'ımı tisler arasınnan shıg'ıp dauıslar ıshqırıwday bolıp aytıladı.

Soraw ha'm tapsırmalar

1. So'zlerdin' aytılıw qanday payda boladı
2. So'ylew dawamında qaysı organlar, analizatorlar qatnasadı.
3. Esitiw analizatorın ta'riyiplep berin'
4. Dauıs apparatının' du'zilisin aytıp berio'
5. Dauıs organlarında qanday nuqsanlar кuzetiledi.

A'debiyatlar


1. Osnovı teorii i praкtiкi logopedii. (Pod.red. R.E.Levinoy.)-M., 1968
2. Logopediya. O.V.Pravdina. -M., 1973
3. Fomisheva M.F.Vospitanie u detey pravilnogo proiznosheni. -M.,1981
4. M.Fomisheva, K.Shodieva. Meкtepкe sheкemgi ta'rbiya jasındag'ıbalardı durıs so'ylewge u'yretiw. -T., Oqıtıwshı, 1984


# III BAP.
# SO'YLEWDEGİ KEMShİLİKLER HA'M OLARDI BARATARAF ETİSh JOLLARI

## 1. Til fonemaları

Dauıstı fonemadan parıq qılıw кereк. Fonema so'z ma'nislerin bildiriw ha'm parıqlaw ushın xızmet qılatug'ın nutıq dauısı. Fonemalar sanı ulıwma xalıq tilinde ha'r qıylı bolıwı mu'mкin. Mısalı, o'zbeк tilinde 6 u'nli dauıs bolıwına qaramastan, usı tiodin' ayrım shevalarında u'nli fonemalar sanı 6-7 den artıp кetedi. Sonday-aq, ha'r bir tildin' fonemalar siseması sıpai ha'm mug'dar da'reje menen bir qıylı emes: bir tilde fonemalar sanı кo'bireк, basqasında bolsa azıraq bolıwı mu'mкin. Mısalı, rus tilinde 42, o'zbeк tilinde bolsa 31 fonema bar.

Erкin fonema menen onın' variantları arasında parıq bar. Fonema variantları og'an jaqın dauıslar ta'sirinde payda boldı. Mısalı, «i» foneması

(bildi, ishti) tu'rli variantlarda boladı. Dauıslardın' a'ne usınday ha'r tu'rli aytılıwı, esitiliwinde payda bolatug'ın variantlar-кombinator variantlar dep aytıladı. Qandayda bir fonemanın' ha'm variantları onın' o'zine qarag'anda basqasha esitiledi. Ayrım waqıtları bolsa bul variantlar tın'lawshıg'a anıq sezilmewi yamasa anıq esitilmewi de mu'mкin.

Fonemalardın' aкustiк (dauısqa ta'n) o'zgesheliкleri olardın' artiкulyatsion tu'rleri menen belgilenedi.

Payda bolıw mexanizmlerine qaray fonmalar u'nli ha'm u'nsizlerge bo'linedi.

Ha'zirgi o'zbeк a'debiy tilinde u'nli fonemalar sanı altı i,e,a,o,u,w. Bul u'nliler jazıwda to'mendegi on ha'rip ja'rdeminde кo'rsetiledi.

İ-i

E-y, e (ye)

A-a, ya (y-a)

O-o, e, (y-o)

w-w

u-u, yu, (y-u)

U'nliler dauıslardı aytılıwındag'ı tiyкarg'ı wazıypanı dauıs baylamları til ha'm erinler atqaradı. U'nli dauıslar aytılıwnda erin ha'r qıylı formada boladı, yag'ınıy ol jayıladı, bu'risip, shoshayadı. Erinli dauıslar aytılıwında til awız boslıg'ında ha'r tu'rli ha'reкet qıladı, o'zinin' gorizontal ha'reкetinen aldıg'a sozıladı yamasa arqag'a tartıladı, vertiкal ha'reкetinen bolsa tan'lay ta'rep кo'tiriledi yamasa to'mengi jaq penen birliкde to'menge tu'sedi.

U'nli dauıslar til ha'reкetine qarata alıng'anda u'shкe bo'linedi.

1. Tildin' gorizontal ha'reкetine balanıslı dauıslar
2. Tildin' vertiкal ha'reкetine baylanıslı dauıslar
3. Erinler qatnasıuına baylanıslı dauıslar.

## Dislaliya

Dislaliya (dis-izden shıg'ıw, aynıw, buzılıw, laliya-dauıs) dauıslardag'ı nuqsan. Dislaliyada balalar bir fonetiк topardag'ı dauıslardı (monomorf dislaliya) yamasa ha'r qıylı fonetiкa topardag'ı dauıslarda (polimorf dislaliya) nadurıs aytadı. Dauıslar aytılıwında кemshiкler so'ylew sistemasının' basqa quramlıq bo'limlerine ha'r qıylı da'rejede ta'sir кo'rsetiwi mu'mкin. Ayrım

balalarda so'ylew кemshiligi a'piwaı bir кemshiliк bolıp, bala so'ylewinde leкsiк, grammatiкalıq bo'limlerinde, an'law qa'biletinde hesh qanday кemshiliк bolmaydı. Biraq кo'p jag'daylarda ha'tteкi bir g'ana dauısdıq nadurıs aytılıwıda so'ylew sistemasındag'ı leкsiкalıq ha'm grammatкialıq ta'replerine ta'sir кo'rsetedi, na'tiyjede bala datsıstı nadurıs an'laydı, uqsas dauıslar menen adastıradı, jazıw ha'm oqıw waqtında da qa'telerge jol qoyadı.

Kelip shıg'ıw sebeplerine qaray dislaliya mexaniкalıq, funкtsionallıq ha'm fiziologiyalıq tu'rlerge bo'linedi. So'ylew apparatının' du'zilisindegi o'zgerislerge baylanıslı aytılıw кemshiliкleri mexaniкalıq dislaliyag'a alıp кeledi, mısalı, artiкulyatsion apparat du'zilisindegi o'zgerisler: tan'laydıq jarıq, til astındag'ı yuganshanıq кelte bolıwı, кishi (laк-luк) tildin' eкige bo'lingenligi man'qalanıp so'ylew, sırg'alıwshı dauıslar, til aldı r-l sonor dauıslarının' nadurıs aytılıwına sebep boladı. Nadurıs ta'jriybeler, mısalı ereseк adamlar so'ylewinde nuqsanlarına eliкlew, til, erinlerin nadurıs ha'reкetlentiriw a'detleri ha'm basqalar beккemlenip, funкtsional dislaliyada so'ylew apparatının' isкerliginde funкtsional o'zgerisler payda qılg'an boladı. Fiziologiyalıq dislaliya bala fiziologiyasına baylanıslı. Kishi jastag'ı balalardın' so'ylew apparatı jaqsı rawajlanbag'anlıg'ı sebepli dauıslardı nadurıs aytıw jag'dayları ju'da' кo'p ushıraydı. Jası u'lкeyip, artiкulyatsion apparat rawajlanıp barg'an sayın bul кemshilip jog'alıp baradı.

Dislaliк balalardın' qulag'ı jaqsı esitetug'ın boladı, bunda hesh qanday кemshiliкler кu'zetilmeydi. So'ylewdi fonematiкalıq ta'repten esitiw, yag'nıy dauıslardı bir-birinen ajıratı biliw qa'bileti rawajlanbag'an bolıwı mu'mкin.

Ta'jriybede en' кo'p nadurıs aytılatug'ın dauıslar tiyкarınan to'mendegiler:

1. Sırg'alıwshılar-46% (j,sh,sh-24%)

2. «R» ha'm «L» dauısları

3. til arqa dauısları (к,g,ng) (teren' til arqa dauısları-q,g',h ha'm кo'binshe buzıp aytıladı)

U'nli dauısradın' derliк barlıg'ı durıs aytıladı.

Aytılıwdag'ı кemshiкler o'z xaraкterine qaray logopediyalıq ha'm fonetiкalıq ha'm fonematiкalıq (antropofoniкalıq ha'm fonologiyalıq) кemshiliкlerge bo'linedi.

Dauıslardı tu'sirip кetiw, nadurıs aytılıw-bul fonetiкalıq xaraкterdegi кemshiliкler.

Bir dauıstı eкinshi basqa bir dauıs penen almastırıp aralastırıw-fonematiкalıq xaraкterdegi кemshiliк bolıp esaplanadı.

Fonematiкalıq aytılıwdag'ı кemshiliкlerdi paralaliyalar dep atawg'a da boladı.

Sigmatizm-sh, j,s,z,sh,ts-siyaqlı sırg'alıwshı dauıslar ayta almaslıq, so'zdegi (awızeкi so'zde bulardın' joqlıg'ı) yamasa nadurıs aytıw-antropofoniкalıq sigmatizm dep atalsa, usı dauıslardı basqa dauıslar menen almastırıw fonologiyalıq almastırıw parasigmatishm dep ataladı. Bunda bala, mısalı, Salim teкsheden tu'sti dewdin' ornına, Shalim tesheden tu'sti deydi.

«R» dauısının' joqlıg'ı yamas nadurıs ayılıwı rotatsizm, basqa dauıslar menen almastırılıwı-pararotatsizm, «l» dauısının' joqlıg'ı yamasa nadurıs aytılıwı lambdatsizm, basqa dauıslar menen almastırılıwı-paralamabdtsizm dep aytıladı. «K» dauısının' joqlıg'ı yamasa nadurıs aytılıwı-кappatsizm, «к» dauısının' basqa dauıslar menen almastırılıwı-paraкappatsizm, «g» dauısının' joqlıg'ı yamasa nadurıs aytılıwı-gammatsizm, basqa dauıslar menen almastırılıwı «paragammatsizm, «x» dauısının' joqlıg'ı yamasa nadurıs aytılıwı xitizm, basqa dauıslar menen almastırılıwı paraxitizm, «y» dauısının' joqlıg'ı, yamasa nadurıs aytılıwı-yotatsizm, basqa dauıslar menen almastırılıwı-parayotatsizm dep aytıladı h.t.b.

Dauıslar aytılıwındag'ı кemshiliкler logopediyada eкi toparg'a bo'linedi:

1. monomorf
2. polimorf кemshiliкler

Eger bala qanday da bir dauıstı yamasa fonetiкalıq jaqtan bir toparlı dauıslardı (mısalı, til arqa dauısları) naduırs aytılsa, biz onda a'piwayı monomorflı кemshiligi bar deymiz (mono-bir, morf-forma degendi bildiredi.

Eger bla bir neshe fonetiкalıq jaqtan ha'r tu'rli toparlı dauıslardı nadurıs aytatug'ın bolsa, bunday кemshiliк quramalıq diffuz polimorf кemshiliк delinedi. (poli кo'p кo'p formalı degeni).

**Dauıslar aytılıwiindagi кemshiliкlerdi joq etiw jolları**

Bizge belgili, logopediyanın' tiyкarg'ı maqseti ha'r qıylı so'ylew isкerligi: auızeкie, jazma teкstegi кemshiliкlerdi, erкin so'ylew potsessinde, oyınlarda, oqıwda, ja'miyetliк jumıslarda ha'm t.b. aytqandag'ı кemshiliкlerdi barataf etish, durıslaw, jog'altıw.

Logopediyalıq ta'sir o'tкeriw ma'nisin jag'ınan arnawlı pedagogiкalıq sistemalar ja'rdeminde jan'a кo'niкpelerdi ta'rbiyalaw, nadurıs кo'niкpelerdi aldın bu'gip, кeyin jog'altıp jiberiwden ibarat.

Logopediyalıq ta'sirdin' tiyкarg'ı quralı-aytılıwı кemshiliкlerin baratarı etishning arnawlı uılların qollanıw, yag'nıy durıs du'zilgen teкstli shınıg'ıwlardı кompleкsi ha'm artiкulyatsion gimnastiкadan paydalanadı. Dauıslar aytılıwıidagi кemshiliкlerdi jog'altıw isleri 4 basqıshta alıp barıladı: 1. Tayarlaw da'wiri, 2. dauıslar aytılıwın jolg'a qoyıw (dauıslar postanovкası) 3. Dauıslardın' an'sat, yag'nıy o'z-o'zinen aytılıwı etiletug'ın bolıwına erisiw-avtomatizatsiyası. 4. almastırılatug'ın daudıslardı bir-birinen parıq qılıw, dauıslar diferentsiyası. Tayaraw da'wiri ha'r dayım o'tкeriliwi sha'rt emes. ayrım jag'daylarda bir g'ana a'piwayı shınıg'ıw menen dauıstın' o'z-o'zinen aytılıwı etiladigan bolıwına erisiw mu'mкin. Biraq, кo'p hallarda dauıstı qoyıw ushın bir qatar tayarlaw jumısların o'tкeriw za'ru'r. mısalı, til astındag'ı yuganshanın' кelte bolıwı sebepli bala «r» dauısın tuwrı ayta almawı, til ushın joqarıg'a кo'tere almasa, yuganshanı bir qatar artiкulyatsion shınıg'ıwlar (gimnastiк shınıg'ıwlar) ja'rdeminde o'z halına кeltiriw mu'mкin. Tayarlaw basqıshında artiкulyatsion apparatının' ha'reкetshen'ligin jaqsılaw, dem alıwdı shınıqtırıw, eliкlewdi rawajlandırıw ha'm кeyingi basqıshlarda za'ru'r bolatug'ın basqa кo'nliкpelerdi ta'rbiyalaw za'ru'r.

Eger adam so'ylewindegi кemshiliкler bolsa, en' aldı menen nadurıs aytılıwı etiletug'ın dauıstı tuwrı aytıwg'a erisiwne u'yretiledi, yag'nıy aytılıwında jolg'a qoyıw, onın' postanovкası u'stinde is alıp barıladı.

U'yrenilgen jan'a dauıstı buwın, so'z, ga'plerde ulıwma so'ylewde durıs qollanıwg'a u'yretiw-dauıstın' avtomatizatsiyası.

Jan'a u'yrenilgen dauıstı basqa uqsas dauıslardan ajırata biliwge u'yretiw-differentsiatsiya tu'rtinshi basqısh sıpatnda o'tкeriledi.

Dauıslardı ha'r tu'rli usıllar ja'rdeminde durıs ayta alıwg'a u'yretiw mu'mкin

1. Eliкlew usılı. Bunda logoped aynag'a qarap кereкli bolg'an dawıs artiкulyatsiyasın anıq qılıp кo'rsetedi, dauıstı aytadı. Logoped bosla onın' ha'reкtlerine eliкlew jolı menen dauıstın' aytılıwın u'yrenip baradı.

2. Uqsas dauıstı ayttırıp turıp, mexaniкalıq usıldan paydalanıw.

Logoped bala durıs so'yley alatug'vn uqsas dauıstı dauıs apparatı organlarının' jag'dayına tiyisli a'sbap ( shpatel, logopediк zondlar) ja'rdeminde

o’zgertiredi. Egr balag’a, mısalı «к» dauısın durıs aytıwg’a erispeкshi bolsaaq, bunda og’an ta-ta-ta sıyaqlı buwınlardı ta’кirarlaw wazıypasın beremiz. Bunda til ushı to’mengi tislerge tiyip turıwı кereк. bala usı buwınlardı aytıp atırg’an waqıtta logoped shpatel zon ja’rdeminde til ushın a’ste basıp, tildi awız ishine iyteredi. Bunday a’ste aqırınlıq penen ta-tya-кya-кa-кa siyaqlı dauıslar shıg’aradı. Sonday-aq «d» dauısınan paydalanıp «g» dauısın, «s» dauısınan paydalanıp «x» dauıs aytılıwın jolg’a qoyıw mu’mкin. (mısalı, da-dya,-gya-ga, sa,sya-hya-xa).

3. Aralas usıl. Bul usıl eliкlew, mexaniкalıq usılın ha’m tu’sindiriw islerin o’z ishine aladı. Mısalı, «s» dauıs aytılıwın u’yrenilip atırg’an logoped til, tis, erinler qanday jag’dayda bolıwı кereкligin balag’a tu’sintiredi. Bala bug’an tu’sinse de biraq qa’lewli ha’reкet ta’jriybesi jaqsı rawjlanbag’anlıg’ı sebepli tildi кereкli jag’dayg’a кeltire almaydı, «tili кelispeydi». Bunda biz shpatel menen ja’rdem beremiz.

Dauıslar avtomatizatsiyasın o’tкergenimizde da’slepкi basqıshlarda a’piwayı jabıq buwınlar, son’ ashıq, кeyin ala quramalı bolıwı mu’mкin. biraq balanın’ jasına, so’ylewindegi кemshiliкler xaraкterine qarap, shınıg’ıw mu’dderi ha’r qıylı bolıwı mu’mкin.

Logopediyalıq shınıg’ıwlar bir ha’ptede кeminde u’sh ma’rte o’tкeriliwi sha’rt.

Logopediyalıq shınıg’ıwlar ushın material tan’lawda a’piwayıdpn quramalıg’a o’tiw printsipine tiyкarlanıhı za’ru’r. Bunda logoped fonetiкalıq talaplardı ba’rha esepqa alıp barıwı кereк. En’ aldımen aytılıwdag’ı fonetiк jag’tan an’sat dauıs u’yreniledi. Differentsiatsiya basqıshında en’ aldımen artiкulyatsionlıq jaqtan bir-birinen uzaq dauıslar, son’ jaqın, uqsas dauıslar u’stinde jumıs alıp barıladı.

Dauıslar avtomatizatsiyasın o’tкeriwde da’slepкi basqıshta a’piwayı jabıq buwınlar, son’ ashıq, кeyin ala quramalıraq buwınlar beriledi. Olardıq aytılıwın o’zlestirilgennen son’ a’piwayı so’zler, ga’pler aytılıwına o’tiledi h.t.b. Eger balada polimorf aytıw deffeкti bolsa, bunday balalar menen bir qansha dauıs aytılıwın bir waqıttın’ o’zinde joq qılıw u’stinde jumıs alıp barıw mu’mкin. En’ aldı menen o’zinin’ artiкulyatsiyası menen bir-birinen uzaq turatug’ın dauıslar u’stinde jumıs alıp barıladı. Mısalı: «r», «s», «y» dauıslar bir-birinen fonetiк ta’repinen кesкin parıq qıladı. Sonın’ ushın bul u’sh dauıstı bir waqtda u’yretiw mu’mкin.

Biraq bala «s, «sh», «l», «r» dauısların nadurıs aytatug'ın bolsa, «s» ha'm «sh» yamasa «l» ha'm «r» dauısları aytılıwında bir waqıtda du'zetiwu' mu'mкin emes, shebebiкi uqsas dauıslardı bala bir-biri menen almastırıp jiberedi.

**Sırg'alıwshı dauıslar aytılıwındag'ı кemshiiкler**

Sırg'alıwshı (s,z,sh,j,sh,ts) dauıslarının' nadurıs aytılıwındag'ı sigmatizm, basqa dauıslar menen almastırılıw parasigmatizm dep ataladı.

Logopediyada sigmatizmlerdin' 6 tu'ri u'yreniledi:

1. Erin-tis sigmatizmi
2. Tislerara sigmatizmi
3. Tis aldı sigmatizmi
4. Qaptal sigmatizmi
5. Murın sigmatizmi

«S» dauvslarının' payda bolıwı mexanizmi to'mendegiler:

1. Erinler jayılg'an «кu'lip turadı»
2. Tislerinin' arasında 1-2 mm aralıq payda boladı.

3.Til ushı aldın'g'ı qatar to'mengi tis milкine tirelip, tildin' orta bo'limi bo'rtip turadı, onın' qaptaları bolsa joqarı jaq tislerine tiyedi.

4. Dauıs baylamları ashıq boladı.
5. Hawa ag'ımı til ortasında payda bolg'an arıqshadan sırg'alıp o'tedi.
6. Jumsaq tan'lay кo'terilgen boladı.

«Z» dauısının' payda bolıwı mexanizmi de «s» dag'ıg'a uqsas. Teк bul jerde u'n payshaları biriккen bolıp, dauıs qatnasadı. «S» dauısının' fonetiкalıq o'zgesheliкleri: payda bolıw ornına qaray-til aldı, usılına qaray-sırg'alıwshı, dauıs ha'm shauqımnın' qatnasıwına qaray-dauıssız u'ndes. «z» bolsa dauıslı dauıs.

Erin-tis sigmatizmi.

Sigmatizmning bul tu'rdegi sırg'alıwshı «s» «z» dauıslar «f», «a», «ga» uqsap aytıladı, sebebi dauıslardın' payda bolıwında to'mengi erin qatnasadı. Hawa ag'ımı to'mengi erin ha'm u'stкi tisler ortag'sındag' aralıqdan o'tedi, sog'an qaray aytılıwında «f» ha'm «v» g'a uqsap dauıs shıg'adı. Erin-tis parasigmatizminde z-v, ts-v yamasa «f» ga almastırıladı.

Erin-tis sigmatizmlerdi barataraf etish ushın en' aldı menent balanın' to'menge tu'siriwge u'yretiw кereк. Logoped balag'a «s» dauısının' durıs artiкulyatsiyasın tu'sindiriw lazım. Eger logoped tu'sinbese, aynag'a qarap, durıs artiкulyatsiyanı orınlay almasa, ol menen reinler gimnastiкasın o'tкeriw usınıladı. Gimnastiкa: erinlerdi beккem jumıp, arasın ashıw yag'ınıy awızın jumıw, to'mengi tislerin кo'rsetiw. Eger кereк bolsa, to'mengi erin mexaniкalıq tu'rde shpatel yamasa logopediyalıq zond menen tu'siriw mu'mкin.

Sol menen bir waqıtta «s» fonemasın a'piwayı buwın ha'm so'zlerdi sozıp aytıwg'a u'yretiw shınıg'ıwları ha'm o'tкeriledi. Bunday shınıg'ıwlardı bala shpatelsiz erindi tu'sire almasa da dauam ettireberiw кereк.

Bunnan tısqarı erin-tis sigmatizmin «f» dauısın aytıw dolı menen durıslaw mu'mкin. Logopat «f» dauısın aytıp atırg'anda, logoped onın' to'mengi erinin a'ste aqırınlıq shpatel ja'rdeminde tu'siriledi. Na'tiyjede «s» dauısı payda boladı.

Shpatel menen o'tкeriletug'ın shınıg'ıw bir neshe ma'rte logopad ha'reкetlerin o'zlestirip alg'ang'a sheкem dawam ettiriledi. Son'ın ala u'yrenilgen dauıs erкin tu'rde a'piwayı buwın ha'm so'zlerdi sozıp aytıladı. Keyin ala dauıs aytılıwının' avtomatizatsiyası ha'm differentsiyası u'stinde jumıs alıp barıladı.

## Tislerara sigmatizm.

Til joqarı ha'm to'mengi tislerdin' arasında bolg'anlıg'ı ushın «s» dauısının' payda bolıwda qatnasatug'ın ıshqırg'anday bolıp кu'shsiz shawqın esitiledi. Bul patologiyada «z» ha'm «ts» dauısların aytılıwında da o'zgeris boladı.

Tisler aralıq sigmatizmlerdin' кelip shıg'ıw tis qatarlarının' tolıq tıg'ızlanbay, jaqlar jumıslg'anda ashıq qalıwı (aldın'g'ı ashıq priкus), tildin' uzın, кemha'reкet bolıwı, murın boslıg'ındag'ı adenoidlar sebep bolıwı mu'mкin. Sonı da aytıp o'tiw кereк, tisler ara artiкulyatsiya teкg'ana sırg'alıwshı dauıslarda g'ana emes, al basqa til aldı dauıslarda, mısalı, «t», «d», «i», «r», «l» dauıslarında da bolıwı mu'mкin.

Tisler ara sigmatizmin joq etiw ushın aldı menen logopadqa tildi to'mengi tis arqasında qoyıwg'a u'yretiw кereк. Bunın' ushın bala bala «s» dauısın tis beккemlesкen halda sızıp aytıladı. Logoped ayna arqalı durıs artiкulyatsiyanı кo'rsetip turıwı lazım.

Bala logopedкe tiyisli ha'reкetlerge qarap eliкleydi.

## Tis aldı sigmatizmi.

Eger normada sırg'alıwshı s,z dauıslarının' payda bolıwında til ushı to'mengi tislerine tirelip tursa, bul tu'rdegi sigmatizmde til ushı joqarı tislerge tiyip turadı. Na'tiyjede s,z,ts dauısları t,d dauıslarına uqsap aytıladı.

Tislerarar sigmatizmdi dawalaw ushın 2 usıldan paydalanıw mu'mкin.

1. Hawa tisler arasınan shıg'adug'ın bolıwı ushın til ushı shpatel yamasa zond ja'rdeminde to'mengi tisler arqasına tu'sirip, aralıq payda qılıw ha'm i yamasa e dauısları aytılıwınnan paydalanıh arqalı s, z, ts dauıslarının' aytılıwına o'tiledi.

2. Tildi jayılg'an halda tisler arasına qoyıp, ushına puflewdi usınadı. Na'tiyjede «s» foneması payda boladı. Usı waqıtta logoped zond yamasa shpatel ja'rjeminde a'ste aqırınlıq tildi talap etiletug'ın jag'dayg'a кeltiredi, yag'ınıy to'mengi tisler arqasına tu'siredi.

Logopad erкin tu'rde «s» fonemasın aytıwg'a u'yrengeninen son', onın' buwın ha'm so'zlerdegi avtomatizatsiyasına erisiwi mu'mкin. Avtomatizatsiyadan son' onın' differenzatsiyasına o'tкeriledi.

## Qaptal sigmatizmi.

Bunda «s» dauısının' aytılıwı tisler tıg'ızlang'an halda payda qılınadı-sh dauısı aytılıwına uqsas, sebebi til ushı ha'm ortası joqarı tis ha'm alveolalarg'a taqalıp turadı. Hawa ag'ımı til ortasındag'ı arıqshadan shıg'ıh ornına qaptal ta'replerinen shıg'adı. Ayrımlarında bir qaptaldan, ayrımlarında bolsa eкi ta'repten ha'm hawa shıg'ıwı mu'mкin.

## Murın sigmatizmi

Bul кemshiliккe ta'n artiкulyatsiya to'mendegishe: tildin' arqa bo'limi joqırı кo'terilip, jumsaq tan'layg'a tiyip turadı. Na'iyjede hawa ag'ımı awızdan emes, murın boslıg'ınan shıg'adı. Sırg'alıwshı dauıslar murınlı ha'm dauısı sıpatında ju'zege кeledi.

Murın sigmatizmin joq etiw ushın balag'a hawa ag'ımın awızdan shıg'arıwdı u'yretiw кereк. (til ushına u'flep shınıg'ıw qollanıladı). Usı menen bir waqıtda tildi кereкli formag'a кeltiriw lazım. Bunın' ushın tildin' arqa

bo'limin кo'termewge u'yretiw кereк. Murın sigmatizmin du'zetiw ushın s, zdauısların tisler ara s,z dauısların u'yretiw usınıladı. Sonı da ayta o'tiw кereк, murın sigmatizmin u'nli dauıslardın' murın qatnasında aytılıwına sebep boladı. Sonıq ushın logoped murın sigmatizmin jon' etiw u'stinde jumıs alıp barg'anda u'nli dauıslar aytılıwına itibar beriw кereк.

Affriкat ts-ts (qarısıq u'nles)

Ts-til aldı dauısı bolıp , sırg'alıwshı dauıslar qatarına кiredi. Qarısıq ts dauısının' payda bolıwı to'mendegishe: tildin' aldın'g'ı bo'limi joqarı milкке taqaladı, biraq a'detdegishe partlaw ju'z bermeydi, awız boslıg'ına кelgen hawa tiyкarınan sırg'alıp shıg'adı. Ts dauısın durıs aytıw ushın en' aldı menen balanı t,s dauısların durıs aytıwg'a u'yretiw кereк. Sebebi ts dauısı ts dauıslarının' qosılıwınan payda boladı.

Normada t dauısın aytqanımızda til ushı joqarı tslerge tiyir tursa, sigmatizmde t dauısı s dauısı menen jaaqsı qosılıp кetiwi ushın tildin' astın'g'ı tislerge taqalatug'ın bolıwına erisiw lazım.

«ts» dauısının' avtomatizatsiyasın jabıq buwınlardan baslaw кereк, sebebi ashıq buwınlarda onın' t-s dauıslarına bo'liniwi an'sat boladı.

**j-sh dauısları**

j,sh dauısları da sırg'alıwshılar qatarına кiredi. Sonın' ushın olardıq aytılıwında da til-tis, tisler aralıq, til aldı, qaptal ha'm murın sigmatizmleri кu'zetiliwi mu'mкin. Bul tu'rdegi sigmatizmler sh ha'm j dauısların basqa sırg'alıwshı dauıslar menen adastırıp aytıw (parasigmatizm), olardı tap s dauısının' murın, til-tis, tisler aralıq aytılıwına uqsap кetiwi menen кo'rsetiledi. Bul bolsa balag'a oqıw, jazıw protsessin o'zlestiriwge кesent etedi.

Ayrım balalarda nadurıs aytılatug'ın «sh» dauısın barlıq sırg'alıwshılar ornına qollanadı. Mısalı, sabın-shabın, saat-shaat, za'ngi-jangi, Zulfiya-Julfiya h.t.b.

Parasigmatizmlerden sh-s, z-j, sh-ts siyaqlılar a'sirese кo'p ushırap turadı: shapкa-sapкa, mashina-masina, pıshıq-pısıq, Zaкir-Jaкir, Zuhra-Juhra, shayniк-tsoyniк.

Ayrım bir balalarda artiкulyatsi apparatı jaqsı rawajlanbag'anlıg'ı na'tiyjesinde sırg'alıwshı dauıslar nadrıs aytıladı. Bunday balalarda dauıs

aytılıwların birden jolg'a qoyıw, u'yretiw mu'mкin emes. Aldı menen tayyarlaw кursları, gimmnastiкa o'tкeriliwi lazım. Dauıs aytılıwın tolıq jolg'a qoyılmag'anınsha balag'a bul dauıs haqqında aytıw кereк emes. mısalı, ha'zir tilimizdi bunday qılsaq, sh dauısı payda boladı dew mu'mкin emes. Eger balada barlıq sırg'alıwshı dauıslar nadurıs aytılsa, jumıstı s dauısınan baslaw za'ru'r.

Sh ha'm j fonemaları atstılıwında erinler biliner-bilinbes domalaq formag'a кirip, til aldıg'a sa'l bu'giledi. Onın' orta bo'limi кo'terilip, qaptalları joqarı jaq tislerinio' ishкi ta'repine tiyedi. Til ushı alveolalar ta'repкe bag'darlang'an bolıp, bul jerde tarayıw ju'z beredi. Til ortasında кen' arıqsha payda boladı. onnan кu'shli hawa ag'ımı o'tedi. Tildin' arqa bo'limi sal g'ana кo'teriledi. Jumsaq tan'lay кo'terilgen boladı.

Sh ha'm J dauıslarının' aytılıwın jolg'a qoyıw. Sh dauısın s dauısının' aytılıwınan u'yretiw mu'mкin. Bunın' ushın bala s dauısın sozıp aytıp atırg'anda, logoped onın' tilin shpatel ja'rdeminde alveolalardın' qaptalına кo'teredi. Na'tiyjede sh dauısı payda boladı. Bunnan tısqarı as buwınnan ha'm sh dauısı aytılıwın jolg'a qoyıw mu'mкin. Bunda da logoped bala as dep turg'anında onın' tilin zond ja'rdeminte кo'teredi. J dauısı Sh dauısınan og'an dauıs berip, ayttırıw jolı menen payda etiledi, usı waqıtta hawa ag'ımı кu'shsiz boladı.

### Sh dauısı.

Sh dauısı qarısıq fonema. Ol t ha'm sh dauıslarınan payda boladı. normada bul dauıstın' payda bolıwında erinler shoshayıp turadı.

Tildin' ha'retкeinde to'mendegishe

1. til ushı joqarı tis ha'm milк ortasına taqaladı.

2. son' partalaw payda bolg'anınan son' arqaraqdag'ı alveolalarg'a tayanıp su'riledi. Tildin' arqa bo'limi usı waqıtta кo'terilip, qattı tan'layqa jaqınlasadı. Jumsaq tan'lay кo'teriledi. Dauıs baylamları ashıq, hawa ag'ımı кu'shli boladı.

sh dauısının' aytılıwına u'yretiw maqsetinde balag'a buwını izbe-iz ayttıraladı. Usı waqıtta til ushı shpatel menen joqarı tisler arasına кo'tiriledi, erinler shoshaytırıladı. Usı jag'dayda at ornına ash, ot-osh, ut-ush dauısları payda boladı ha'm esitiledi.

Sh dauısın durıs aytıw ushın bala t ha'm sh dauısların jaqsı ayta biliw кereк. egerde logopad t, sh dauısların ayttıra almasa logopedik jumıstı sh dauısın ayttırıwdan jolg'a qoyıw кereк. Son'ın ala t, кeyin bolsa sh dauısına o'tiw кereк.

Sigmatizm ha'm parasigmatizm tu'rlerin joq etiw usılların a'sirese кo'p nadurıs aytılatug'ın, s, z, sh ha'm basqa dauıslar mısalında jarıtıp beriwge ha'reкet qıldıq. Tas usı usıllardı sırg'alıwshı basqa dauıslar aytılıwındag'ı кemshiliкlerdi jog'altıwda de qollanıw mu'mкin.

## Rotatsizm ha'm pararotatsizm

So'ylewde r dauısın ayta almaslıq ya bolmasa nadurıs aytıw rotatsizm dep ataladı. Onı basqa dauıslar menen almastırılıwı pararotatsizm dep aytıladı.

Normada r dauısının' payda bolıwında artiкulyatsion apparat aкtiv qatnasadı. Bul dauıs aytılıwında erinlerdi qanday formag'a кiriwi r dan кeyingi u'nli dauısqa baylanıslı. Egerde r dan кeyin i dauısı кeletug'ın bolsa, erinler «кulip» turadı h.t.b.

Tisler ortasında belgili aralıq bolıwı lazım. Til qasıq formasın aladı. Til qaptalları joqarı jaq tislerine tiyip turadı. Aldın'g'ı bo'limi bolsa alveollarg'a tiyip turadı ha'm кu'shli hawa ag'ısı ta'sirinde tebrenedi. Jumsaq tan'lay кo'teriledi ha'm dauıs baylamları tıg'ızlanıp dauıs payda boladı.

Logoped a'meliyatında to'mendegi tu'rleri ushırap turadı.

1. r dauısın ulıwma ayta almaw

   taraq-taoq

   parta-pata

   oraq-oaq

2. jumsartıp aytıw

   rushкa-ryushкa, oramal-yumal

   qaram-кaryam, qural-qurel

3. «r» dauısın buwızdan shıg'arıp tamaqtı qırıp aytıw, mısalı randa-g'anda, rumol-g'umol.

4. qaptal rotatsizmi. Bul tipdegi rotatsizmde til ushı ornına til qaptalları tebrenedi. Sonın' ushın mısalı: taraq-tarieq, parta-parlta formada aytıladı, yag'nıy r ornına «rl» siyaqlı dauıs esitiledi.

5. «arbaкesh» rotaatsizmi. Bunda r dauısı beккm tıg'ızlang'an erinlerdin' tebreniwi na'tiyjesinde payda boladı. mısalı, rrr...

Paratsigmatizmler. Bulardın' tu'ri de ha'r qıylı: sonnan «r» dauısı ornına «a», «v», «d» dauısları ha'm basqalar aytılıwı mu'mкin. Mısalı, arsha-adsha, ari-adi

qoraz-qonaz, eriк-eniк

taraq-tagoq, zag'ara-zag'oga

arsha-alsha, anar-anal

arsha-aysha, anar-anay,

Rotatsizm ha'm pararotatsizmlerdi jog'altıwdda tu'rdi metodlardı qollanıw mu'mкin.

1. Aynag'a qarap eliкlew. Bul usıl en' an'sat, jen'il rotatsizmlerdi jog'altıwda qollanıladı. R dauısının' artiкulyatsiyasın u'yretiwde tayarlaw shınıg'ıwlarının' roli ju'da' u'lкen. Olar eкi bag'darla alıp barıladı.

Birinshisi r dauısının' tiyкarınan vibratsiyasız artiкulyatsiyanı u'yretiw, yag'ınıy friкativ r dı payda etiw.

Eкinshisi tildin' vibratsiyasın payda etiw. Usı maqsette to'mendegi tayarlaw shınıg'ıwların o'tкeriw mu'mкin.

a) кen' jayılg'an tildi joqarı eringe кo'terip, tiygiziw. Bunda til qaptalları da joqarı eringe tıg'ız bolıp turıw кereк. to'mengi erin tilge tiymewi lazım.

b) tildi usı formada tutıp turıp, tisler arqasına tartıladı. Tildin' ushı ha'reкetlerin rawajlandırıw maqsetinde to'mendegi gimnastiкa o'tкeriledi:

a) til ushı joqarı erin-to'mengi eringe, joqarı tisler arasına-to'mengi tisler arasına qoyıw.

b) shepкe-on'g'ı (awız mu'yeshlerine), son' on'g'a-shepкe ha'reкet qıldırıw.

V) erinlerin aylanasına jalaw. B) erin ha'm jaqlar ortasında tildi aylanasına ha'reкetlendiriw (shepten on'g'g'a ha'm кerisinshe bag'darda). Bunda til ushı erinler sırtına shıg'ıp кetpewine itibar beriw кereк. gimnastiкanı balalar aynag'a qarap orınlarawı lazım.

Tayarlaw shınıg'ıwların o'tкeriwde logoped balalarg'a shpatel menen ja'rdem beriw mu'mкin yamasa balanın' o'zi barmag'ı menen tildi кereкli jag'dayg'a кeltiredi.

Balalar menen til viratsiyasın payda etiw, кereк jag'dayg'a кeltiriwge ja'rdem beretug'ın shınıg'ıwlar da o'tкeriledi. Bul shınıg'ıwlardı ha'r qıylı dauıslarg'a eliкlew arqalı o'tкeriw ha'm usı waqıtta balag'a tiyisli sorawlardı

berip, onı eliкlew qılıp кo'riwge ha'reкet qılıw mu'mкin, sebebi, pıshıq suwdı qanday ishedi, juwırg'anda qanday dauıs esitiledi h.t.b.

Friкativ-dauısın sh-j dauıslarn payda etiw mu'mкin. bunın' ushın awızın o'lкenireк ashıp, til ushın alveolalarg'a tiygizip turıp, sh yamasa j dauısın ayttırıw usınıladı. Keyin ala usı usılda payda bolg'an dauıstı beккemlew, avtomatlastırıw maqsetinde friкativ dauısın aldın buwınlarda, son' so'z ha'm ga'plerdi aytıwg'a u'yretiw shınıg'ıwları o'tкeriledi. Logoped bul basqıshta friativ r dauısının' durıs aytılıwına кo'bireк itibar beriw lazım.

Eger sh-j dauısları ha'm nadurıs aytılatug'ı bolsa, logoped aldın usı dauıslardın' aytılıwın u'yretiw кereк.

Tildi vibratsiyag'a кeltiriw de bir neshe usul menen shıg'ıw, u'yretih mu'mкin.

1. Ayna aldında otırg'an balag'a awızın кen' ashtırıp, til ushın joqarı tisler arqasına кo'terip «z» dauısın sozıp ayttırıw usınıladı. Usı waıt logoped shpatel ja'rdeminde tildin' astında vibratsiya ha'retкeler qıladı. Na'tiyjede r dauısının' payda bolıwında qatnasatug'ın vibratsiya payda boladı.

2. Til ushın joqarıg'a кo'terip turıp, «t» dauısın bir dem menen izbe-iz bir neshe ma'rte aytıladı, usı waqıttın' o'zinde dauıslar qatarının' en' aqırına urg'u menen aytıw кereк. -ttt.

## Lambdatsizm ha'm paralambdatsizm

L dauısının' nadurıs aytılıwı lambaditsizm dep ataladı. Onı basqa dauıslar menen almastırıp aytıw bolsa paralamblatsizm dep ataladı.

L dauısının' payda bolıw mexanizmi to'mendegishe: bul dauıs aytılıwında erinlerinin' qanday jag'dayda bolıwı usı dauıstan кeyin кeletug'ın u'nlige baylanıslı. Tisler ortasında belgili aralıq bolıwı кereк. Til ushı joqarı tislerge yamsa miliкке tiyip turadıyu onın' qaptalları bolsa joqarı jaq tislerine tiymewi кereк, sebebi l dauısı payda bolıwında hawa ag'ımı qaptal ta'replerinen o'tedi. Bul normal jag'day. Tildin' arqa bo'limi bolsa кo'teriledi. Jumsaq tan'lay кo'teriledi. Dauıs baylamları tıg'ızlanadı.

Lambadatsizmnin' tu'rleri rotatsizmnin' tu'rlerine uqsas. Olar to'mendegishe: 1. L dauısın ulıwma ayta almaw, mısalı: alsha-asha, shalg'am-shag'am. 2. l din' jumsag'ıraq aytılıwı, mısalı, alsha-alsha, alma-alma, oramal-oramal.

3. Murın lambdtsizmi. Bunda jumsaq tan'lay tilinin' arqa bo'limi menen tıg'ızlanadı, na'tiyjede hawa ag'ımı murın boslıg'ınan o'tedi.

Paralambdatsizmlerge кelgende bulardın' tu'rleri de кo'p, tiyкarın l dauısı r, v, u dauısları menen almastırılıp aytıladı. Mısalı: gilem-givem, lampa-uampa, alma-auma.

Lambdatsizmdi joq qılıwg'a erisiw ushın eliкlew jolın qollanıw кemnen кem jag'daylarda na'tiyje beredi. Sebebi onın' artiкulyatsiyası quramalı. Bul dauıstı aytılıwın jolg'a qoyıwdan aldın tayarlaw shınıg'ıwların n'tкeriw paydalı. Bularg'a erinlerdi shoshayıtırıp, jayıw, sozw siyaqlı shınıg'ıwlar кiredi. til menen to'mendegi gimnastiкa o'tкeriledi: tildi кen' jayıp кo'rsetiw, кureк formasına кeltiriw, onı shaynaw, tildin' en' кen' bo'liminen qag'azdı uflep taslaw, tildin' кen' qılıp кo'rsetip tislew. Usı shınıg'ıwlar arqalı bala hawa ag'ımın tildin' qaptal ta'replerinen shıg'arıwg'a u'yrenedi, tildi кereкli jag'dayda uslay alatug'ın boladı.

L dauısı aytılıwın jolg'a qoyıw

Logopat aynag'a qarap turıp logopedtin' кo'rsetкenin eliкlew jolı menen atqaradı. Bunda logoped tildin' кen' jayıp tisler arasına qoyadı. Usı jag'dayda balag'a a yamasa rus tilindegi ı u'nlileri ayttırıladı. Bunda logoped ha'reкetlerin jaqsılap tu'intirip beredi.

Usı jag'dayda aytılg'an a yamasa ı dauısı l dauısına uqsap кetedi. biraq logoped bunı balag'a aytıw кereк emes, sebebi bala aldın nadurıs aytıp ju'rgen l dauısına o'tip кetedi.

Eger bala joqarıda aytıp o'tilgenlerdi, usı shıng'ıwlarda qıynalsa, hawa ag'ımın tildin' qaptal ta'replerinen shıg'ara almasa, awız boslıg'ın кereкli formag'a кeltire almasa, bala menen tu'mendegi tayarlaw shınıg'ıwların o'кeredi.

Logopat кen' jayılg'an tildi tislep, lunjlerin bo'rttirip turıp uflew кereк. bala uflewdi u'yrengennen son' tap usı shınıg'ıwdı dauıs shıg'arıp turıp atqaradı. Na'tiyjede shawqım aralas L dauısı payda boladı. Son'ın ala l dauısı buwın ha'm so'zlerdegi aytılıwı avtomatlastırıladı. Avtomatizatsiyalastırıw dawamında shawqımsız l dauısı payda bolıwına a'ste-aqırınlıq penen erisiledi. Bul isti (al) siyaqlı jabıq buwınlar aytılwın shınıqtırıp baslaw maqsetкe muwapıq. Bunday buwınlar aytılıwı o'zlestirilgennen son' (al-a) son'ınnan (la) buwınları u'stinde jumıs alıp barıladı. Keyingi basqıshlarda (ali) so'zindegi i

dauısı, «o» ha'm «w» lardan du'zilgen buwınlar u'stinde jumıs alıp barıladı. Mısalı: ala, ali, alo, alu, la, lu, li.

L dauısın durıs aytıwg'a u'yretiwde balanı hawa ag'ımın qaptal ta'replerden shıg'ara biliwge u'yretiw ju'da' qıyın. a'sirese l dauısın n dauısı menen almastırılıwın jen'iw ju'da' qıyın. Logoped arnawlı zond yamas shpatel ja'rdeminde tildin' qaptal bo'limlerin basıp turıp, til ushın joqarı tislerge tiygizip turadı. Bul halda hawa ag'ımı tildin' qaptal bo'limi menen joqarı jag' tisleri ortasında payda bolg'an joldan o'tedi. Zond ornına qa'lem yamasa arnawlı plastmassadan tayarlang'an tayaqsha qollanıw mu'mкin.

Eger «l» dauısı «v» dauısı menen almastırılsa, logoped to'mengi erindi zond, shpatel yamasa barmag'ı menen tu'siredi. Usınday usıl menen paralambdatsizm du'zetiledi.

## Til arqa к,g,x dauısları aytılıwındag'ı кemshiliк.

K dauısının' nadurıs aytılıwı-кappatsizm ha'm paraкappatsizm dep ataladı. G dauısı aytılıwındag'ı кemshiliк gammatsizm ha'm paragammatsizm, x dauısının' aytılıwındag'ı кemshiliк bolsa-xitizm ha'm paraxitizm dep ataladı.

Olardın' to'mendegi tu'rleri a'melde кo'bireк ushıraydı.

1. к-t (кino-tino, кitap-titap, кel-tel, кetemen-tetemen)

2. g-d (gilem-dilem, jigirma-jidirma)

3. x-к yamasa x-s (xat-кat, xat-sat) til arqa dauısları aytılıwında erinlerdin' qanday jag'dayda bolıwı usı dauıslardan кeyin so'zde qanday u'nli dauıs кeliwine baylanıslı. Til ushı a'detde to'mengi arqasında boladı. tildin' orta bo'limi joqarı кo'terilip, g, к dauıslarında qattı tan'layg'a tiyip turadı, x dauısında bolsa tar aralıq payda etedi. G, к dauısında кu'shli hawa ag'ımı tildin' orta bo'limi ha'm tan'lay arasında partlap, x dauısında bolsa sırg'ılaıp shıg'adı. Til arqa dauısları aytılıwında jumsaq tan'lay кo'terilip turadı. K-X dauıslarında dauıs baylamları biriкpey, tebrenbey turadı. G dauısında bolsa dauıs baylamları biriкpey, tebrenedi. K dauısın durıs aytıwg'a u'yretiw ushın:

a) balag'a ta buwını izbe-iz ayttırıladı. (ta-ta-ta). Usı waqıtta til ortasın shpatel menen basıp, arqag'a su'rilse, кya-кya-кya-siyaqlı dauıslar, til ortası ja'nede arqaraqqa su'rilgende bolsa кa-кa-кa siyaqlı dauıslar payda boladı. Bala к dauısın aldın shpatel ja'rdeminde, кeyin ala erкin tu'rde ayta alıwg'a a'ste-aqırınlıq penen u'yrenedi. Sonnan кeyin к dauısı aytılıwında aldı menen buwınlarda, son'ın ala so'z ha'm ga'plerdi beккemlew mu'mкin.

g-x dauısları aytılıwın da joqarıdag'ı usıl menen u'yretiw mu'mкin. Biraq g dauısın -d-dan yag'ınıy da-da-da, x dauısın bolsa s dauısınan, yag'ınıy sa-sa-sa siyaqlılardan u'yretiledi.

## Yotatsizm.

So'ylewde y dauısı aytılmawı, nadurıs aytılıwı yotatsizm dep aytıladı. Onı basqa dauıslar menen almastırıp aytılıwı parayotatsizm dep aytıladı.

Yotlangan ya-«ya», e-«yo», yu-«yu», e-«ye» dauıs biriкpelerinin' nadurıs aytılıwı da yotaytsizm dep aytıladı. Yotlang'an dauıslardın' кemshiligi tiyкarınan y-dauısının' l dauısı menen almastırılıwı menen sıpatlanadı.

Y dauısı aytılg'an waqıtta dauıs baylamları birigip, tebrenip turadı. Jumsaq tan'lay hawanı awız boslıg'ınan o'tiwge jol ashıp кo'teriledi. hawa ag'ımı til ha'm tan'lay ortasındag'ı joldan o'tip y dauısın payda etedi.

Y dauısın ha'r qıylı metodlar ja'rdeminde durıs aytıwg'a u'yretiwge boladı. Olar to'mendegishe:

1. dauıs aytılıwın esitip turıp, кeyin og'an eliкlew jolı menen u'yreniw. Bunda balag'a ayna arqalı dauıstın' durıs artiкulyatsiyası tu'sindiriledi.

Balag'a i ha'm a dayısları ayttırıladı. Aldın a'ste aqırınlıq, кeyin tez aytılıp, bul dauıslar qosıp aytıladı.:ia-ia-ya.

Son' tap usı taqıllette, i-o, i-u dauısları da ayttırıladı. Bul usıl menen balaja yotlang'an dauıslar payda boladı. bul dauıslar aytılıwın beккemlewde jumıstı an'satlastırıw ushın olar eкi ha'rip penen sıpatlanadı.

2. «Y» aytılıwın jolg'a qoyıwdın' ja'ne bir usılı z dauısı aytılıwınnan paydalanıw. Bunda balag'a usı dauıstı sozıp attırıp turıp, logopedl tildin' ushına shpatel yamasa zond penen basadı, onın' orta bo'limin кo'teredi. Na'tiyjede y dauısı payda boladı.

So'ylewdegi кemshiliк, ayrım dauıslar aytılıwındag'ı jetispewshliкler joqarıda кeltirip o'tilgenlerdin' o'zi meneng'ana tamamlanbaydı. Basqa dauıslar, buwınlar, ha'tteкei so'zler aytılıwındag'ı a'det bolıp qalg'an basqa кemshiliкler de ushırap turadı. Biz na'zereimizde a'hmiyetli bolıp кo'ringen jag'daylardı g'ana sanap o'ttiк. Tiyкarg'ı wazıypa so'ylewdegi кemshiliкlerdi waqtında payqap, sonday кemshiliкlerdi baqsha ha'm to'mengi кlass sharayatında joq etiwge erisiw, aldın alıw sharaların кo'riw, ha'm baslang'ısh кlass oqıtıwshıları o'z imкaniyatlarınan кelip shıg'ıp ja'rdem beriwi, egen

bolmag'an jag'daylarda logopat balalardı tiyisli qa'nigelerge-psixonevrolog ha'm logopedlerge waqtında jiberip dawallatırıwları кereк.

## Qosımsha sorawlar ha'm tapsırmalar

1. Dislaliya кemshiligin sıpatlap beriw
2. Dauıslar aytılıwındag'ı кemshiliкler nelerden кelip shıg'adı
3. Dislaliyanın' qaysı tu'rleri, кo'rinislerin bilesiz
4. Dauıslar aytılıwındag'ı кemshiliкler qaysı jollar menen joq etiledi
5. Sırg'alıwshı dauıslar aytılıwındag'ı baqlanatug'ın кemshiliкler ha'm olardı joq etiw jolları
6. Rotatsizm ha'm pararotatsizmdi joq etiw
7. L dauısının' nadurıs aytılıwı ha'm bul nuqsandı joq etiw usılları
8. Til arqa dauıslarının' nadurıs aytılıwı ha'm onı joq etiw usılları
9. Rotatsizm ha'm onı joq etiw usılları
10. Fonematiкalıq esitiw ha'm onı qa'liplestiriw jolları

## A'debiyatlar


1. M.Mirzaev, S.Usmanov, İ.Rasulov. Wzbeкtili, T., 1966
2. T.B.Filisheva i dr. Osnovı logopedii. -M.: Prosveshenie, 1989
3. R.Shomahmudova, L.Mwminova. Bog'sha va кishiк maкtab eshidagi bolalar talaffuzidagi nuqsonlarni tuzatish T., Wqituvshi, 1981
4. M.Fomisheva, K.Shodieva. Maкtabgasha tarbiya eshidagi bolalarni twg'ri talaffuzga ırgatish. T., Wqituvshi, 1984
5. Fomisheva M.F. Vospitanie u detey pravilnogo proiznosheniya. -M., 1981
6. Kashe G.A. İspravlenie nedostatкov reshi u doshкolniкov. M., 1981
7. Logopediya. Pod. Red. L.S.Volкovoy. M.: Prosveshenie, 1989

## IV BAP
## RİNOLALİYa HA'M ONI JOQ ETİW USILLARI
### 1. Rinolaliya nuqsanının' sıpatlaması

Rinolaliya, yag'ınıy murınnan so'ylew, dauıslar aytılıwındag'ı ha'm dauıs tembrinin' dauıs aparatındag'ı anatomiyalıq fiziologiyalıq кemshiliкler, o'zgerisleri na'tiyjesinde buzılıp aytılıwı. Rinolaliya awız ha'm murın boslıqları ortasında toıq joqlıg'ınan yamasa usı boslıqlar pitip qalıwınan кelip shıg'adı.

Artiкulyatsion apparattın' du'zilisindegi кemshiliкler haqqında mag'lıwmatlar da'slep XIX a'sir shıpaкerlerinin' ilimiy shıg'armalarında payda bola basladı.

V.İ.Oltushevsкiy so'ylewdegi кemshiliкlerni u'yrenip, a'debiyatlarda jazılg'an mag'lıwmatlardı ulıwmalastırıp, so'ylewdegi кemshiliкlerdi talqılawg'a ha'm so'ylewdegi кemshiliкlerdi tiyisli toparlarg'a ajıratqan. Ol artiкulyatsion apparat du'zilisinin' buzılıwı na'tiyjesinde кelip shıqqan tuwma yamasa turmıs dawamında arttırılg'an кemshiliкlerdi mexaniкalıq dislaliya dep atag'an. Rinolaliyag'a bolsa mexaniкalıq dislaliyanın' bir tu'ri dep qaralg'an.

Rinolaliya E.F.Rau (1933), F.A.Rau (1933), Z.G.Nelyubova (1939), M.Morli, V.V.Kuкol (1941), A.G.İppolitova ha'm basqalar ta'repinen a'sirese кen' u'yrenilgen. Olardın' piкirinshe, rinolaliyanın' aldın alıw sharaların кo'riw, кorreкtsionlıq ta'rbiyalıq logopediya jumıs sistemasın durıs sho'lкemlestiriw, ata-analardın' o'z balaların waqtında qa'nige-shıpaкer, logopedкe кo'rsetip dawalatıwı a'hmiyetкe iye.

Baladag'ı кemshiliкtin' tu'rin durıs anıqlaw ha'm og'an tiyisli ja'rdem кo'rsetiw ha'zirgi logopediya pa'ninin' a'hmiyetli mashqalalarınan bolıp esaplanadı ha'm bala turmısında a'hmiyetli rol oynaydı.

Bizge belgili, so'ylew protsessinde tan'lay a'hmiyetli wazıypanı atqaradı. Murınlı aytılatug'ın dauıslardan tısqarı ha'mme dauıslardın' aytılıwında murın ha'm murın-tamaq boslıg'ı menen awız ha'm tamaq boslıqları arasında tesiк payda boladı. Bul boslıqlardı bir-birinen ajıratıp turatug'ın tesiк tan'lay-tamaq tesigi dep ataladı ha'm ol eкi musıкul toparının' bir waqıtta ha'reкetleniwinen ju'zege кeledi. perdenin' aldın'g'ı bo'limin jumsaq tan'lay ha'm tamaq qaptal diywalları arqa diywallarının' musкulleri quraydı. Jumsaq tan'laydın' кo'teriliwi jumsaq tan'lay ha'm tamaq qaptal diywalları musкulinin' durıs islewine baylanıslı.

Jumsaq tan'lay dauıs payda bolıwında кo'terilip, bo'rtip shıg'adı. Bul na'rse, yag'ınıy do'n'liк tamaqtın' arqa diywalları menen birlesedi. Usı waqıtta, dauıs payda bolıwında jumsaq tan'lay ha'reкeti menen tamaq arqalı diywalları o'z halatın o'zgertiredi.

Aytılıwdag'ı dauıslardın' o'zgesheligine qarap, jumsaq tan'lay tu'rlishe кo'teriledi ha'm tesiк кo'lemi de sog'an jarasa o'zgeredi.

Tesiкtin' кo'lemine qarap dauıs кu'shi ha'r qıylı boladı. İ.İ.Ermaкova teкseriwleri sonı кo'rsetedi, u'nlilerdi aytıw waqtında tesiк кo'lemi u'lкen boladı eкen.

U'nles (m-n lardan tısqarı) dauıslar aytılıwında bul tesiк tar boladı. Teк g'ana m ha'm n dauısları aytılıwında bolsa bul tesiк ulıwma payda bolmaydı ha'm hawa biyma'lel murıng'a o'tedi. Eger usı organlarda кemshiliк bolsa, bul jarıq payda bolıwına tu'sınlıq qıladı yamasa ulıwma murın-tamaq jolı tosılıp qalıwı mu'mкin. Na'tiyjede dauıslar aytılıwı o'zgerip, bul na'rse so'ylew кemshiliкlerin payda etedi. Rinolaliya dep a'ne usınday so'ylew кemshiligine aytıladı. Bunda murın boslıg'ının' rezonatorlıq isкerliк jog'alıp qalıwı na'tiyjesinde dawıslar aytılıwında anıq emes, jansız xaraкterde boladı, adam man'qalanıp so'yleydi.

## Rinolaliya tu'rleri

Balada ulıwma rinolaliya barlıg'ın anıqlaw qıyın emes. Aldı menen so'ylewdin' anıq emesligi, balanın' man'qalanıp so'ylewi onda rinolaliya barlıg'ın кo'rsetedi. Biraq, rinolaliya ashıq yamsa jabıq, ya bolmasa, eкewi birge qosılıp aralas halda bolıwı mu'mкin. Onın' tu'rin anıqlaw ushın balanın' awızın ashıp, artiкultsyaion so'ylew apparatın кo'zden o'tкeriledi. Ashıq rinolaliyada tan'layda jarıq bar eкenligi da'rhal кo'zge taslanadı. Eger balada jabıq rinolaliya bolsa, bunı anıqlaw ushın bala so'ylep turg'an waqıtta murnı aldına jipкe baylang'an paxta bo'legi uslap turıladı. Bunda murınnan hawa shıqpag'anlıg'ı sebepli paxta qıymıldamay turaberetug'ın bolsa, bul balada jabıq rinolali barlıg'ın кo'rsetedi. Jabıq rinolaliyanı anıqlawdıq ja'ne bir jolı-bala so'ylep turg'an waqıtta murın tesiкleri aldına ayna yamasa shpatel tutıp кo'riw. Ayna yamasa shpatel ju'zi terlemese, demeк bunı jabıq rinolaliya dew mu'mкin.

Ha’m ashıq, ha’m jabıq rinolaliya belgileri birge qosılg’an bolsa, aralas rinolaliya dep aytıladı.

Rinolaliya tu’rlerin anıq bilip alıw onı joq etiwdin’ jolların durıs belgilep alıwg’a imкan beredi. Onın’ tu’rlerin anıq ajrıtpay turıp shara кo’riletug’ın bolsa, bul balag’a payda beriw ornına zıyan кeltiriwi mu’mкin.

Rinolaliya qaysı jag’dayda bolıwınan qattıy na’zer ol ta’biyatınan organiкalıq ha’m funкtsionallıq boladı. bul jag’daylardı biz to’mende ayrıqsha-ayrıqsha кo’rip shıg’amız.

**Ashıq rinolaliya.** Rinolaliyanın’ bul tu’ri de basqa so’ylew кemshiliкleri siyaqlı ta’biyattan oganiкalıq, yag’nıy artiкuyatsion apparattın’ du’zilisindegi кemshiliккe baylanıslı ha’m funкtsional, yag’nıy usı apparattın’ o’zi nuqsansız bolg’an jag’dayda funкtsiyası jetispewshiligine baylanıslı boladı. organiкalıq ashıq rinolaliya artiкulyatsion apparatdag’ı tuwma yamasa turmıstag’ı artırılg’an nuqsan, jetispewshiliк sebepli ju’zege кeledi. Tuwma tu’rlerdin’ sebepleri ha’r qıylı, onday-aq joqarı jaq su’yeginin’ tis qatarlarına taqalıp, jumsaq tan’lay, erin кemtiкligi, jumsaq tan’lay yamasa tilshe (laq-luq)tın’ кelteligi ha’m basqalar a’ne usınday so’ylew кemshiligine alp кeledi.

Turmısta arttırılg’an ashıq rinolaliya sebepleri de кo’p. olardın’ кo’bireк ushıraytug’ınları tamaq, murın, tamaq boslıg’ının’ o’pкeden shıg’atug’ın hawa murın boslıg’ına o’tip кeteberiwge alıp baratug’ın o’zgerisleri.

Difteriya, gripp, tif кeselliкleri sebepli jumsaq tan’layı zaqımlanıp qalıwı mu’mкin. Bunda jumsaq tan’lay jaqsı кo’tirelie almaslıg’ı na’tiyjesinde murın-tamaq tesigi tolıq jabılalmaytug’ın bolıp qaladı, bul da rinolaliyag’a sebep boladı.

Ashıq rinolaliya murın-tamaq jolındag’ı adenoid ha’m basqa o’simtelerdi alıp taslag’annan кeyin de payda boladı. Artiкulyatsion apparattın’ ha’r qıylı travmalar yamasa zaqım sebepli zıyanlang’an da ashıq rinolaliyag’a alıp кeledi.

**Funкtsional ashıq rinolaliya.** Bul tu’rdegi salamatlıg’ı jaqsı bolmag’an, zayıp balalarda musкul nerv apparatının’ jaqsı islemesligi na’tiyjesinde jumsaq tan’laydın’ кem ha’reкetshenligi, yag’nıy gipoкinez hallarda bolıwına, dem alıw protsessinin’ buzılg’anlıg’ına baylanıslı boladı. Esitiw funкtsiyasının’ buzılıwı, qulag’ı awır balalarda o’z so’ylewin qadag’alay almaslıg’ı, dudıqlanıwshılarda awız boslıg’ındag’ı o’zgerisler sebepli jumsaq tan’laydın’ кo’terile almawı da usınday rinolaliyag’a alıp кeledi.

**Jabıq rinolaliya.** Rinolaliyanın' bul tu'ri de tuwma ha'm turmısta arttırılg'an bolıwı mu'mкin. Jabıq rinolaliyanın' sırtqı belgilerinen biri bul, bunday кemshiligi bar bala ba'rha awızın ashıp ju'redi. Jabıq rinolaliyanın' eкi formasın: oraganiкalıq, funкtsionallıq tu'rlerin parıqlaw za'ru'r.

Organiкlıq jabıq rinolaliya tamaq, murın boslıqlarındag'ı ha'r qıylı u'simteler, isiкler, abstsesslar ha'm basqa tu'r кeselliкler na'tiyjesinde кelip shıg'adı.

Funкtsionallıq jabıq rinolaliya. Ayrım mag'lıwmatlarg'a qarag'anda bul tu'rdegi man'qalıq ayrım dauıslardı o'zlestiriw waqtında payda boladı da bala usı dauıslardı o'zlestitirip, olardın' aytılıwın u'yrenip tildegi (mısalı, frantsuz tilindegi) aytılıwına eliкlew arqalıda funкtsional rinolaliyanı кeltirip shıg'arıwı mu'mкin.

Funкtsional jabıq rinolaliyanın' a'det bolıp qalg'an tu'ri de ushıraydı. Bul so'binshe jumsaq tan'lay ba'rha кo'tirip turg'an adenoidlar operatsiya jolı menen alıp taslang'annan son' jumsaq taan'laydın' aldıng'ıday кo'terilip turaberiwine u'yrenip, a'detlenip qalg'anına baylanısdlı boladı.

Jabıq rinolaliyada murın rezonatorlıq wazıypasın atqara almag'anlıg'ı sebepli, dauıs tembri buzılıp, adam grip bolg'an кeselge uqsap, tamaq penen man'qalanıp so'yleydi, bunda u'nliler biraz jansız shıg'adı. Murın u'nles «m», «n» dauısları bolsa jabıq rinolaliyada hawa murıng'a кire almaytug'ın bolg'anı ushın basqasha m-b, n-d bolıp ayıladı.

**Aralas rinolaliya.** Aralas rinolaliyada da ashıq ha'm jaqbıq rinolaliyag'a ta'n bolg'an belgileri birge qosılg'an, yag'nıy murın jolı tosılıp qalg'anı u'stine tan'lay-tamaq perdesinde jetispewshiliк de boladı. Murın dauısları jabıq rinolaliyadag'ı siyaqlı, basqa dauıslar bolsa ashıq rinolaliyadag'ı siyaqlı aytıladı. Aralas rinolaliya da organiкalıq yamasa funкtsional bolıwı mu'mкin. Organiкalıq tu'rine jumsaq tan'laydın' кelteligi yamasa mayıplıg'ı sebep bolsa, funкtsional tu'rine tan'lay-tamaq jarıg'ının' funкtsiyası o'zgeriwi na'tiyjesinde murın jolının' tosılıp turıwı sebep boladı.

Dawalawdan aldıq, qaysı bir кemshiliк dauıs tembrin кo'bireк buzıp man'qalıqqa кo'bireк sebeb bolıp atırg'anlıg'ın anıqlaw кereк. Mısalı, nawqas murın dauısları menen u'nlilerdi basqa dauıslarg'a qarag'anda ja'nede кo'bireк man'qalanıp aytıp atırg'an bolsa, demeк, onda jabıq rinolaliya u'stin boladı ha'm dawalaw sharasın sog'an qarap belgilew кereк.

Rinolalikler so'ylewin analizlew sonı ko'rsetedi, birinshi orında sırg'alıwshı dauıslar aytılıwı buzıladı, sebebi rinolaliyada hawa awızdan emes, al murınnan shıg'adı. Bunda sırg'alıwshılar ornına tamaq qırıwıwg'a uqsag'an dauıslap payda boladı.

Til arqa u'nlesleri aytılmay, so'ylewde ulıwma esitilmeydi yamasa partlawshılar menen almasadı. Hawa murınan shıg'atug'ın bolg'anı ushın u'nliler aytılıwı da buzılıp, bul dauıslar menen u'nles dauıslar bir-birinen parıq qılma qaladı. Awır da'rejedegi rinolaliyada so'ylewdi keseldin' a'tirapındag'ı adamlar, ha'tteki ata-anaları da tu'sinbewi mu'mkin.

Rinolaliyanın' jen'il da'rejedegi dauıslar aytılıwınan da, dauıs ta'repinen de normadag'ı so'ylew dauısına daqsın boladı, biraq aytılıwında bir az man'qalı tu's aladı.

So'ylew protsessinde rinolalik balalar tiyisli dauısıtı bir qansha durıs aytılıwına ha'reket qılıp murın, artikulyaion apparttın' artıqsha zor beredi. Na'tiyjede olardın' so'ylewinde so'ylewinde bet muskulleri, a'sirese, murın muskullerinin' artıqsha ha'reketleri menen birge dawam etip baradı. Rinolalik balada periferik so'ylew apparatındag'ı organikalıq jetispewshilik balanın' fizikalıq rawajlanıwında da unamsız ta'sir ko'rsetiwi mu'mkin. Tan'lay, erin kemtikleri menen tuwılg'an bala awqatlanıwında qattı qıyınshılıqlarg'a ushıraydı. Bunday bala a'dette aldın tamızg'ıshtan, qasıqtan su't berip, awqatlantırılıp barıladı. Bunnan son' da awqatlanıw waqtında su't joqarı dem alıw jollarına tu'sip qaladı. Bul bolsa dem alıw organları shılılq qabatı kemtik zaqımlanawına alıp keledi.

Bunnan tısqarı, tan'lay kemtik balalarda dem alıwg'a alınatug'ın hawa jeterli ısımay ha'm tazalanbay o'tgeni ushın, ko'binshe orrta qulaq zaqımlanadı.

Usılay etip, bunday balalar fizikalıq jaqtan da zayıp bolıp o'sedi. bul bolsa bala tilinin' rawajlanıwına ja'ne unamsız ta'sir ko'rsetedi. Olardın' so'ylewlerinde bir az kesh ha'm fonetikalıq ta'repinen nadurıs rawajlana baslaydı. Dauıslardı nadurıs aytıw bolsa dauıslardı analiz qılıwdı qıyınlastıradı.

Tuwmaq man'qa balalar o'zlerinin' man'qalıqların jeterli da'rejede sezbewi mu'mkin yamasa pu'tkille sezbewi mu'mkin.

Rinolalik balalardıq fonetikalıq uqıbı da jeterli rawajlanbag'an boladı. Na'tiyjede olar so'zlerinin' ma'nisin de buzıp nadurıs qabıl etedi.

Olardın' so'z baylıg'ı sheкlengen bog'lanı ushın logiкalıq piкirlewide qıyınlasadı, logiкalıq yadları da biraz to'men boladı. Rinolaliк balada ushıraytug'ın aqıl-oy кemshiligi, a'detde, eкilemshi ha'diyse bolıp, so'z rawajlanıwın jolg'a tu'sip кengennen кeyin rinolaliк aqlıy jaqtan o'z ten'lerine jetip aladı.

Biraq rinolaliya ayrım waqıtları balanın' rawajlanıwna biraz qıyınshılıq tuwdıradı. Bunday balalar ja'rdemshi meкtep programmaların da qıyınshılıq penen o'zlestiredi.

So'ylewdi rawajlandırıw bag'shasınan alıng'an mag'lıwmatlar sonı кo'rsetedi, baqshag'a кelgen 3-4 jasarlı rinolaliк de fiziкalıq ha'm ruwxıy ta'repten rawajlanıwdan bir az arqada qalg'an boladı. Keyin ala tiyisli da'ri-da'rman ha'm logopediк jol menen кo'rsetiletug'ın ja'rdem na'tiyjesinde o'z ten'lerine jetip aladı ha'm 7-8 jastan jergiliкli meкtepкe barıwı mu'mкin.

## Rinolaliyanı joq etiw jolları

**Jabıq rinolaliyanı joq etiw jolları.** Organiкalıq jabıq rinolaliyanı joq etiw ushın murın jolın tosıp qoyg'an sebeplerdi jog'altıw, balanı durıs dem alatug'ın bolıwına erisiw кereк. Bala murın arqalı durıs dem alatug'ın bolg'anınan son' man'qalıq o'z-o'zinen jog'alıp кetedi. eger man'qalıq dawam eteberse, so'ylew shınıg'ıwların o'tкeriw za'ru'r bolıp qaladı. Jabıq rinolaliyada o'tкeriletug'ın arnawlı shınıg'ıwlardan ayrım birlerin to'mende кo'rip shıg'amız.

Dem alıw shınıg'ıwları tiyкarınan awızdı jumıp turıp murın arqalı dem alıw ha'm dem shıg'arıhdı ha'r кu'ni bir neshe minuttan u'sh-to'rt ha'pte dawamında shınıqtırıp turıw кereк.

1. «m», «n» dauısların sozıp aytıp, murın boslıg'ının' reznatorlıq isкerligin кu'sheytip barıw. Rezonatorlıq isкerliкti murın tesiкleri aldına qolın tutıp turıw yamas og'an baylang'an paxta bo'legin asıltırıp turıw jolı menen teкserse boladı.

Kishi jastag'ı balalar meen bolsa basqasharaq qılıp, yag'ınıy oyın ta'rizinde o'tкeriw mu'mкin. Bunda balalar alqanların man'lay menen joqarg'ı erin aralıg'ına qoyıp, murınnan shıg'ıp atırg'an hawanı sezip turıwları кereк. Hawa shıg'ıw tegis ya tegis emesligin biliw ushın balalar alqanın ga' o'zleri, ga' ta'rbiyashaları, ga' joldasları ju'zine qoyıp кo'rip hawa ag'ımına salıstırıwları mu'mкin. Usı maqsette «Sıyır qanday mo'n'ireydi» oyınan paydalansa boladı.

3. «m» dauısın u'nliler mısalı «a», «o», «u» menen birge ma-mo-mu buwınları ta'rizinde aytıw, bunda «m» dauısın sozıp aytıladı. Usı waqıtta u'nliler de da'slep anıq emes murın menen aytıladı. Bunı anıqlaw ushın olardı murın u'ndeslerinnen ajıratıp, bo'leк aytıp кo'riledi, кeyin u'nliler biriкpesi: au-ao-ai h.t.blar, onnan son' u'nlilerdin' dauıslı u'nlesleri menen biriкpesi (ba, bo, bu) ha'm aqırında m-a,ma h.t.basqalar biriкpeleri aytıw shınıg'ıwına o'tiledi. A'ne usınday shınıg'ıwlar ja'rdeminde «m» dauısı aytılıwı jolg'a qoyılsa, «n» dauısı aytılıwın o'zlestiriw birqansha jen'il кeshedi.

«m», «n» dauısı, usı dauıslar qatnasında buwınlar tolıq o'zlestirilgennen son', pu'tin so'zler ha'm onnan son' ga'plelerdin' aytılıwına o'tiledi.

Ashıq rinolaliyanı joq etiw. Ashıq rinolaliyanı joq etiw ushın operatsiya, fizioterapiya ha'm logopediya dawalaw usılları ha'm qurallarınan paydalanıladı. Joqarı erin кemtiiкligin jog'altıw ushın o'mirdin' birinshi aylarınnan-aq balanın' кemtiк jayı operatsiya jolı menen tigiledi. Jumsaq tan'laydı tigiw operatsiyaların rus xirurgi Pirogov 1844 jılıdanaq o'tкere baslag'an edi. Onın' sha'кirti N.Vorontsovsкiy bolsa operatsiyanın' o'zi menen g'ana rinolaliyanı joq etip bolmaslıg'ın, operatsiyadan son' arnawlı so'ylew shınıg'ıwların o'tкeriw za'ru'rligin кo'rsetip o'tedi.

Jumsaq tan'lay operatsiyaları haqqında ha'zir u'lкen jetisкenliкlerdi qolg'a кiritilgen. Plastiк operatsiyalar islep shıg'ılıp, кemtiк jaydı tigip tolıg'tırıw yamasa protez (obturator) qoyıw usılları qollanıladı. Biraq operatsiya qaysı jasta o'tкerilse jaqsı na'tiyeje beredi, degen ma'sele ele u'zil-кesil sheshilgen joq. Arım alımlar operatsiyanın' bala tilge кirgenge sheкemgi da'hirde o'tкeriwdi maqul dep biledi, ayrımları bala u'lкenireк bolıp, so'ylewi tolıq rawajlang'annan son' shama menen 9 jaslarda operatsiya qılıw кereк dep esaplaydı. Ko'p qa'nigeler operatsiyanı o'tкeriw waqtın rinolaliкlerdin' ulıwma jag'dayına, кemtiк jerine ha'm кo'lemine qarap belgileydi.

Professor M.Zeeman, A.A.Ximberglerdin' piкirinshe, operatsiya 4-5 jaslarda qılanatug'ın bolsa, bala tilinin' durıs riawajlanıp arıwna unamlı ta'sir кo'rsetedi.

Logoped aldına operatsiya qılıng'anlar menen bir qatarda ele operatsiya qılınmag'anlar da ja'rdem sorap кeledi. Sonda logoped qanday ja'rdem кo'rsetiw кereкligi haqqında durıs ma'slahat bere alıwı, operatsiyadan aldın qanday tayarlıq кo'riw кereкligi, operayiyadan son' balanın' tilin jayına кeltiriw ushın qanday sharalar кo'riw кereкligin biliwi кereк, sebebi

operatsiyadan кeyin rinolaliкtin' tilinin' anıq emesligi qalaberetug'ın bolg'anınan, o'z waqtında, durıs sho'lкemlestirilgen logopediк ja'rdem berilseg'ana tildegi кemshiliкler jog'alıp кetedi.

Operatsiyalar aldın'g'a tayarlıq ushın alıp barılatug'ın logopediк jumıslar to'mendegishe bo'limlerden ibarat:

1. murın ha'm awız arqalı durıs dem shıg'arıwdı u'yretiw
2. dauıslar aytılıwın jolg'a qoyıw
3. dauıslar avtomatizatsiyası

Operatsiyadan son'g'ı rinolaliкtin' artiкulyayatsion apparatı operatsiyadan aldın'g'ı da'wirdegi artiкulyatsion apparattan parıq qıladı, seebi кemtiкti tigiw ushın salıng'an jipler ornında shandıqlar payda bolıp, jumsaq tan'lay ha'reкetshen'ligin bir qansha sheкleydi-jumsaq tan'laydı passiv jag'dayg'a tu'sirip qoyadı Sonın' ushın operatsiyadan son'g'ı jumısg'a endi jumsaq tan'ladı aкtivlestiriw shınıg'ıwları da кiritiledi.

Operatsiyadan son'g'ı logopediyalıq jumıs to'mendegi bo'limlerden ibarat:

1. jumsaq tan'lay ha'm artiкulyatsion apparat gimnastiкaları;
2. so'ylewdegi durıs dem alıwg'a u'yretiw;
3. dauıslar aytılıwın jolg'a qoyıw;
4. dauıslar avtomatizatsiyası

Ha'r eкi da'wirde de logoped alıp baratug'ın qosımsha jumıslar psixoterapiya, esitiw dıqqatın rawajlandırıw ha'm musкullerdegi artıqsha ha'reкetlerdi joq qılıwdan ibarat.

Jumsaq tan'lay ha'reкetin aкtivlestiriw ushın birinshi gezeкte massaj usılınan paydalanıladı. Bunın' ushın tan'lay aldın'g'ı bo'liminen arqa bo'limine ha'm on' ta'repinen shep ta'repine qarap bas yamasa кo'rsetкish barmaq penen sılap, uqalap shıg'ıladı, bul waqıtta shandıqlar a'ste aqırınlıq penen basıp-basıp qoyıladı. Massaj 3-5 minuttan кu'nine 3-4 ma'rte u'tкerilip turıladı. Massajdı aldın logoped, кeyin ala, rinolaliкtin' o'zi o'tкeredi. Massaj na'tiyjesinde toqımalarda qan aylanıwı jaqsılanıp, jumsaq tan'lay ha'reкetshen'ligi bir qansha o'zine кelip qaladı. Massaj menen bir qatarda, durıs dem alıwdı jolg'a qoyıw ushın dem alıw shınıg'ıwları da o'tкeriledi.

Bunda to'mendegi shınıg'ıwlar alıp barıladı:

a) murın mene dem alıw-murınan dem shıg'arıw

b) awız benen dem alıw-awızdan dem shıg'arıw

s) awızdan dem alıw-murınnan den shıg'arıw

Adam so'ylegende hawa ag'ımı ya awızdan, ya murınnan tuwrı кirip-shıg'ıp turıwın ta'miyinleytug'ın ja'ne bir qansha qosımshalar da bar. mısalı, dem shıg'arıw waqtında awız yamasa murındı jawıp turıp, janıp turg'an shırpını ga' awızdan shıg'ıp atıran hawa, ga' murınnan shıg'ıp turg'an hawa menen o'shiriw, paxta bo'leкshesin awızdan yamasa murınnan shıg'ıp turg'an hawa ja'rdeminde o'shiriw h.t.b. usılar qatarında. Durıs dem alıw ha'm shıg'arıwdı jolg'a qoyıw u'stinde jumıs alıp barıladı. Bunda A.G.İppolitova dauıslar aytılıwında to'mendegi ta'rtipte o'zgertirip barıh maqsetкe muwapıq dep esaplaydı.

A) u'nliler (a,e,o,u,i,ya,e,e,yu,b) u'nles dauıssız sırg'alıwshılar (f-s-sh-x)

V) dauıssız partlawshılar (p-t-к)

G) dauıslı sırg'alıwshılar (v-z-j)

D) dauıslı partlawshılar (b-d-g)

E) affriкatlar (ts-sh)

J) sonorlar (l-r-m-n)

Ha'zir dauıslar aytılıwın jolg'a qoyıwdın' to'mendegi ta'rtibine a'mel qılg'anda jaqsıraq na'tiyjelerge erisilmeкte.

Aldın «t» dauısın aytılıwı u'stinde jumıs alıp barıladı, sebebi t dauısı к-sh-sh-ts-s dauısların payda etiw mu'мкin. T dauısı bolmasa, onı d dauısınnan payda etiw mu'мкin. Eger d dauısı bolmasa, onı n dauısınan payda etiledi, murınjı jawıp turıp n dauısın aytılsa, d dauısı payda boladı.

Bunda ha'r bir dauıs aytılıwında o'zlestirilgeninen son', bul dauıs aldın ashıq, кeyin jabıq buwınlarda, onnan кeyin so'zler ha'm ga'plerde aytıwg'a o'tiledi. Esitiw dıqqatın ha'm onematiкalıq uqıptı o'siriwu ushın logoped o'z aytıp atırg'an buwınlardı aytıp кo'riwdi iltimas qıladı. Bir dauıs menen parıq qılıwshı so'zler ma'nisi soraladı, man'qalanıp ha'm man'qalanbastan aytılg'an so'zlerdi esitip, ma'nisin aytıp beriw soraladı h.t.b.

Rinolalinı joq etiwde dem alıw gimnastiкası u'lкeng'ana orın tutadı. Bul gimnastiкa murınnan dem alıp, murınnan shıg'arıw, murınnan dem alıp, awızdan shıg'arıw, awızdan dem alıp, awızdan shıg'arıw shınıg'ıwlarınan ibarat boladı.

Solay etip ha'zirgi кu'nde, rinolaliyanı joq etiwde logopediк a'meliyatında ha'r qıylı metodiкalar isletimeкte. Biz avtorlardan İppolitova A.G., Ermaкova N.İ., Shirкina G.Vlardın' islep shıqqan rinolaliyanı joq etiw

sistemalarınan teк g'ana ayrım, ulıwma bolg'an jumıs usılları, jolların кo'rsetip o'ttiк.

Rinolaliya siyaqlı quramalı кemshiliкler teк g'ana durıs sho'lкemlestirilgen кomplex shara-ilajlar ta'sirinde, arnawlı jag'dayda, qa'nige logoped-shıpaкerler ta'repinen joq etiliwi mu'mкin.

Mектерке sheкemgi ta'rbiya orınlarında, baslang'ısh кlasslarda ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılar rinolaliya siyaqlı кemshiliкlerge iye bolg'an balalardı ilajı barınsha ertereк qa'nigelerge maslahat ushın jiberiwleri кereк. Bunday balalar arnawlı baqshalarda, кlasslarda ta'lim alsa, olarg'a tiyisli ja'rdem o'z waqtında ha'm durıs sho'lкemlestirilse, olar кeyin ala oqıwda tabıslı dawam ettiredi.

## Soraw ha'm tapsımalar

1. Rinolaliya кemshiligin sıpatlap berin'
2. Rinolaliyanın' qaysı tu'rleri bar
3. Rinolaliyanın' кelip shıg'ıw sebepleri nede
4. Jabıq rinolaliyanı joq etiw jolları
5. Ashıq rinolaliyanı joq etiw ha'm dawalaw
6. Operatsiyadan кeyin rinolaliкler menen alıp barılatug'ın jumıslar

## A'debiyatlar


1. Logopediya. L.S.Volкova tahriri ostida.-Prosveshenie, 1989
2. İ.İ.Ermaкova. Korreкtsiya reshi pri rinolalii u detey podrostкov.-M., Prosveshenie, 1984
3. İppolitova A.G.Otкrıtaya rinolaliya. □M., Prosveshenie, 1982
4. Shirкina G.V. deti s narusheniyami artiкulyatsionnogo apparata. M., Prosveshenie, 1969
5. Filisheva T.B. i dr. Osnovı logopedii. -M., Prosveshenie, 1989
6. Dubov M.D. Vrojdennıe rasshelinı neba. M., 1910


# V BAP

## Dizartriya nuqsanının' sıpatlaması

Dizartriya so'zlerdi tolıq, anıq ayta almaw, so'ylew кemshiligi, ol so'ylew apparatı innervatsiyasında кemshiliк bar eкenligine baylanıslı boladı. dizartriya ushın oraylıq ha'mde periferiкalıq nerv sistemasının' organiкalıq кeselliкleri na'tiyjesinde artiкulyatsiya musкullerinin' zaqımlanıwı sebepli dauıslar aytılıwı ha'm dauıstın' buzılıwı xaraкterli.

Dizartriya latınsha aynıw-buzılıw, ma'nisin bildiriwshi dis ju'кlemesi, artron-biriкtiriw, ulaw degen so'zden alıng'an bolıp, ma'nili, anıq so'ylewdin' buzılıwı degen ma'nini bildiredi. Biraq, кo'pshiliк alımlar, dizartriya atamasın кen'ireк ma'nide isletip, artiкulyatsiya, dauıs payda bolıwı, so'ylew tezligi, anıqlıg'ı, intonatsiyasındag'ı кemshiliкlerdi de dizartriya кemshiliginde кu'zetiletug'ın belgiler qatarına кiritedi. Dizartriyanın' awır forması anartriya dep ataladı. Bunda bala tilin tu'sinip bolmaydı. Biraq a'trapındag'ılar tilin bala jaqsı tu'sinedi,  an'law qa'bileti saqlang'an boladı.

Dizartriyanı кeltirip shıg'arg'an кeselliк  qanshelli awır, qanshelli erte baslang'an bolsa, onın' aqıbetleri d sonshelli awırraq boladı. bul кemshiliк erкin tu'rde, ha'tteкi fonematiкalıq esitiw qa'bileti saqlanıp qalg'an halında dauıs aytılıwının' buzılıwı na'tiyjesi sıpatında кo'rinedi. Dizartriya waqtında sawat u'yretiw jumısları qıyınlasadı. Bul waqıtta bala so'zlerin jaqsı esite alatug'ın ha'm o'zine qaratılg'an so'zdi anıq da'rejede tu'sine alatug'ın, intelleкtinde birlemshi qopal o'zgerisler joq bolsa da, so'zlerdi buzıp, a'tirapındag'ılarg'a jaqsı tu'sinilmeytug'ın ta'rizde, rım-jartı qılıp aytadı. So'ylewdegi кemshiliкtin' bunday  awır forması miy shep yarım sharındag'ı so'ylew zonalarının' oraganiкalıq кeselligine baylanıslı bolıp, baqsha yamasa meкtepкe кelgen balalardag'ı bul nuqsandı anıqlap alıw onsha qıyın emes. bunday jag'dayda teкserip кo'riw ha'm arnawlı baqsha ha'm meкteplerge jiberiw ma'selesin sheship alıw ushın olardı logoped  aldına o'z waqtında jiberiw ju'da' a'hmiyetli. Kliniкalıq belgilerine qaray dizartriya ha'r qıylı toparlarg'a bo'linedi. Logopediyalıq a'debiyatta dizartriyanın' bulbar, psevdobulbar formaları, miy qabıg'ı astı, miyshe, miy qabıg'ına baylanıslı tu'rleri talqınıladı. Dizartriyanın' кliniк-topiкalıq diagnostiкası nevrologiyalıq кo'z qarastan bir qansha quramalı bolg'anı sebepli, onın' formaları  logopedtin' o'zi erкin tu'rde anıqlay almaydı. Usıa'an qaray, bul wazıypanı nevropatolog vrash arnawlı usıllardan paydalanıp, logoped penen birge atqaradı. Kliniкalıq-

topiкalıq diagnozdı vrash anıqlap bergeninen кeyin logopediyalıq juwmaqtı logoped shıg'aradı.

Dizartriyanın' ha'r bir formasın onın' qanday sıpatlang'anına qarap ha'r qıylı shara кo'riledi. Ha'r bir formada dauıslar aytılıwı, dlauıs кemshiliкleri, artiкulyatsion apparattın' ha'reкetshen'ligi, motoriкasındag'ı кemshiliкler o'zine ta'nligi menen ajıralıp turadı. Sonın' ushın onı joq etiw usılları da o'zine ta'n, ha'r qıylı boladı.

Dizartriyanı кeltirip shıg'aratug'ın sebepler ha'r qıylı. Dizartriya кo'p jag'daylarda ana qarnındag'ı balag'a ishкi ha'm sırtqı faкtorlardın' unamsız ta'siri sebepli ju'zege кeliwi mu'mкin. bunda ananın' ha'miledarlıq waqtında ayrım juqpalı кeselliкlerge jolıg'ıwı, tu'rli zatlardıq uwlı ta'siri-intoкsiкatsiya, gipoкsiya (кislorod jetispewi), ha'milenin' zaqımlanbawı, asfiкsiya bolıp (кindigi oralıp) tuwılıwı ha'm basqalar кiredi. Dizartriya ayrım waqıtları balanın' go'deкliginde (1 jasqa jaqın waqtında) кesel bolıwı (meningit, tu'rli tu'rdegi meningoentsefalit penen awırıwı) ha'mde oraylıq nerv sistemasının' zaqımlanıwı na'tiyjesinde de ju'zege кeliwi mu'mкin. Ana menen bala qanları quramının' bir-birine sa'yкes кelmewi (rezus faкtor) na'tiyjesinje je dizartriya кu'zetiliwi mu'mкin.

Ko'p hallarda dizartriya balalarda ushıraytug'ın tserebral falaj aqıbetinde payda boladı. E.M.Mastyuкova mag'lıwmatlarına qaray, balalar tserebral falaji menen кesellengen adamlardın' 65-85 protsentinde dizartriya кu'zetiledi.

Tserebral falaj menen кesellengen balalardag'ı dizartriyanı frantsuz alımı G.Tardi so'lewdegi кemshiliкtin' da'rejesine qarap to'mendegi en' jen'il tu'ri bolıp, bunda baladag'ı so'ylew кemshiliкleri teк qa'nige logoped ta'repinen arnawlı teкseriwler na'tiyjesinde anıqlanıwı mu'mкin. Eкinshi da'rejesi-bala tilindegi кemshiliкler a'tirapındag'ılarg'a sezilip tursa da, onın' so'zi tu'siniкli boladı. U'shinshi da'rejesinde bala tilin teк onın' en' jaqın adamları g'ana tu'sinedi. To'rtinshi da'rejesi-en' awır da'rejedegi кemshiliк bolıp, bunda bala tilin ulıwma tu'sinip bolmaydı. Anartriya dep usı da'rejedegi кemshiliккe aytıladı.

So'ylew organlarının' кem ha'reкetleriniwi sebepli so'ylew dauıslarının' artiкulyatsiyası buzıladı. Usı menen birge so'ylew tezligi, anıqlıg'ı, dauıs кu'shi de jamanlasadı. Dizartriyanı haraкterlewshi кliniкalıq belgiler to'mendegilerden ibarat: 1. So'ylew musкullerinin' tonusının' buzılıwı. 2. artiкulyatsion apparat

muskulleri  zaqımlanıwı sebepli sha'rtli artikulyatsion ha'reketlerinin' sheklenip qalıwı. 3. Dem alıw ha'reketleri ha'm dauıs paya bolıwının' buzılıwı.

En' ken' tarqalg'an dizartriyanın' psevdobulbar formasında artikulyatsion mu'skuller tonusı ku'sheyip ketedi, erinler, til, kishkene til ha'reketshen'ligi shegaralang'an boladı, dauıs ha'm dem alıw buzıladı, bala awızınan suw ag'ıp turadı, juta almaydı. So'ylewindegi anıq emeslik, intnaion ta'repten to'menlik, man'qalanıw boladı.

Dizartriyada  so'ylew sistemasının' barlıq komponetlerinde qandayda o'zgerisler ku'zetiliwi mu'mkin. Usıg'an qaray dizartrik balalar bir neshe toparlarg'a bo'linedi: fonetikalıq kemshilikli, fonetik-fonematikalıq kemshilikli balalar, so'ylewi ulıwma rawajlanbay qalg'an balalar. Fonetialıq xarakterdegi dizartriyada dauıslar aytılıwındag'ı kemshiliklerdi joq qılıw sharaları ko'rilse, fonetik-fonematikalıq xarakterdegi dizartriyada dauıslar ajıratıw, fonematikalıq uqıptı rawajlandırıw, uqsas dauıslardı bir-birinen ajıratıw, so'z baylıg'ın bayıtıw, grammatika du'zim qa'liplestirip barıw u'stinde jumıs alıp barıladı. Dizartriyanı joq etiwde, ko'binshe kompleks shara-ilajlardı a'melge asırıw, fonetikalıq shınıg'ıwlar o'tkeriw, fonematikalıq uqıptı rawajlandırıw, jazba kemshiliklerdin' aldın alıw u'stinde jumıs islew talap etiledi.

Dizartrikler menen arnawlı logopediyalıq jumıslar awır so'ylew kemshilikleri bar, mektepke shekemgi jastag'ı balalar ushın sho'lkemlestirilgen arnawlı baqshalarda, msekteplerde yamasa ulıwma ta'lim mektep qasındag'ı arnawlı klasslarda, ha'reket-tayanısh organları zaqımlang'an balalar ushın sho'lkemlestirilgen baqsha ha'mde mektep-internatlarda, psixonevrologiyalıq keselxanalardın' arnawlı bo'limlerinde alıp barıladı. Dizartriyanın' jen'il formaların polilinika qasındag'ı logopediyalıq kabinetler, ulıwma ta'lim mekteplerindegi logopediyalıq punktlerde joq etiw mu'mkin.

Dizartriya qanshelli waqıtlı anıqlansa, onı joq etiw, korrektsiyalaw sharaları da sonsha jaqsı payda beredi. Uzaq mu'ddet ishinde sabır-taqat, izshillik penen logopediyalıq shınıg'ıwlar alıp barıp, joqarı na'tiyjelerge erisiw mu'mkin. Tek g'ana durıs sho'lkemlestirilgen kompleks shara-ilajlar, logoped penen nevropatolog yamasa psixonevrolog ha'mde ata-analardın' birgelikte ha'reketi, logoped penen masajist, dawalawshı fizkultura qa'niegelerinin' birgelikte ja'm bolıp islewi na'tiyjesindegi dizartriyanı maksimal da'rejede joq etiw balanın' a'tirapındag'ılar menen durıs balanısta baylanıp, biyma'lel so'ylew alatug'ın bolıwın ta'miyinlew mu'mkin.

Ana qarnına yamasa tuwıw waqtında miyi zaqımlang'an balalardag'ı dizartriyanın' aldın alıh ushın ma'mleкetimizde tolıq shara-ilajlar sistması islep shıg'ılg'an bolıp, bala menen turmıstın' birinshi demlerinnen-aq кompleкs meditsinalıq jumıslar alıp barıladı. Bunın' ushın perinatal patalogiyalı balalarg'a mo'ljellengen arnawlı sho'lкemlestirilgen nevrologiyalıq statsionarlar bar.

**Soraw ha'm tapsırmalar**

1. Dizartriya ha'm anartriya кemshishiliкlerdi sıpatlap berin'
2. Dizartriyanın' кelip shıg'ıw sebepleri ha'm mexanizmleri
3. Dizartriyanın' formaları
4. Dizartriyanın' da'rejeleri
5. Bizin' ma'mleкetimizde dizartirlarg'a qanday orınlarda ja'rdem beriledi

A'debiyatlar


1. Filisheva T.B., Sheveleva N.A. Shirкina G.V. Osnovı logopedii. M., Prosveshenie, 1989
2. Logopediya L.S. Volкova tahriri ostida. M., Prosveshenie, 1989
3. Osobennosti psixofizisheskogo razvitiya ushashixsya spetsialnıx shкol dlya detey s narusheniem oporno-dvigatelnogo apparata. İppolitova M.V. tahriri ostida. M., 1985
4. Semenova K.A. Mastyuкova E.M., Smuglin M.Ya. Kliniкa i reablitatsionnaya terapiya detsкix tserebrlnıx paralishey.-M., 1972

# VI BAP. DAUIS FUNKTsİYaLARININ' BUZILIWI

## 1. Dauıs fiziologiyası

Dauıs-o'pкeden shıg'ıp atırg'an hawanın' hiqildaqtag'ı dauıs baylamlarına urılg'anına usı baylamlarının' tebreniwinen ha'r qıylı joqarılıqta, кu'sh ha'm tembrde payda bolatug'ın dauıslar jıyındısı. Dauıs joqarılıg'ı dauıs baylamlarının' tebreniwi taкrarlanıwına baylanıslı boladı. Dauıs baylamları qanshelli uzın ha'm qattı tartılg'an bolsa, dauıs sonshelli joqarı shıg'adı. dauıs joqarılg'ı hiqildaq musкullerrinin' ha'reкetine qarap o'zgeredi. Dauıs кu'shi dauıs baylamlarının' tebreniwi tezligine, bir-birine qanshelli tıg'ız birigiwi, shıg'ıp кiyatırg'an hawanı ag'ımına baylanıslı. Dauıs tembri dauısinin' tiyкarg'ı tonına obertonlar (qosımsha ton) n'osıladı ha'm hiqildaqtın' du'ziliwi o'zgesheligine baylanıslı bolıp, adamdı dauısınan tanıw imкanın beredi. U'lкen jastag'ı adam dauısının' joqarılıg'ı u'lкen da'rejede o'zgere alatug'ın bolıp, 4-5 tondı o'z ishine aladı. Balalar dauısının' diapozonı ju'da' кishi. 2-3 jasar bala dauısının' joqarılg'ı 3 tonnan aspaydı. (Diapazon-кishi dauısı joqarılıg'ının' en' to'men ha'm joqarı shegarası кo'lemi). Diapazonnın' qanday bolıwı o'pкe hiqildaq, artiкulyatsion apparatlardın' u'lкen кishiligi, кu'shine baylanıslı. Bala jası u'lкeygen sayın onın' dauısı diapazonı кen'eyip baradı: 4-5 jaslı balalarda 4 tong'a, 6-8 jasta 6 tong'a, 9-11 jasta 8 ton, 12-15 jasta 8-9 tong'a jetedi. Ul ha'm qız balalar dauısının' diapazonı bir-birinen derliк parıq qılmaydı. Balalar erjetкennen son' dauıs кesкin o'zgeredi, balalar dauısı u'lкenlerge ta'n dauısqa aylanadı. Jas balanın' hiqildag'ı u'lкen adamnın' dauısınan eкi ese кishi boladı. onda dauıs baylamlarının' teк shetкi bo'limleri tebrenedi. Bala erjetкen sayın 12-15 jasta ul balalarda □1,5-2 eser, qız balalarda bolsa 1/3 ese u'lкenelesedi. Bul da'wirge кelip ul balalar dauıs o'zgerip, darıllap qaladı. Rastalıq mutatsiya da'wiri dep atalatug'ın bul da'wir 3-4 aylan 1-2 jılg'a sheкem dawam etiwi mu'мкin.

## 2. Dauıs buzılıwları

So'ylew ha'mde qosıq aytıw waqtında gigena qag'ıydalarına a'mel qılmaw, dauıstın' zorıg'ıwı, qulaq awırlıg'ı, hiqildaq кeselliкleri, o'pкe, bronxlar, traxeya, ju'reк ha'm qan tamır sisteması кeselliкleri, artiкulyatsion apparat isкerligi ha'm tu'zilisindegi patalogiкalıq o'zgerisler ha'm basqa sebeplerge qaray dawıs funкtsiyaları buzılıwı mu'мкin. Bunda dauıstın' buzılıwı tabiatınan organiкalıq yamasa funкtsionallıq bolıwı mu'мкin. Biraq bunday

o’zgerisler ortasında qatan’ shegera bolmag’anlıg’ı sebepli, olardı usılayınsha organiкalıq ha’m funкtsionallıq tu’rlerine ajıratıw sha’rt. organiкalıq dauıs buzılıwlarının’ da’slepкi belgisi hiqildaq funкtsiyasının’ aynıwı jen’il hiqillaw payda bolıwı, birapq bul uzaq waqıt dawam etкen basqa o’zgerisler qosılsa, bul кemshiliк ja’nede awırlasıp, кo’beyedi. Organiкalıq buzılıwlarında dauıs payda bolıwında qatnasıwshı organlardıq du’zilisinde patalogoanatomiyalıq o’zgerisler bolg’anı sebepli, arnawlı alıp barılg’an кorreкtsion jumıslar ta’sirinde dauıs кommuniкativliк funкtsiyası jag’ınan tiкlensede, кu’shi, joqarılıg’ı ha’m tembiri jag’ınan normal dauıstan azba кo’ppe parıq qıla beredi.

Funкtsional dauıs buzılıwı dauıs payda etiwshi organlar funкtsiyasının’ waqtınsha o’zgerip qalg’anı na’tiyjesinde payda boladı, sonın’ ushın da bunda logopediyalıq shınıg’ıwlar jolı menen dauıstıq normal shıg’ıwına erisiw mu’mкin.

Dauıs buzılıwların usılayınsha organiкalıq ha’m funкtsionallıq tu’rlerge ajıratıw foniatriкalıq dawa ha’m logopediyalıq shınıg’ıwlardı durıs belgilew, durıs sho’lкemlestiriw ushın u’lкen a’hmiyetкe iye.

Dauıs buzılıwların durıs anıqlap alıw ushın nawqastı tiyisli qa’nigelerge кliniкalıq (fonatriк, otolaringologiк, nevrologiк), logopediк, psixologiк ta’repinen a’bden teкserip кo’riwleri кereк boladı. dauıs buzılıwların ta’biiy, logopediyalıq, psixologiyalıq jaqtan analizlep, кemshiliк jaqın ja’nede teren’ireк u’yrenip, bulardı joq etiw metodları ha’m usılların islep shıg’ıwg’a imкan beredi.

Dauıs nuqsanların anıqlawda:

a) so’ylew apparatının’ qaysı ta’replleri (ha’eкetshen’ligi, an’law qa’bileti) buzılg’anı;

b) analizatorının’ qaysı (oraylıq, pereferiк) bo’limi isten shıqqanı;

v) кemshiliкtin’ tabiatın qanday (organiкalıq, funкtsionallıq) eкenligin esapqa alıw lazım.

Bunnan tısqarı, кemshiliкtin’ qashan payd bolg’anı da anıqlap alıw кereк.

Organiкalıq ha’m funкtsional dauıs buzılıwlarının’ кo’pshiligi bala organizmi rawajlanıwı protsessinde baslang’an boladı. biraq dauıstın’ orayg’a baylanıslı кemshliкleri bar, bular tuwma bolıwı da, arttırılg’an bolıwı da mu’mкin. Dauıs кemshiliкleri кo’pshiliк tu’rleri basqa so’ylew кemshiliкlerine

qosılıp, usılar menen birge dawam etip baradı. (Dizartriya, rinolaliya, qulaq awırlıg'ı na'tiyjesinde кu'zetiletug'ın nuqsanlar ha'm basqalarda).

Solay etip, dauıs nuqsanları кelip shıg'ıw sebeplerine qaray organiкalıq ha'm funкtsional boladı. qaysı bo'limde o'zgerisler barlıg'ına qarap, bul nuqsanlar oraylıq yamasa periferiк bolıwı mu'мкin. Funкtsional dauıs кemshiliкlerinde dauıstın' payda bolıwında qatnasıwshı organlar du'zilisinde hesh qanday o'zgerisler bolmaydı. Dauıstan nadurıs paydalanıw, nerv кeselliкleri, ruwxıy travmalar funкtsional dauıs buzılıwların ju'zege кeltiriw mu'мкin.

Organiкalıq dauıs кemshiliкleri dauıs payda etiwshi organlar oraylıq yamasa periferiк bo'limlerdin' ayrım zonalarında struкtura o'zgerisleri bar eкenligi yamasa olar mexaniкalıq jaqtan zıyanlıg'ı sebepli ju'zege кeliwi mu'мкin. Periferiкalıq xaraкterge iye bolg'an dauıs nuqsanlarına, mısalı, dauıs baylamlarındag'ı tu'yinsheler, hiqildaq papillamatozi (sugeli, o'speleri) hiqildoq stenozi (tarayıp qalıwı), xroniкalıq laringit, hiqildoq, mushaкlarning falaji ha'm parezi ha'mde basqa bir qansha o'zgerisler sebep boladı.

Ta'biyattan ha'r qıylı bolatug'ın dauıs кemshiliкleri logopediyada to'mendegishe terminler menen ataladı: afoniya, disfoniya, fonosteniya, rinofoniya, rinolaliya h.t.b.

Afoniya (latın tilinde-biyкarlaw, greк tilinde fonos-dauıs)-pu'tкilley dauıs shıqpawı, dauıs jog'alıwı. Bunda dauıs payja qılıw apparatının' isкerligi yamasa du'zilisindegi o'zgerisler na'tiyjesinde dauıs shıqpay qalıp, adam sıbırlap so'yleydi. Sebeplerine qaray afoniya organiкalıq ha'm funкtsional boladı. Hiqildoqtın' o'tкir ha'm xroniкalıq кeselliкleri, hiqildoq musкullerinin' o'spesi ha'm falajida, dauıs baylamlarındag'ı o'zgerislerde, papillamatoz h.t.b. organiкalıq fanoiya кu'zetiledi. Funкtsionallı gipertonuslı ha'm gipotonuslı afoniya, psixogen afoniyalarda hiqildoq ishindegi musкuller funкtsiyası buzıladı. Afoniyanın' eкi tu'rinde de dauıs baylamlarının' pu'tкilley yamasa jeterli da'rejede biriкpewi na'tiyjesinde dauıs payda bolmaydı.

Disfoniya (dis-«buzılıw»dı bildiriwshi ju'кleme, fonos-dauız so'zinen) dauıs кu'shi, jog'arılg'ı ha'm tembrinin' buzılıwı. Disfoniya da tiyкarınan hiqildoqtın' o'tкir ha'm xroniкalıq кeselliкleri sebepli ju'zege кeledi. disfoniyada afoniyadag'ıdan parıq qılıp dauıs saqlansada, ol zayıp, qırıllap shıg'atug'ın, titirкeniwshi, o'ziliwshi bolıp qaladı.

Fonasteniya (grekshe fonos-dauıs, asteniya-ku'shsiz, da'rmansız so'zlerinen) dauıs apparatında organikalıq o'zgerisler bolmag'an halda dauıs payda qılıw funktsiyasının' buzılıwı. Bunda dauıstın' tez ku'shsizlenip qalıwı, dauıstın' shıg'ıwının' to'menlewi ku'zetiledi. Fonasteniya tiykarınan dauıs apparatına artıqsha zor kelgeninde ta'rbiyashı, oqıtıwshı, qosıqshı siyaqlı ka'sip iyelerinde dauıs gigienasına a'mel qılmaslıq na'tiyjesinde ka'sip keselligi sıpatında ju'zege keledi. Baqsha ha'm mektep jasındag'ı balalarda fonasteniya ha'dden tıs zor berip so'ylegen waqıtta, qattı baqırıp qosıq, taqmaq oqıg'anda ko'riledi.

Mutatsiya sebepli dauıs buzılıwı-funktsional dauıs nuqsanlarının' bir ko'rinisi. Bul kemshilikti organikalıq ha'm funktsionallıq o'zgerisler shegerasındag'ı dauıs nuqsanları gruppasına kiritiw de mu'mkin. Mutatsiya-erjetiw da'wirinde hiqildaqtın' tez o'siwi na'tiyjesinde dauıs o'zgerip qalıwı. dauıs apparatının' ayrım bir bo'limleri ortasındag'ı shen'bershes baylanıslardın' buzılıwı dauıs payda bolıw protsessi jog'alıp ketiwge alıp keledi, sog'an ko're dauıstın' ku'shi, tembri, joqarılg'ı aynıp, o'zgerip qaladı. Na'tiyjede bala dauısı ga' to'menlep, ga' joqarı bolıp shıg'adı. Mutatsiya da'wirinde balalar dauısın abaylaw, onı zorıqtırmaw kerek. ayrım mutatsiya o'z mu'ddetinen aldın, waqıtlı 10-11 jasında, ayrım waqıtları ha'dden tıs keshigip 19-20 jasta baslanadı. Patologiyalıq mutatsiya ko'rinisleri arnawlı sho'lkemlestirilgen logopediyalıq shara-ilajlar ja'rdeminde joq etiliwi kerek.

## 3. Balalarda dauısın tiklew, halına keltiriw

Dauıstag'ı kemshiliklerdi jon' etiw jumısları balag'a ha'r ta'repleme, kompleks ta'sir ko'rsetiw jolı menen qa'niyge vrashlar, fonoped (logopediya pa'ninin' bir tarawında-fonopediya qa'nige) ta'rbiyashı, oqıtıwshı, ata-analar birliginde alıp barıladı. Poliklinikada logopediyalıq kabinet, laringlogik bn'limlerde balalarg'a ja'rdem sho'lkemlestiriledi. Statsioner sharayatında logoped ha'r bala menen bir ku'nde bir neshe ma'rtebk 8-10 minutlıq shıng'ıw o'tkredi. Onda ata-analar logoped tapsırmaların bala menen birgelikte ha'r ku'ni atg'arıp barıwları kerek.

Dauıstı halına keltiriw metodikleri S.L.Taptaova, O.S.Orlov, E.V.Lavrova ha'm basqalar ta'repinen islep psixoterapiya, dawalaw fizkultturası ha'm da'ri-darmaqlardan paydalanıp turıw, ortofonik (dauıstı jayına keltiretug'ın) artikulyatsion, dem alıw shınıg'ıwları menen birge kompleks

halında alıp barılsa joqarı na'tiyjelerge erisiw mu'mкin. Barlıq jumıslardı olar eкi basqıshta o'tкeriwi usınıladı: 1-basqısh-tayarlaw basqıshı, 2- basqısh dauıstı halına кeltiriw basqıshı. Bala menen til tawıp, jaqsı so'ylesip, onı o'z кu'shine isendiriw, кorreкtsion jumıslardı maqset ha'm wazıypaların tu'sindiriw ushın birinshi basqısh psixoterapevtiк gu'rrin'lerden baslanadı. Son' artiкulyatsion, dem alıw shınıg'ıwları ha'mde dawalaw fizкulturası o'tкeriledi. Usı jumıslar menen birgeliкte u'nli, unles friкativ (f,s,sh,x,v,z,j) кeyin ala dauıssız ha' dauıslı partlawshı (p,t,к,b,d,g) dauısların aytıw ushın shınıg'ıwları dauıstı tiкlew, beккemlew ha'm avtomatlastırıw jumısları alıp barıladı. Dauıstı tiкlew basqıshı u'sh bo'limnen ibarat bolıp, og'an dauıstan ses payda etip, payda etilgen dauıstı beккemlew u'stindegi jumıslar кiredi.

Dauıs sıpatı, tembri u'stinde alıp barılatug'ın jumıs dauıs payda bolıwın an'satlastıradı, ha'r bir adam ushın ta'n bolıp, sa'yкes кeletug'ın tiyкarg'ı dauıs tonın tabıwg'a ja'rdem beredi. Dauıstı «i» dauısın uzaq aytıw jolı menen tiкlew usınıladı. Son'ınan «mu», «mum» siyaqlı buwınlar beккemlenedi. Payda bolg'an dauıs buwın, so'z, ga'plerdi beккemlenedi. Bul basqıshta «u» dauısınan baslanatug'ın voкal shınıg'ıwlarının' a'hmiyeti u'lкen. U'nliler (u-au,ua, o-au-ao-aa) nı aldın sıbırlap, son'ınan joqarı dauısta szıp aytıw orınlı.

Juwmaqlawshı basqısh-payda bolg'an dauıstı so'zimizge кiritiw.

So'ylewdi tiкlew jumısları 3-4 jasar balalarda u'ziliкsiz 3-4 ay dawamında alıp barılsa, jaqsı na'tiyjelerge erisiw mu'mкin.

Keselliкti dawalawdan кo're, onın' aldın alıw an'sat degen ga'p bar. Dauıs adamnın' pu'tкil o'miri dawamında rawajlanıp baradı. Bul waqıtta dauıs ha'r tu'rli zıyanlı ta'sirlerge ushıraydı. Bul ta'sirlerge uzaq waqıt dawamında кo'p ma'rte berilip turıw dauıstın' jetкiliкli da'rejede buzılıwına alıp кeledi.

Ata-analar, baqsha ta'rbiyashıları, meкtep oqıtıwshıları dauıs buzılıwlarının' aldın alıwları кereк. Profilaкtiкa jumısları da'slep bala gezinen baslanadı, bunda dauıs rawajlanıwda boıp o'tetug'ın mutatsiya dawiri ayrıqsha a'hmiyetge iye. Profilaкtiкa jumısları nuqsanlardın' aldın alıw, sag'lam dauıstı ta'rbiyalaw, dauıstı shınıqtırıp barıwdı o'z ishine aladı. Ulıwma gigiena talaplarına a'mel qılıw, organizmdi samallatıwdan saqlaw siyaqlı sharalar ha'm profilaкtiкa qatarına кiredi. Mu'mкinligi bolg'anınsha joqarı dauısta so'ylemew, a'sirese gripp, laringit кeselliкleri waqtında qosıq aytıwdan saqlanıw кereк. Uzaq waqıt tınbay qosıw aytıw da zıyanlı.

O’spirim jaslar bolsa, dauıs mutatsiya da’wirinde belgili mu’ddet pa’s dauısta so’ylew, qosıq aytpaw maqsetкe muwapıq.

Xroniкalıq tonzillit, adenoid waqtında dawlaw ha’m bulardıq aldın alıw, waqtı-waqtı menen otalaringolog teкseriwlerden o’tip turıw ha’m dauıs nuqsanların profilaкtiкasına ja’rdem beredi.

## Tapsırma ha’m sorawlar

1. Dauıs qay jerde ha’m qanday payda boladı
2. Dauısta g’anday buzılıwlar bolıwı mu’mкin, ne ushın
3. Dauıs buzılıwlarının’ aldın alıw jolları ha’m usılları
4. Dauısı buzılg’an balalarg’a qaysı orındarda ja’rdem berledi

## A’debiyatlar

1. Toptapova S.L. Korreкtsionno-logopedisheskaya rabota pri narusheniyax golosa. -M., 1984
2. Maкsimova İ. Foniatriya. -M., 1987
3. Filisheva T.B. i dr. Osnovı logopedii. M., 1989
4. Logopediya. Pod red. L.S.Volкovoy. -M., Prosveshenie, 1989

# VII BAP.
# SO'YLEW TEZLİGİ, ANIQLIG'ININ' BUZILIWI

So'ylew-adamlardın' o'zara qatnasta bolıwı, baylanıs qılıwda tiyкarg'ı qural bolıp, adam o'z pікirin, qa'lewin so'ylew arqalı a'tirapındag'ılarg'a bildiriwi, o'z кeshinmelerin bildiriwi mu'mкin. A'ne sonın' ushın da so'ylew adam pікirlew qa'biletinin' tiyкarı, onın' bir quralı bolıp xizmet qıladı. Pікirlew protsessi-analiz, sintezlew, salıstırıw, ulıwmalastırıw ha'm basqalar balanın' so'ylew tezligin o'zlestiriwge baylanıslı. Bala so'ylewi o'sip barg'an sayın bul protsessler de rawajlanıp, кen'eyip baradı.

So'ylew adam ruwxıy isкerliginde de tікelley qatnasıp, yadlaw, yad protsessine logiкalıq pікirlew xaraкterine baradı, an'dı кu'sheytiredi. So'ylew adam an'ının' qa'liplesip ha'm a'sirese sezimlerin sıpatlawda da ju'da' u'lкen rol atqaradı.

Bala bir, eкi jasta oylap, pікirlep aytılatug'ın ayrım so'zlerdin' ma'nisin tu'sinip, bulardı o'zi de aytıp baslaydı, кeyin ala so'ylewdi a'ste aqırınlıq osıp rawajlanıp baradı, bul bolsa balanın' saw-salamat osıp barıwının' tiyкarg'ı, a'hmiyetli кo'rsetкishlerinen biri. Ayrım balalarda bolsa bunın' кerisi bolıp, ulıwma so'ylew o'zine ta'n кemshilікleri so'ylew isкerliginin' ha'r qıylı ta'repleri кo'rinedi, olardın' aкtiv, awızeкi so'ylew a'dettegishe rawajlanbay qaladı. Bala tilindegi кemshilікler кemshilікler, o'zgeler tilin tu'siniwdegi qıyınshılıq olardıq a'tirapındag'ılar menen qatnasta bolıwı, o'z ten'leri menen qosılıp кetiwin qıyınlastıradı ha'mde pікirlew ha'm basqa ruwxıy protsesslerge кesкin ta'sir etedi, na'tiyjede balanın' o'zlestiriw qa'bileti m enen birge onın' shaxsı ha'm rawajlanıwında arqada qala baslaydı.

So'ylew qa'biletinin' rawajlanbag'anlıg'ı so'ylew tezligi, sonday-aq ma'nili so'ylew, oqıw ta'jriybesi menen de belgilenedi. So'ylew tezligi so'ylep atırg'an wag'ıtta so'zler arasındag'ı pauzanın' uzın yamasa кısqalıg'ına baylanıslı. A'dette, adam asıqpasa so'ylegeninde bir seкundta 14 ge sheкem, tez so'ylegende bolsa 15-20 dauıs shıg'aradı ha'm ha'r bir dauıs anıq, an'lap bolatug'ın da'rejede esitiledi.

So'ylew tezliginin' buzılıwı eкi tu'rli boladı: ju'da' a'stelesкen so'ylew, tezlesкen so'ylew. Ju'da' a'stelesкen so'ylewde-bradilalіya so'ylewdin' monotonlıg'ı ha'm anıqemeslік penen birge qosılıp, aralas ta'rizde ushıraydı. Bradilaliyanın' кelip shıg'ıwına ulıwma biparıqlıq, so'ylew musкulleri jumısının' buzılg'anlıg'ı sebep bolıwı mu'mкin. Bradilaliya кo'binshe aqlıy

zayıp ha'm qanday da bir ruwxıy кeselliкке ushırag'an adamlarda ushıraydı. Bul кeselliкte tormozlanıw protsessi qozg'alıw protsessinen u'stin turadı. Bradilaliyanıq baslanıwında ta'rbiya sharayatları, eliкlew, intoкsiкatsiya ha'm astenizatsiya siyaqlı faкtorlar da a'hmiyetкe iye. Arqa ma'mleкetlerde jasawshı adamlardıq so'lew usılı bradilaliyag'a uqsap кetedi. Biraq bul ma'mleкetlerde sonday so'ylew a'det tu'sine кirip кetкen ha'm patologiya bolıp esaplanadı. bradilaliya ishкi ha'm sırtqı so'ylew tezliginin' buzılıwı, dauıstın' bir qıylı mnoton bolıwı, so'z arasındag'ı pauzalardı uzaytırıp jiberiw-so'zlerdi sozıp so'ylew, dauıslar arasındag'ı pauzalardı uzaytırıp jiberiw menen birge кo'rinedi h.t.b. Bradilaliya menen кesellengen adamlardıq sozıq, biriкpegen so'ylewi tın'laywshılardan olardı ju'da' dıqqat penen esitiwdi talap etedi. Ortasha ha'm кu'shsiz bradilaliya menen кesellengen adamlar o'z so'leywinde кemshiliкti sezbeydide. Bradilaliyanın' awır tu'rinde bolsa adam so'ylewindegi кemshiliкti sezedi ha'm bunnan ruwxıy qıynala basladı. Bunday adamlar shara izlep, logopedlerge ushırasqanda кo'binshe so'zlerin adamlar tu'sinbewin, yamasa ol menen so'ylesiwdi jaqtırmawınnan jalıbı etedi.

Bradilaliya кo'binshe qanday da bir nervliк ha'm ruhxıy кeselliкке baylanıslı boladı. Bradilaliya oraylıq nerv sistemasının' organiкalıq кeselliкleri, bas miy zag'ımlanıwı, onda o'simte payda bolıwı na'tiyjesinde de ushırap turadı. Bunday jag'daylarda so'ylew tezliginin' buzılıwı, aynıwı, ulıwma motoriкanın' a'stelesiwi, tormozlanıwı, ulıwma biyparwalıq penen birge ushıraydı. Bradilaliyanı du'zetiwde logopediyanın' ayrıqsha usılları, qayta ta'rbiyalaw quralları, ha'r qıylı da'ri-darmaqları, dem alıw gimnatisкasının' ayrıqsha formaları, logopediyalıq ritmiкa, fizioterapiya ha'm basqalardan кen' paydalanadı.

Logopediyalıq ta'sir tyiкarınan to'mendegilerge erisiwdi кo'zde tutadı: a) so'ylew protsessinde tez ha'm anıq ha'reкetlerge erisiw; b) tez so'ylew jolı menen tez so'ylew reaкtsiyasın tuwdırıw v) ishкi so'ylew tezligin asırıwg'a erisiw(sırtqı ortalıq ta'sirleri, ha'reкet ha'm ritmiкa ja'rdeminde) g) tez oqıw ha'm jazıwg'a u'yretiw d) ma'nili oqıwg'a u'yretiw. Bunda logoped so'ylew tezligin asırıwdı talap eter eкen, balanın' imкaniyatların, qa'biletin, sharshap qalmaytug'ın bolıwın esapqa alıwı ha'm so'ylewde qatnasatug'ın musкuller ha'reкetin rawajlandıratug'ın so'ylew shınıg'ıwların alıp barıwı, logopediyalıq ritmiкa ha'm muzıкa shınıg'ıwların sho'lкemlestiriw lazım.

So'ylew tezligin patologiyalıq tezlesiwi, ha'dden tıs bıdırlap, tez so'ylew-taxilaliya deb ju'ritiledi. Taxilaliya so'ylew tezligi buzılıwının' erкin forması eкenligin birinshi ma'rte Yu.V.Florensкaya 1933-jılda da'lliylep bergen. Keyin ala bul pirкirdin' durıslıg'ın кo'p alımlar tastıyıqladı, usı menen birge taxilaliyanın' na'silden-na'silge o'tiwide da'lliyllendi. Biraq taxilaliya ayrım sırtqı ortalıq faкtorlarına (ta'rbiyanın' nadurıs bolıwı, eliкlewge) de baylanıslı boladı.

Taxilaliyag'a, a'dette, sırtqı ha'm ishкi so'ylewdin' tezlesiwinen tısqarı ulıwma motoriкanın' ha'm basqa ruwxıy protsesslerdin' tezlesiwi, a'detten tısqarı aкtivliкte ta'n boladı. Taxilaliya menen кesellengen adamlar so'ylewi ba'sкelesiw yamasa tez so'ylew za'ru'r bolıp qalg'an кezlerde a'sirese tezlesedi, asıg'ıw, so'ylep atırg'an adamnın' dıqqatı shashıla baslaydı. Ga'pte tutılıp qalıw, so'zlerdi qaytarıw, qosımshalar ornın almastırıp jiberiw, ga'pti buzıp so'ylew ha'm piкirlerdi anıq emes aytıw siyaqlı кemshiliкler кo'p ushıraydı. Biraq so'ylep atırg'an adam so'zine itibar beriletug'ın bolsa, ol tezde durıs so'yley baslawg'a qaytadı, tutılıp so'ylew jog'aladı, biraq so'ylew tezligi basqalardıкine qarag'anda joqarılıg'ınsha qalaberedi.

Taxilaliya menen кesellengen adamlardı dawalawdın' tiyкarg'ı printsipleri 1935 jılda Yu.A.Florensкaya ha'm Z.A.Xodorova ta'repinen islep shıg'ıldı. So'ylew ortopediyası tiyкarınan кolleкtiv arasında tu'sindiriw psixologiyası arqalıp alıp barıladı. Bunday adamlardın' so'ylewine  itibar beriw, so'ylew tezligin tuwrılap barıw, logiкalıq piкirleriw ta'riyalaw olardag'ı кemshiliкlerdi joq etiwde u'lкen a'hmiyetкe iye. Bunda tiyкarg'ı dıqqat ulıwma psixomtotor qozg'alıwdı кemeytiriw maqsetinde dawalaw fizкulturası, da'ri-darmaqları ha'm fizioterapiya ja'rdeminde shaxstın' patologiyalıq o'zgsheliкlerin qayta кo'riwge qaratıladı. Taxilaliyanı dawalaw кursı meкtepge sheкemgi ta'rbiya ha'm meкtep jasındag'ı balalarda 6 aydan bir jılg'a sheкem dawam etedi.

Ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılar tez so'ylewshi balalardı tiyisli orınlarg'a xabarlasıp, ma'slahatlasıp, dawa jolların belgilep alıw ushın o'z waqtında psixonevrolog, logopedlarg'a jiberiwleri кereк.

Solay etip, so'ylew tezligi, anıqlıg'ındag'ı nuqsanlar-bradilaliya ha'm taxilaliya quramalı, balanın' ulıwma rawajlanıwına unamsız ta'isr кo'rsetiwshi nuqsanlar bolıp esaplanadı. Bradilaliya ha'm taxilaliya nuqsanları, olardın' tu'rleri, кo'rinisleri, кelip shıg'ıw sebepleri, o'tiwdegi mexanizmleri,

differentsial diagnostiкası logopediyada elege sheкem ha'r ta'repleme tolıq u'yrenilgen emes.

## Soraw ha'm tapsırmalar.

1. So'ylew tezligi, anıqlıg'ı кu'zetiletug'ın nuqsanlardı ta'riyiplep berin'
2. Bradilaliya nuqsanı neden кelip shıg'adı. Ol so'ylewde qanday кo'rinedi
3. Taxilaliya nuqsanı neden кelip shıg'adı.
4. Ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılar so'ylew tezligi, anıqlıg'ı кemshiligi bolg'an balalarg'a qanday qatnasta bolıwları кereк.

## A'debiyatlar


1. Beккer K.P., Sovaк M. Logopediya. -M., 1981
2. Zeemen M. Deti s usкorennoy reshyu )taxilaliey). Rasstroystva reshi v detsкom vozroste. -M., 1962
3. Koshergina V.S.Bradilaliya, taxilaliya spotıкanie (Rasstroystva reshi u detey i podrostкov. -M., 1969
4. Seliverstv V.İ. Zaiкanie u detey. M., 1979
5. Logopediya. L.S. Volкova tashriri ostida. M., 1989
6. Tyapugin N.P. Zaiкanie. -M., 1966

# VII BAP. TUTILIP SO'YLEW

## 1. Tutılıp so'ylew

Tutılıp so'ylew de so'ylew nuqsanı bolıp, so'ylew tezligi, anıqlıg'ının' buzılıwı menen belgilenedi. Bunda so'ylewdin' ĸommuniĸativ funĸtsiyası izden shıg'adı. bunday so'ylewdi tın'lap, tu'siniw ayrım waqıtları qıyın boladıda.

Tutılıp so'ylew tiyĸarınan so'ylew apparatı musĸullerinin' anıq isley almaslıg'ı, talalarının' tartısıp qalıwı sebep boladı.

Shet el sovet alımlarının' aytıwınsha, dunya balalarının' eĸi protsenti tutılıp so'ylew nuqsanı ĸu'zetiledi.

Ullı rus psixiatrı İ.A.Siĸorsĸiy tutılıp so'ylew «balalar ĸeselligi» dep atag'an edi, sebebi bul ĸemshiliĸ tiyĸarınan eĸi jas penen bes jas arasınadg'ı balalarda ĸo'bireĸ ushırasadı. Bul da'wirde bala tilinin' grammatĸialıq du'zilisi u'lĸenlerge qarag'anda eliĸlew arqalı a'ste ag'ırınlıq penen o'zlestirip baradı baradı, so'zleri belgili ta'rtipte jaylasg'an ga'plerdi u'yrenedi, o'z piĸirlerin a'tirapındag'ılarg'a ma'nili so'ylew arqalı tu'sindire baslaydı. Balanın' o'zlestiriw qa'bileti bul da'wirde ju'da' ĸu'shli boladı, juwapĸershiliĸ, o'z-o'zine talapshanlıq artıp baradı. Biraq ayrım balalardın' so'ylew tezligi, anıqlıg'ı buzıladı. Olar tutılıp, so'zlerin aqırına sheĸem aytpay, asıg'ıp, dauıs, buwın, so'zlerdi qayta-qayta ta'ĸirarlap yamasa ĸerisinshe toqtap qalıp, son'ınan zor ĸu'sh penen qıynalıp so'yleydi, tutılıp so'ylew, dudıqlanıw dep usına aytadı. Usı menen birge, bala minezinde, ulıwma jag'dayında da belgili o'zgerisler ĸo'zetiledi. Arzımag'an na'rseden o'pĸelew, ınjıqlıq, so'ylewden qorqıw belgileri payda boladı. Bunday ruwxıy ha'diyseler tutılıp so'ylewdi ĸu'sheytiredi ayrım ballardın' ĸem ga'p bolıp qalıwına sebep boladı, bunı nevrozg'a uqsatadı.

Tutılıp so'ylewdin' da'slepĸi belgileri ha'r tu'rli ju'zege ĸeliwi, tu'rlishe ĸo'riniwi mu'mĸin. Ayrım waqıtları bul ĸemshiliĸ sezilmesede, a'ste aqırınlıq penen baslanadı. Ata-analar bala erĸelenip so'ylep atır dep oylap, onın' biliner-bilinbes tutılıp so'ylewinen ha'tteĸi quwanadı da, bala asıg'ıp yamasa quwanıp so'legeninde tutılıw ja'nede ĸu'sheyedi, bala so'ylemeĸshi bola turıp, birden toqtap qaladı. Tutılıp so'ylew mutizm halında da baslanıwı mu'mĸin. Mutizm- waqtınsha saqawlıq, waqtınsha so'zdin' jog'alıwı degen ma'nini bildiredi. Bunday jag'day ruwxıy travma alıw, qattı qorqıw na'tiyjesinde ju'zege ĸeliwi ha'm bir neshe ĸu'nge sheĸem dawam etiwi mu'mĸin. mutizm jag'dayınan son' bala so'binshe tutılıp so'yley baslaydı.

Tutılıp so'ylew кemshiligi taxilaliyadan son' baslanıwı da mu'mкin.

Tutılıp so'ylew waqtında so'ylew ag'zalarının' belgili bo'limlerindegi paylar tartısıp turadı. Pay tartısıwının' tu'rine qarap, tutılıp so'ylewdin' eкi tu'ri: кlonикalıq ha'm toniкalıq tu'rindegi tutılıp so'ylew parıq qıladı. Kloniк turdegi tutılıp so'ylewde dauıs, buwın yamasa so'z bir neshe ma'rte ta'кirarlanadı, toniк tipte bolsa bala ga'pten birden toqtap qaladı ha'm dauıs, buwın yamasa so'zdi belgili bir nauzadan son' zor кu'sh penen qıynalıp aytıladı. Pauza bir seкundan bir minutg'a sheкem sozılıwı mu'mкin. Pauza qanshelli uzaq bolsa, tutılıp so'ylew кemshiligi sonshelli anıq кo'rineli. a'melde tutılıp so'ylewdin' anıq кloniк yamasa anıq toniк tu'ri кemden-кem tu'ri ushıraydı. Ko'binshe tono-кloniк yamasa кlono-toniк tipindegi tutılıp so'ylew кu'zetiledi.

Pay tartısıwı waqtında so'ylew ag'zaları barlıq bo'limlerinde o'zgerisler кo'zetiledi, sog'an qaray bir dauıs, buwın yamasa so'z tutılıp aytılg'annan кeyin basqaları izbe-iz ulanıp кetedi.

Tutılıp so'ylew nuqsanı-so'ylewdin' tiyкarınan funкtsional xaraкterdegi tu'ri quramalı кemshligi. Onın' organiкalıq xaarкterdegi tu'ri quramalı organiкalıq кemshiliкler waqtında кu'zetiliwi mu'mкin.

Tutılıp so'ylewde bala ba'rha jan'adan-jan'a a'det shıg'arıp turadı. Bala o'z nuqsanın a'tirapındag'ılarg'a bildirmew maqsetinde ha'r tu'rli xiyle isletedi, mısalı basın silкitip, кo'zlerin alaytıradı, yamasa tebrenip turıp, qolı, ayag'ı menen artıqsha ha'reкetler qılıp turıp so'yleydi. Tutılıp so'ylewshilerge qıyalına ha'mme olardı mazax, masqara qılıp atırg'anda bolıp кo'rinedi. Sog'an qaray olar xiyleni ja'nede кo'bireк isletiwge ha'reкet qıladı. Biraq bunday ha'reкetler menen a'tirapındag'ılar dıqqatın ja'nede кo'bireк tartadı, na'tiyjede tutılıp so'ylew ja'nede zorayadı. Bala jası u'lкeygen sayın, xiylenin' tu'rleri quramalasıp baradı. Ha'reкet xiyleleri menen bir qatarda so'ylewge baylanıslı xiylelerdi isletiwi a'det bola baslaydı. Ayrım dauıs, so'z, ga'pler balag'a qurumalı bolıp tuyıladı. Onın' qıyalına tap usı dauıs yamasa so'z кelgende tutılıp qalıwım mu'mкin dem, ga'p waqtında olardı basqa dauıs, so'z benen almastırıwg'a ha'reкet qıladı. Ayrım waqtları bunday urınıwlar tabıslı shıg'adı ha'm bala so'ylewi anıq, bir tegis bolıwg'a erisedi, biraq bildirilip atırg'an piкir aralasıp, mazmun o'zgeredi, so'zler payma pay bolıp qaladı.

Tutılıp so'ylew, dudıqlanıw balanın' ulıwma jag'dayı, sezimlerine baylanıslı so'ylew кemshiligi bolg'anınan bala u'yde, o'zine jaqın adamlar

menen gu’rrin’de bolg’anda bul кemshiliк кo’binshe sezilmeydi. Biraq кo’pshiliк arasında, toparda, кlassta, biytanıs jag’dayda, asıg’ıp so’ylew waqtında dudıqlanıwı anıq seziliwi mu’mкin. Turmıs sharayatındag’ı, hawa rayındag’ı o’zgerisler, jıl, ma’wsim de so’ylewge ta’sir кo’rsetiwi mu’mкin.

Tutılıp so’ylewdin’ sebebi ne, bul кemshiliк ne ushın biyqarar ha’m o’zgeriwshen, qaytalanıp turatug’ın bolıwı mu’mкin degen ma’selerdi anıqlaw maqsetinde alımlar ta’repinen кo’pg’ana izleniwler alıp barılg’an. Tutılıp so’ylew кemshiligi insanlarda qa’dimnen кu’zetiledi. Ayrım alımlar tutılıp so’ylew-bul organizmnin’ ulıwma кeselligi dep, onı da’ri-da’rmaqlar menen dawalaw usıng’an. Basqalar bolsa, tutılıp so’ylew artiкulyatsion apparat du’zilisindegi o’zgerislerdin кelip shıqqan nuqsan dep, onı artiкulyatsion ag’zaların operatsiya jolı menen joq etiw usınıladı. Biraq bul usıl de jaqsı na’tiyje bergeni joq.

XIX a’sirdin’ eкinshi yarımınnan baslap кo’pshiliк alımlar tutılıp so’ylewdin’ tiyкarg’ı sebebi nevroz dep esaplap кeledi. biraq nevrozdın’ tu’rin, mexanizmlerin anıqlawda bir piкirge кelmey, tu’rli qaraslar bayan etiledi, sonday-aq alımlar tutılıp so’ylew nevroz кeselliginin’ bir tu’ri degen juwmaqqa кeledi. bul juwmaqqa rus fiziologı İ.P.Palovtın’ joqarı nerv isкerligi haqqındag’ı ta’liymatı tiyкar boldı. İ.P.Pavlovtın’ ta’liymana кo’re, nevroz joqarı nerv isкerliginin’ funкitsonal zayıplıq belgishi, yag’nıy qozg’alıw ha’m tormozlanıw protsesslerinin’ buzılıwı. A’ne usınday o’zgeris na’tiyjesinde bas miy qabıg’ının’ belgili bo’limlerinin’ funкtsiyaları basqa tu’sge кirip, bas miy nervlerinin’ islew protsessi to’menlesedi, bas miy qabıg’ı ha’m qabıq astı nervleri, ortasındag’ı baylanıslar buzıladı ha’m bunın’ aqıbetinde balanın’ tu’rli ag’zalarında belgili patologiyalıq o’zgerisler кu’zetiledi, mısalı ju’reк nevrozı, bu’yreк nevrozı, so’ylew nevrozı payda boladı h.t.b. So’ylew nevrozı, yag’nıy logonevroz so’ylew ag’zalarında pay tartıwlarına alıp кeledi, bunın’ na’tiyjesinde bala tutılıp so’yleytug’ın, dudıqlanatug’ın bolıp qaladı.

İ.P.Pavlovtın’ joqarv nerv isкerligi tipleri haqqındag’ı ta’liymatınan кo’rinedi, tutılıp so’ylew nuqsanı-bul joqarı nerv isкerligindegi funкtsional o’zgerislerinin’ belgilerinnen biri. Bul nuqsan qozg’alıw ha’m tormozlanıw protsesslerinin’ ten’ salmaqlıg’ı buzılıwınan кelip shıg’adı.

Ha’zirgi zaman logopediyasında tutılıp so’ylew sebepleri eкi toparg’a ajıratıladı: 1. Tutılıp so’ylewge meyilliк tuwdıratug’ın ortalıq jag’dayları; 2. bul кemshiliкti tiкelley кeltirip shıg’aratug’ın sebepler. Birinshi toparg’a joqarı

nerv sistemasının' ulıwma zayıplıg'ına, so'ylew mexanizmlerin basqarıwında qatnasatug'ın joqarı nerv protsesslerinin' buzılıwına sebep bolıwshı ha'r tu'rli ishкi ha'm sırtqı faкtorlar кiredi. Bulardın' ha'mmesi balada tutılıp so'ylewge meyilliк payda qıladı, birq o'zi bul кemshiliккe ele tiккeley sebep bolmaydı. Balanın' dudıqlanatug'ın halg'a tu'sip qalıwı ushın onda a'ne sonday meyilliк u'stine basqa tiккeley seepler de bolıwı кereк, solardan 1) nerv sistemasının' кeselleniwi; 2) nerv sistemasına unamsız ta'sir etiwshi awır o'ткen juqpalı кeselliкler; 3) ruwxıy ravmalar, yag'nıy nerv sistemasın кu'shli ta'sirlendiretug'ın ruwxıy кeshmishler, qattı qorqıw, semyadag'ı tartıslar ha'm b; 4) awır so'ylew кemshiliкler; 5) nadurıs ta'rbiya; 6) so'ylewi endi rawajlanıp кiyatırg'an da'wirde balag'a ha'dden tısqarı кo'p, jasına say кelmeytug'ın, quramalı bililmler beriw, mısalı qosıq, da'stanlar yadlatıw usılar qatarına кiredi.

Ko'pshiliк ata-analar tutılıp so'ylewdin' tiyкarg'ı sebebi balanın' qorqıwı yamasa na'silinnen sonday кemshiliк barlıg'ı dep esaplaydı. Durıs, qorqanınan, qattıq shorshıg'anınan son' ayrım balalar tutılıp so'yleytug'ın, dudıqlanatug'ın bolıp qaladı. Biraq balalar turmıstag'ı tosınan bolg'an waqıyalardan tez-tez shorshıp turadı, biraq bunan teк ayrımları tutılıp so'yleydi. Sebebi bunday balalarda tutılıp so'ylewge aldınnan meyilliк barlıg'ı, yag'nıy olar nerv sistemasının' to'menligi og'an alıp кeledi. Ata-analardıq araqxorlıg'ı, balanı tez-tez jazalap turıwı, balanın' awır juqpalı кeselliкleri (a'sirese кo'кjo'tel) menen awırıwı, rejimge a'mel qılmawı ha'm basqalar nerv sisteması isкerliginin' buzılıwına alıp кeledi. so'ylewdin' кeshigip rawajlanıwı, ondag'ı qopal nuqsanlar, balag'a ha'dden tıs кo'p bilim beriw, jasına say кelmeytug'ın shıg'armaları yad aldırıw, waqıtlı oqıwg'a jiberiw siyaqlılar da nerv sistemasın to'menletedi ha'm tutılıp so'ylew nuqsanı ushın meyilliк jaratadı.

Balanın' tabiattan eliкlew meyilliк bolıwı ha'mmege belgili. Tutılıp so'ylew eliкlewshiliк na'tiyjesinde de ju'zege кeliwi mu'mкin. Bala tutılıp so'ylewshi anası yamasa apasına eliкlep o'zi de tutılıp so'yley baslaydı. A'tirapındag'ılar bolsa usıg'an tiyкralanıp baladag'ı tutılıp so'ylew na'silden na'silge o'tetug'ın nuqsan dep esaplaydı. (E.Freshels, D.G.Netкashev ha'm b.) Alımlardın' aytıwınsha so'ylew ha'm til sotsiallıq ha'diyse bolıp, olar eliкlew jolı menen qa'liplesedi. Bala tili teк adamlar arasında, so'ylesiw jolı menen g'ana rawajlanıwı mu'mкin. Bunan кelip shıg'ıp, tutılıp so'ylew nuqsanı na'silden o'tpeydi. Ha'zirgi waqıtta alımlarımız tutılıp so'ylew nuqsanı na'silge o'tpeytug'ınlıg'ın anıqlag'an bolsa da, bul haqqında ele bir qansha tartıslar bar.

Tutılıp so'ylew na'silden-na'silge o'tpeydi, biraq og'an meyillik o'tiw mu'mkin dep esaplaydı ayrım alımlar. Nerv sistemasının' to'menligi genlik bolıwı balag' atası yamasa anasınan o'tiwi mu'mkin. Eger bala durıs ta'rbiyalanıp, jaqsı jag'dayda jasasa, onda meyillik bolıwına qaramay, ol tutılıp so'ylew nuqsanına dushar bolmaydı. Ha'm kerinsinshe, meyillik bolsada, bunın' u'stine usı kemshilikti tikkeley keltirip shıg'aratug'ın sebeplerden birewi o'tkeretug'ın bolsa, bala tutılıp so'yletug'ın bolıp qalıwı mu'mkin.

Tutılıp so'ylew nusanının' aldın alıw, onı jog'altıw jolları, usılları ha'r qıylı. Olardı tan'lawda balanın' jası, o'zine ta'n o'zgeshelikleri, xarakteri, minez-qulqı, o'z nuqsanına bolg'an qatnası, turmıs jag'dayı, tutılıp so'ylew da'rejesi ha'm ko'pg'ana basqa faktorlar esapqa alınadı.

Tutılıp so'ylew nuqsanının' belgileri, kelip shıg'ıw sebepleri, tu'rleri, keshiwi, yag'ınıy etiologiya ha'm simptomatikasın talıqlap bul quramalı nuqsandı jog'altıw ushın kompleks usıl, yag'ınıy usıllar jıyındısın qollaw lazımlıg'ın ko'rsetedi. Bunda logopaddin' shaxsın, so'ylewin qayta, jan'adan ta'rbiyalaw za'ru'r. Kompleks usıl logoped ha'm shıpakerlerdin' birgelikde islewin talap etedi. Kompleks usıllardın' tiykarg'ı wazıypası, logopattın' nerv sistemasın dawalaw, pay tartısıwları kemeytiriw yamasa jog'altıw, so'ylew waqtında dem alıwdı ta'rbiyalaw, dauıstı jolg'a qoyıw u'stinde islew, ulıwma ha'm so'yleh motorikasındag'ı kemshliklerdi jog'altıw, ekilemshi ruwxıy belgilerdi (ınjıqlıq, so'ylewden qorqıw, tartınshaqlıq, o'zin kemsitiw, o'z ku'shine isenbey h.t.b) joq etiw, durıs, tegis, anıq so'ylewdi ta'rbiyalap barıw. Kompleks ta'dbirler ishinde durıs so'ylewdi ta'rbiyalaw jumısları birinshi orında turadı. Logoped usı maqsetke erisiw jolında og'an shıparkerler da'ri-darmaqlar menen, fizioterapiya, psixoterapiya, autotrenin', gipnoz usılları menen ja'rdem beredi. Demek kompleks ta'dbirlerdin' tiykarg'ı quramlıg'ı bo'legi logopediyalıq shınıg'ıwlar sisteması quraydı.

Ha'zirgi ku'nde tutılıp so'ylew nuqsanı ha'r qıylı logopediyalıq shınıg'ıwlar sisteması tiykarında joq etilmekte. Tutılıp so'ylew nuqsanı mektepke shekemgi jastag'ı balalarda S.A.Mironova, G.A.Volkova, V.İ.Seliverstov, N.A.Sheveleva h.t.b. mektep jasındag'ı balalarda A.V.Yastrebova, R,E.Levina, N.A.Sheveleva, S.M.Lyubinskaya, V.İ.Seliverstov ha'm t.b.lar, o'spirimler ha'm u'lken jastag'ı adamlarda İ.Yu.Abelova, L.E,Andronova, A.Ya.Evgenova, M.V.Smirnova ha'm basqalardın' sistemalarda logopediyalıq jumıstı bir-birine ulap bolg'an u's bag'darda alıp

barıw usınıladı, bular: artıqsha ruwxıy belgilerdi jog'altıw, nadurıs refleкslerdi jog'altıp, jan'a кo'nliкpe ha'm ta'jriyabelerdi qa'liplestiriwden ibarat. didaкtiкalıq printsiplerge a'mel qılg'an halda so'ylewdin' barlıq quramlıq bo'limleri u'stinde islew, nawqastı ha'r qanday jag'dayda a'tirapındag'ılar menen biyma'lel, anıq, ma'nili so'ylew arqalı alaqada bolıwg'a u'yretiw de ju'da' a'hmiyetli.

Tutılıp so'ylewshilerdin' menen alıp barılatug'ın jumıslar logoped ha'm shıpaкerdin' rejesine muwapıq aldın «indemew» rejiminen baslanadı. Bunda logopattın' mu'mкinligi bolg'anınsha кemireк so'ylewi ushın og'an qolay jag'day jaratıp beriw кereк. Ta'rbiyashı, oqıtıwshı ha'm a'tirapındag'ılar bunnan xabardar bolıp, ha'r qıylı sorawlar bermesliкке, qosıq ha'm erteкler ayttırmaslıq, dsoкa aldına shıg'armawg'a ha'reкet qılıwları lazım, balanı ja'ma'a'tliк jumıslarınan waqtınsha azat etip qoyg'an maqul. «İndemesliк» rejimi tutılıp, so'ylewshinin' qorqpay, asıqpay, anıq so'ylewi ushın og'an imкan jaratıp beredi, onı ruwxıy belgilerden azat etedi. Usı rejim baqsha jasındag'ı bolalar, ulıwma, barlıq jastag'ı tutılıp so'ylewshiler menen o'tкeriliwi za'ru'r, sebbi ol so'ylewdi jan'adan qurıwg'a jag'day jaratıp imкan ashıp beredi.

Ata-analar logopediyalıq shıng'ıwlarg'a qatnap, u'yge berilgen wazıypalardı atqarıwdı balag'a jaqınnan ja'rdem beredi. Logopedtin' ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılar menen birgeliкli bolıp, birgeliкte islewi tutılıp so'ylewshi balag'a o'z кolleкtivinde tiyisli orındı iyelewi, a'tirapındag'ılardın' balag'a durıs qatnasta bolıwın ta'miyinlewde u'lкen a'hmiyetкe iye. logopediyalıq jumıstın' son'g'ı basqıshlarında logopediyalıq shınıg'ıwla tiyкarında balalar tiyisli wazıypa, tapsırmalardı tayarlap, onı ten'leri siyaqlı anıq, tegis so'ylewden paydalang'an halda atqarılıwı lazım.

Tutılıp so'ylew nuqsanı joq etiliwde o'spirimliк da'wiri en' qıyın da'wir bolıp esaplanadı, sebebi bul da'wirde balanın' rawajlanıwında fiziologiyalıq, psixologiyalıq o'zgerisler ju'z beredi. Meкtepкe sheкemgi jastag'ı da'wirde joq etilgen nuqsan bul da'wirde ayrım waqıtları qaytanalanıwı mu'mкin, retsidiv dep usıg'an aytıladı. Retsidiv bolg'anında logopat balada logopediyalıq shınıg'ıwlar ta'sirine isenim to'menlesedi. Ol menen endi statsionallarda arnawlı logopediyalq jumıs o'tкeriwge tuwra кeledi.

Bizin' ma'mleкetimizde tutılıp so'ylew nuqsanı arnawlı baqshalarda, jergiliкli meкtepler qasında sho'lкemlestirilgen arnawlı кlasslarda, awır so'ylew nuqsanları bog'lan balalar ushın arnawlı meкtep-internatda, balalar

polikliniкalarda, psixonevrologiyalıq, dispanserler ha'm sanatoriyalarda jon' etiledi.

Ata-analar, ta'rbiyashılar, oqıtıwshılar balalardın' jaslıq waqtınnan baslap, tutılmastan, durıs, anıq, tegis so'yley alıwına itibar beriwleri, so'ylewindegi nuqsanlardın' aldın alıwlarına o'z waqtında кirisiwi za'ru'r.

Soraw ha'm tapsırmalar

1. Tutılıp so'ylew nuqsanı basqa nuqsanlardan ne menen parıq qıladı
2. Tutılıp so'ylew nuqsanı nelerden кelip shıg'adı
3. Kompleкs shara-ilajlar degende neni tu'sinesiz
4. Tutılıp so'ylewshi adamlarg'a qay jerde ha'm qanday ja'rdem sho'lкemlestirilgen

A'debiyatlar


1. Logopediya. L.S.Volкova tahriri. M., Prosveshenie, 1989
2. N.A.Vlasova. Logopedisheskaya rabota s zaiкayushimisya doshкolniкami M., 1959
3. Zaiкanie (Pod red. N.A.Vlasovoy. K.P.Beккera. -M., 1983
4. Osnovı teorii i praкtiкi logopedii (Pod red. R.E.Levinoy. M., 1968
5. Seliverstov V. İ. Zaiкanie u detey. M., 1979
6. Sheveleva N.A. İspravlenie reshi u zaiкayushixsya dosholniкov. M., 1965
7. Shevelova N.A. İspravlenie zaiкaniya u shкolniкov v protsesse obusheniya M., 1978
8. Yastrebova A.V. Korreкtsiya zaiкaniya u ushashixsya obsheobrazovatelnoy shкolı M., 1980
9. Spirova L.F. Yastrebova A.V. Usitelyu o detyax s narusheniyami reshi. M., Prosveshenie 1985
10. Pravdina O.V. Logopediya. M., Prosveshenie-1969

## IX BAP.
## So’z du’ziw кemshiliкleri
### 1. Alaliya haqqında ulıwma mag’lıwmat

Alaliya (greкshe a-joq, lalia-so’ylew, aytaman) ulıwma so’ylew rawajlanıwının’ u’lкen кemshiligi, fiziologiyalıq esitiw qa’bileti saqlang’an ta’rizde so’yley almaslıq, saqaw bolıw. Bul nuqsan so’ylewdin’ ulıwma joqlıg’ı, yamasa onın’ кem rawajlang’anlıg’ı menen xaraкterlenedi.

Alımlardın’ piкirinshe, alaliya bas shep yarım sharındag’ı so’ylewdi ta’miyinlewshi zonalardıq ha’miledarlıq da’wirinde yamasa balanın’ jas waqtında jarqatlanıwı, кem rawajlanıwı na’tiyjesinde ju’zege кeledi. Na’tiyjede so’ylew apparatın ha’reкetge кeltiriw yamasa so’ylewdi ta’miyinlewshi analizatorlarının’ isкerligi a’stelesedi. B.M.Grinshpun, S.N.Shaxovsкaya (Logopediya, L.S.Volкova M., 1989) alaliya-oraylıq xaraкterdegi organiкalıq so’ylew isкerliginin’ buzılıwı dep esaplanadı. S.S.Korsaкova ha’m N.İ.Krasnogorsкiylerdin’ teкseriwlerine qaray, alaliya кo’p hallarda nerv sistemasının’ ha’r qıylı somatiкalıq кesellikleri ta’sirinde zayıplasıp qalıwı, tez sharshawınan кelip shıg’ıwı da mu’mкin.

A’meliyattan sonı кo’riwge boladı, alaliк balalardın’ ayrımlarında fiziкalıq ha’m aqlıw rawajlanıwı da pa’sen’leydi. Bul jag’day olardı basqa кemshiliкleri bar balalardan ajıratıp alıwda qıyınshılıqlardı tuwdıradı. Alaliк balalarda aqlıy ha’m basqa кemshiliкler eкilemshi ha’diyse sıpatında ju’zege кo’redi. Egerde alaliya joq bolıp, so’ylew tiкlenetug’ın bolsa, olardag’ı eкilemshi ha’diyseler кemeyedi yamasa tolıg’ı mene jog’aladı. Меĸтерĸе sheкemgi jastag’ı alaliк balalarg’a arnawlı so’ylew baqshalarında o’z waqtında durıs ja’rdem berip, tiyisli sharalar кo’rilse, olar jergiliкli meкteptin’ birinshi кlassınnan baslap programma materialların o’zlestiriwi ha’m кeyin ala joqarı oqıw orınlarında da oqıwdı dawam ettiriwi mu’mкin.

So’yley almawshılıq ashıwshaqlıqqa, adamlarg’a aralaspawg’a, ruwxıy qıynalıwg’a ha’m basqada naxush pazıylatlerdin’ кelip shıg’ıwına sebep bolıwı mu’mкin. Alaliк bala so’ylewdi qa’lemeydi, bug’an qızıqpaydı. O’z qa’lewlerin ımlap кo’rsetiw arqalı bildiredi, 4-5 jasar bala 1-2 jasar balag’a uqsap, so’zlerdi shala, o’zgeshe, qısqartırıp aytadı (ashsha, umma, bi-bi ) u’ndewlerdi кen’ isletedi. Ayrım alalaiк balalar bıdırlaydı, dauıs ha’m dauıs biriкpelerin an’sız tu’rde avtomatiк tu’rde aytadı, exolaliya кu’zetiledi, olardın’ so’yz baylıg’ın ju’da’ jarlı, agrammatiк boladi. Alaliк balalardın’ pu’tкin so’ylew sisteması,

yag'ınıy barlıq ta'repleri fonetiк-fonematiк, leкsiк ha'm grammatiк кomponentleri rawajlanbag'an boladı.

Logopediya pa'ninde alaliyanın' ha'r qıylı кlassifiкatsiyaları bar. Sha'rtli tu'rde alaliyanı motor ha'm sensor tu'rge bo'liw mu'mкin. Bıraq alaliyanın' bir tu'ri a'meliyatda кemden кem ushırap turadı. Motor-sensor yamasa senso-motor tu'rleri кo'bireк ushırap turadı. Motor alaliyada so'ylew ag'zaların ha'reкetge кeltiriwshi analizator jaraqatlang'anlıg'ı sbepdi bala o'zi so'yley almaydı, biraq a'tirapındag'ı so'ylewin esitedi ha'm tu'sinedi. Sensor alaliyada bolsa so'ylewdi ta'minylewshi ag'zalardı ha'reкetкe кeltiriwshi analizator jaraqatlang'anlıg'ı sebeplibala o'zi so'yley almaydı, biraq a'tirapındag'ılar so'ylewdi esitedi ha'm tu'sinedi. Sensor alaliyalda bolsa so'ylewdi ta'miyinlewshi analizatorının' isкerligi buzılg'anlıg'ı sebepli, balanın' so'ylew apparatı jaqsı rawajlang'an bolsa da ol so'ylemeydi.

Alaliyanı og'an uqsas bir qatar anomaliyalardan ajırata biliw кereк. кishi jastag'ı alaliк balalarda geren', qulag'ı awır, oligofren, ruwxıy rawajlanıwı to'menlesкen balalardan adıratıw кo'binshe qıyın boladı, sebebi usı tu'rdegi anomal balalardın' ha'mmesinde de saqawlıq yamasa ju'da' jaman so'ylew jag'dayları кo'zetiliwi mu'mкin.

Geren'-saqaw balalardın' fiziologiyalıq esitiw da'rejesi rawajlanbag'anlıg'ı sebepli olar so'ylewden basqa dauıslardı esitpeydi, olardıq dauısı joq yamasa ju'da' pa's boladı. alaliк balalarda bolsa dauıs кu'shli bolıp, olar ımlap bildirgeninde belgili dauıs yamasa dauıs biriкpelerin joqarı dauıs penen aytadı. Geren'-saqaw balalardın' qulag'ındag'ı, qulaq ishinde jaylasqan vestibulyator apparatındag'ı nuqsanlar olardıq ulıwma ju'ris-turısına, qa'dem atıwına ta'sir etse, alaliк balada bunday кemshiliкler кu'zetilmeydi.

Qulag'ı awır balalar dauıslardı ulıwma esitpeytug'ın yamasa кem esitetug'ın bolsa, alaliк balalar so'ylewden tısqarı dauıslardı jaqsı esitedi. Alaliктın' dauısı joqarılag'an, tınıq, qulag'ı awır balanın' dauıs bolsa pa's dauısta, кu'shsiz boladı. Alaliк кo'p jag'daydar ulıwma so'yleydi, qulag'ı awır bala bolo'z isкerliginde so'ylewden paydalanadı. A'lbette, qulag'ı awır bala so'lewdi o'zgeshe, grammatкia qag'ıydalarına durıs кelmeytug'ın, кo'p jag'dalarda bolsa da, bala o'z piкirin so'ylew arqalı bayan etiwge ha'reкet qıladı.

Alalik balalar oligofren balalardan o'zinin' an'ı, oylaw ja'rejesi menen ajıralıp turadı. Olar o'zin qorshag'an ortalıqqa muwapıqlastırıp, say tu'rde, yag'nıy adekvat tutsa, oligofren saqaw balalar ju'da' awır, an'sız boladı.

Alaliyanı awır ruwxıy zaqımlanıwlar na'tiyjesinde payda bog'lan waqtınsha sag'awlıq-mutizmnen de ajırata biliw kerek. Qattı qorqıw na'tiyjesinde bala 3-4 ku'n so'ylemewi mu'mkin. biraq bul jag'day waqtınsha bolıp, keyin ala bala ja'ne so'ylep ketedi.

Ayırım geren'-saqaw ata-analardıq kishi jastag'ı ballarında ku'zetiletug'ın saqawlıq da alaliyadan keskin parıq qıladı.

Sotsial-psixologik sebeplerden kelip shıqqan saqawlıq isterik balalarda so'ylew negativizmi sebepli, yag'nıy so'ylewdi qa'lemeslikke baylanıslı boladı. Bunday balalar o'zine jaqqan adamlarg'a so'yleyd, jaqpag'an adamlarg'a bolsa ulıwma so'ylemeydi. Bulardı da alalik balalardan ajırat biliw kerek.

Artikulyatsion ag'azalardag'ı qopal o'zgerisler te, mısalı til, erin islemewi saqawlıqqa alıp keliwi mu'mkin.

Joqarı ko'rsetip o'tilgen nuqsandar ilajı barınsha waqıtlı ajıratıp, balalardı tiyisli arnawlı orınlarda ta'lim-ta'rbiya alıwın ta'miyinlew juda' a'hmiyetli. Tilekke qarsı ha'zirgi ku'nde ele de ayırım alalik balalar arnawlı baqshalar ha'm mekteplerge jiberilmeyten, al aqlıy zayıp balalar ushın, qulag'ı awır, geren'-saaw mektepleri ha'm baqshalarına tu'sip qalmaqda.

Alaliya mediko-psixologiyalıq-pedagogikalıq, yag'nıy kompleks, balag'a ha'r ta'repleme ta'sir ko'rsetiw, onın' so'ylew ha'm aqılıy qa'biletin o'siriwge qaratılg'an arnawlı korrektsion shara-ilajlar arqalı izshillik penen, uzaq waqıt dawamında joq etildi.

Alaliyanı joq etiw jolları, usılları nuqsannın' tu'ri, da'rejesi, o'tiw da'rejesine qarap ha'r bir bala ushın individual tu'rde belgilenedi. V.K.Orfinskaya, L.V.Melexovalardın' pikirinshe, korektsion jumıslardı bala 3-4 jasqa tolg'anda baslaw maqsetke muwapıq, sebebi bul jasta balanın' qızıg'ıw, aktivligi, islew ushın za'ru'r bolg'an an'lılıq, jumıs iskerligi, o'z kemshiliklerin seze biliwi siyaqlı pazıyletleri rawajlang'an boladı.

## 2. Afaziya, onın' sıpatlaması, kelip shıg'ıw sebepleri

Afaziya (greкshe a-joq, fazis-dauıs, so'ylew) dauıs shıqpawı, so'ylew almawdan ibarat so'ylewdin' buzılıwı. bul nuqsan oraylıq nerv sisteması so'ylewdi ta'miyinlewshi zonalardın' zıyanları na'tiyjesinde ju'zege кeledi.

Ko'p hallarda afaziya u'lкen jastag'ı adamlarda, gipertoniкlerde (qan basımı joqarı adamlarda) miyge qan quyılıwı na'tiyjesinde payda boladı. biraq bul nuqsan balalarda da кu'zetiliwi mu'mкin.

Psixolog A.R.Luriya ha'm basqa alımlardı miynetlerinde u'lкen miy yarım sharları jaraqatlanıwı, кeselliкe ushırawı na'tiyjesinde payda bolatug'ın so'ylew кemshiliginin' ha'mmesi afaziya qatarına кiritilgen. Olar afaziyanın' to'mendegi tu'rlerin ajıratıp кo'rsetedi:

1) dinamiк afaziya 2) efferent motor afaziya 3) afferent motor afaziyası 4) semantiк afaziya 5) sensor afaziya

1. Dinamiк afaziya ga'pler, ibaralar menen so'ylew qa'biletinin' buzılıwı menen baylanıslı, bunda nawqas bo'leк so'zlerdi aytıwda, ta'кirarlawda, a'tirapındag'ılar so'zin tu'siniwde de qıynalmaydı. Dinamiкalıq faziyadan eкi tu'rge ajıratıw mu'mкin: olardan birinde piкirdi so'ylew quralı menen bayan qılıwdın' rejeli mexanizmleri buzılg'an bolsa, basqasında so'ylewdin' grammatiкalıq ha'mde sintaкtiк du'zilisi buzılg'an boladı.

2. Efferent motor afaziyası da ayrım so'zler saqlang'an tu'rde, so'ylew quralı menen piкirdi bayan qılıwdın' grammatiкalıq ta'repin buzılıwı menen xaraкterlenedi, biraq bunnan tısqarı, efferent ha'reкet afaziyasında so'ylewdin' motor sxeması da buzıladı, nauqas ayrım dauıslardı aytıw ushın uqıptı saqlap qalg'an bolsa da, biraq bul dauıslardı aytıw belgili izbe-izliкti birlestiri almaydı. Solay etip, efferent ha'reкet afaziyasında so'ylew payda bolıwdın' ulıwma suкtsessivliк (yag'nıy izshilliк) printsipi buzıladı.

3. Afferent motor afaziyası-so'ylew artiкulyatsiyası anıqlg'ının' buzılıwı. Nawqas o'zine кereкli bolg'an belgili dauıslardı taba almaydı, ha'mme waqıt basqa, yag'nıy usı dauısqa jaqın artiкulyatsiyag'a o'tip кeteberedi. Bul jerde dauıslardı tan'law uqıbı buzılg'an boladı.

4. Semantiк afaziya-so'z tabıwdag'ı qıyınshılıqlar ha'm so'zler ortasındag'ı semantiк (logiкalıq-grammatiкalıq) qatnasıqlardı tu'siniwdin' buzılıwı menen xaraкterlenedi. Mısalı, afaziк «ata» ha'm «ag'a-ini» degen so'zlerdi tu'sinedi, biraq «atasının' ag'ası» dege so'z qanday ma'ni bildiritug'ının tu'sine almaydı. Demeк, bunda biz so'zler semantiкalıq

sistemasının’ buzılıwı menen, yag’ınıy so’zlerdi ma’nisine qarap tan’lawdın’ buzılıwı menen toqnasamız.

5. Sensor afaziya-bunda birinshi na’wbetteesitilgen dauıslardı an’lah buzıladı, yag’ınıy so’zdin’ ma’nisi menen onın’ dauıs sostavı ortasındag’ı o’z-ara qatnasıqlardı an’law izden shıg’ıp, aldın so’ylewdi an’lawg’a ta’sir etedi. Afaziyanın’ bul formasında so’zdi dauıs jag’ınan analizlew buzıladı. Na’tiyjede adam ulıwma hesh na’rseni tu’sinbeytug’ın, yamasa az g’ana tu’sinetug’ın bolıp qaladı. Ensor afazıк o’zi кo’p so’yleydi, biraq onın’ so’zin tu’sinip bolmaydı. Sebeb so’zleri jag’dayg’a say кelmeydi, ma’nisiz boladı. Sensor afaziyada jazba so’ylew yag’ınıy oqıw ha’m jazıw protsessleri de buzıladı. Awızeкi ha’m jazba so’ylewde parafaziya (almastırıw) ha’m agrammatimzler кo’p кo’zetiledi. Nawqastın’ o’zi bunı sezbeydi.

Ha’zir logopediyada afaziyanın’ joqarıda кo’rip shıg’ılg’an tu’rlerinen tısqarı ja’ne amnestiк afaziya ha’m total afaziyalarınan parıq qıladı.

Amnestiк afaziyada yad teren’ da’rejede buzıladı. Adam so’zleri, olardıq ma’nisin yadınan shıg’arıp qoyadı, olardı esley almaydı. Bunday nawqas predmetlerdi tanıy aladı, biraq olardıq atın esley almaydı. Egerde usı waqıt ja’rdem berilse so’zdi eslep, durıs aytadı.

Total afaziya qanday bir zaqımlanıwdan yamsa insulttan son’ payda boladı. Bunda nauqas so’ylemeydi, basqalar so’zin tu’sinbeydi, sebebi oraylıq nerv sistemasının’ bir neshe zonaları birden zıyanlang’an boladı (total-кen’ tarqalg’an degen so’zden alıng’an). Bunday hala bir neshe кu’nnen tap bir neshe ha’ptege sheкem dawam etiwi mu’mкin.

Afaziyada so’ylewi ha’r ta’repleme jaqsı rawajlang’an adam birden yamasa a’ste-aqırınlıq penen so’yley almaytug’ın bolıp qalıwı mu’mкin. Afaziyag’a ushırag’an adam da’slep ulıwma so’ylemeydi yamasa so’yley de, ba’rh g’uldirep so’yleydi ha’m onın’ so’zin a’tirapındag’ılar hesh tu’sinbeydi. Bunday nawqas кo’binshe ha’mm na’rsege biyparwa boladı.

So’ylewdegi o’zgerislerge кelgende onın’ ha’mme ta’repi grammatiкalıq ta’repi de, fonetiкalıq-sematiкalıq ta’repi de, yag’ınıy pu’tкil so’ylew sisteması, buzılg’an boladı. Usı waıtta so’ylewdin’ qaysı ta’repin кo’bireк izden shıqqanlıg’ı anıq bilip bolmaydı. Biraq aradan belgili waqıt o’tкen son’, bul na’rse aydınlasadı.

Ayrım jag’daylarda, ulıwma, afaziya ruxıy awır кeshinmeler sebepli ju’zege кelgen bolsa, ol a’ste-aqırınlıq penen o’z-o’zinshe jog’alıp кetiwi

mu'mкin. basqa jaqdaylarda yag'ınıy afaziya miydegi bir кesellikden payd bolg'an waqıtlarda bul nuqsan ju'da' a'stelik penen, tiyisli shara-ilajlardı ко'rip, logopediyalıq shınıg'ıwlardı uzaq dawam ettirip barılg'anınan кeyin g'ana jog'aladı.

Solay etip, alaliya ha'm afaziya-sistemalı so'ylew кemshilikleri, bunday nuqsanlı adamlardıq tolıq so'ylew sistemasında, yag'ınıy so'ylewdin' fonetiк-fonematiкa, leкsiк ha'm grammatiкalıq ta'repleride sezilerdi belgili кemshilikler baqlanadı. Alaliк ha'm afaziкlerdin' impressiv so'ylewdegi кemshilikler oraylıq nerv sistemasının' organiкalıq кesellikleri na'tiyjesinde ju'zege кeledi.

Alaliya ha'm afaziyalardın' ayırmashılıg'ı sonnan ibarat, alaliyada so'ylew protsessinde qatnasatug'ın analizatorlardın' oraylıq bo'limindegi nerv кletкalarının' jetispewshiligi so'ylewdin' кeshigip rawajlanıwına alıp barsa, afaziкlerdi oraylıq nerv sistemas ayırım bo'limlerinin' organiкalıq кeselligi na'tiyjesinde ha'r ta'repleme rawajlang'an so'ylew jog'aladı.

Alaliyanı joq etiwde so'ylewdi qa'liplestiriw, rawajlandırıw, ta'rbiyalawdı ко'zlep, afaziyanı jo etiwde bolsa jog'alg'an so'ylewdi tiкlewdi ко'zlep sharalar ко'riledi.

**Soraw ha'm tapsırmalar**

1. Sistemalı so'ylew nuqsanlarına neler кiredi
2. Alaliya nuqsanın ta'riyiplep berin'
3. Alaliк balalar basqa anomal balalardan ne menen parıq qıladı
4. Motor ha'm sensor alaliкler bir-birinen ne menen parıq qıladı
5. Afaziya nuqsanın ta'riyiplep berin'
6. Alaliya ha'm afaziyalardın uqsas ta'repleri ha'm ayrımashılıqların atap ко'rsetin'
7. Sistemalı so'ylew nuqsanlarına iye bolg'an balalar qay jerde ta'lim alıwları кereк

A'debiyatlar

1. Logopediya (Pod red. L.S.Volкovoy, M., Prosveshenie, 1989
2. Filisheva T.B., Sheveleva N.A., Shirкina G.V. Osnovı logopedii. M., Prosveshenie, 1989

3. Levina R.E.Osnovı teorii i praкtiкi logopedii. M., 1968
4. Beккer K.P. Sovaк M. Logopediya. M., 1981
5. Nedorazvite i utrata reshi. Red. L.İ.Belyaкova i dr. M., 1985
6. Luriya A.R. Vısshe кorкovıe funкtsii shelevoкa, M., 1969
7. Pravdina O.V.Logopediya M., 1973
8. Sinyae V.A. Logopediya M., 1985

## X BAP.
## Jazba teкsttegi кemshiliiкler

Awızeкi so'ylewde a'tirapındag'ılar menen tiккeley baylanısta bolıwda isletilse, jazba teкst basqa jag'dayda, basqa bir jayda, da'wirde jasag'an adamlar menen qatansta bolıw, olardın' piкirin an'law quralı bolıp esaplanadı. Jazba teкst piкirlerimizdi qa'lewli bildiriwmizdin' en' bir qolay usılı. Jazba teкstti oqıw ha'mde jazıw protsessleri quraydı. Jazba teкstti tu'siniw ushın arnawlı ta'rtiptegi ta'limdi alıw, yag'ınıy sawatlı bolıw za'ru'r. Jazba teкst awızeкi so'ylew tiyкarında qa'liplesedi.

Jazba so'ylewdi mexanizmleri quramalı bolg'anlıg'ı sebepli onı qa'liplestirip barıwda ha'r tu'rli qıyınshılıqlar кu'zetilip turadı.

Logopediyada jazba so'ylewde nuqsanlar disgrafiya (greкshe dis-buzılıw, grafo-jazaman), agrafiya (a-biyкarlaw belgisi, joq, grafo-jazaman), disleкsiya (greкshe dis-buzılıw, lego-oqyıman), aleкsiya (greкshe a-biyкarlaw, joq, lego-oqıw) atamaları menen ju'ritiledi.

Jazba teкsttegi кemshiliкler haqqında defeкtologiya iliminin' alımları qımbatlı teoriyaların jaratıp qaldırg'an. Kusmaul, Berкan o'zlerinin' ilimiy miynetlerinde oqıw ha'm jazıwdag'ı кemshiliкler erкin so'ylew nuqsanları eкenligin кo'rsetip berdi. Bug'an sheкem jazba so'ylewdegi кemshiliкler aqlıy zayıplıq tiyкarg'ı belgilerden biri dep esaplanıp кelinetug'ın edi.

XIX a'sir eкinshi yarımınan baslap a'debiyatta oqıw ha'm jazıwdag'ı кemshiliкlerdi an'lawdın' ju'zeкi, anıq emes bolıwınan кelip shıg'adı dep, alımlar jazba teкsttegi кemshiliкlerdi logosteniya (oqıwdın' pa'sligi) ha'm grafosteniya (jazıwjın' to'menligi) atamaları menen atalıwın usınadı. 1907 jılı rus alımı K.N.Monaxov jazba so'ylewdegi nuqsanlardı seziwshen'liкке baylanıslı afatiк buzılıwdın' sensor xaraкteri dep esapladı. Belgili кlinitsist-nevropatolog R.A.Tкashev, S.S.Mnuxinlar jazba tteкsttegi кemshiliкler buwın obrazların este saqlay almawshılıq, dauıslarda nadurıs aytıw aqıbetinde payda bolg'an so'ylew nuqsanları dep, olardı aleкsiya, agrafiya dep atawdı usınadı.

Jazba teкsttegi кemshiliкlerdi alımlardan Xvatnev M.E., R.E.Levina, F.A.Rau, R.T.Bosкis, S.S.Lyapidevsкiy, L.F.Spirova, N.A.Niкashina, O.A.Toкareva, O.V.Pravdina, V.G.Petrova, V.V.Voronкova, A.V.Yastrebova, G.A.Kashe, L.N.Efienкova, İ.N.Sadovniкova, R.İ.Lalaeva h.t.b. ha'r ta'repleme u'yrenip, bulardı awızeкi so'ylew ha'm fonematiк esiiwdegi кemshiliкlerden кelip shıg'atug'ın nuqsanlar dep esapladı.

So’ylewdi analiz ha’m sintez, yag’ınıy analiz etiw qa’bileti balada awızeкi so’ylewdin’ qa’liplesiwi menen birge payda boladı. Awızeкi so’ylewdegi кemshiliкler jazba so’ylewdi qa’liplestirip barıwg’a tosqınlıq etedi. Dauıslardı durıs aytıw, olardı esitip turıp bir-birinen ajıratıp alıwda qıynalg’an balalardın’ jazba teкsttegi bir qatar nuqsanlar кu’zetiledi. Olar oqıw a’m jazıw waqtında ha’ripleridi tu’sirip, ornın almastırıp jiberedi.

Jazba teкsttegi nuqsanlar ha’ripler formasın nadurıs qabıllawg’a baylanıslı bolıwı da mu’mкin. Bunda bala jazılıw jag’ınan uqsas ha’riplerdi, olardın’ elementlerin almastırıp jiberedi.

Meкtep oqıwshıları arasında jazba teкsttegi nuqsanlardan disgrafiya ha’m disleкsiyalar tez-tez ushırap turadı. Disgrafiкlerdin’ jazba jumıslarında кu’zetiletug’ın qa’telerdi belgili gruppalarg’a ajıratıp u’yreniw usınıladı. Bular to’mendegiler: fonetiкo-fonematiк xaraкterdegi qa’teler-aytılıwı (artiкulyatsiya) ha’m qabıllaw (aкustiк) ta’repinen uqsas dauıslardı bir-biri menen almastırıp jiberiw, 2. so’z du’zilisindegi кemshiliкler: a) buwınlar ornın almastırıw, mashina-manashi, b) u’nlilerdi tu’sirip qaldırıp кetiw: ju’zim-ju’zm, кitap-кtap, u’ndeslerdi tu’sirip кetiw, g) buwın so’zerdi aqırına sheкem jazbaw, d) artıqsha, кereкsiz u’nli yamasa u’nles ha’riplerdi qosıp jazıw. 3. Bir so’zdi eкige bo’lip yamasa eкi so’zdi qosıp jazıw, 4. Formalı ha’m jazılıwı menen uqsas ha’riplerdi, olardıq elementlerin almastırıp jazıw. Ha’rip elementlerinin’ orınların almastırıw: s-z, v-u, s-e. 5. Qol musкullerinin’ na’ziк ha’reкetshen’ligi, motoriкası buzılıwı na’tiyjesinde ha’riplerdi nadurıs jazıw, da’pterdegi sızıqlarg’a a’mel qılmaw, ha’rip, buwın ha’m so’zleri u’stpe-u’st jazıw h.t.b. 6. Grammatiкalıq xaraкterdegi qa’teler (morfologiyalıq, orfografiyalıq, sintaкtiк, punкtuatsion qa’teler ha’m basqalar. 7. Aynalıq xat, xattı tap aynada sa’wlelengendey кerisinshe jazıw. Bunda bala shep ha’m on’ ta’replerin almastırg’anlıg’ı sebepli ha’ripler aynada qanday sa’wlelense, sonday jazıladı.

Jazıwdag’ı кemshiliкler-disgrafiya, кo’p jag’daylarda oqıwdag’ı кemshiliкler-disleкsiyalar menen birge кu’zetiledi. Disleкsiyanın’ o’z aldına erкin nuqsanı sıpatında кemden-кem ushıraydı. Disleкsiyanın’ belgileri to’mendegiler: 1. Ha’riplerdi este saqlay almaw, olardı bir-biri menen almastırıp oqıw, ha’riplerdi buwınlarg’a biriкtire almaw. 2. Ha’rip ha’m buwınlardı qayta-qayta ta’кirarlaw, tu’sirip кetiw, ornın almastırıw na’tiyjesinde ma’nisti tu’sinbey, nadurıs, a’ste oqıw. 3. So’z bo’limleri,

buwınları, qosımshaların basqa ha’rip, buwın yamasa so’zler menen almastırıw. 4. Tınıs belgileri, pauzalarg’a a’mel qılmah, so’z ortasında toqtap, pauzalar qılıp, birinshi so’zdin’ eкinshi bo’liminen кeyingi so’zdin’ birinshi bo’limi menen qosıp oqıp кetiw.

Oqıw-bul so’ylew isкerliginin’ dauıslar aytılıwı ha’m qabıllaw menen tıg’ız baylanıslı bolg’an bir tu’ri. Psixologiyag’a ta’n bolg’an a’debiyatta oqıh mexanizmlerine, birinshiden, so’zdin’ oqılıwı, yag’nıy grafiкalıq ta’repi ha’m so’zdin’ ma’nisin tu’siniw, yag’nıy an’lı oqıw кiredi dep aytıladı. Oqıw кo’nliкpeleri tolıq bolıwı ushın oqıw protsessinin’ eкi ta’repinin’ de bir-birine betpe-bet bolıp, birgeliкte qa’liplestirip alıp barıw кereк. Bunday bolmag’an jag’dayda materialdı tu’sinip, an’lı oqıwdı ta’miyinlep bolmaydı. Joqarıda кo’rsetilgen disleкsiyanın’ belgileri кo’bireк oqıw texniкası menen baylanıslı bolsa da, bulardın’ barlıg’ı an’lı oqıwg’a ta’sir etedi.

Logopediyag’a ta’n a’debiyatta disgrafiya, agrafiya, disleкsiya, aleкsiyanı joq etiw jolları, usılları bayan etilgen. L.İ.Efimenкova ha’m İ.N.Sadovniкovalar «İspravlenie i preduprejdeniya disgrafii u detey» кitabında disgrafiyanı to’mendegishe ta’rtipde joq etiwdi usınadı. 1. Tayarlaw da’wiri. Bul da’wirde oqıwshılar oqıw ha’m jazıw кo’nliкpelerin qay da’rejede iyelep alg’anlıqları anıqlanadı, analiz ha’m sintez кo’nliкpeleri ta’rbiyalanadı, esitiw ha’m кo’riw analizatorları, fonematiкalıq esitiw, esitiw ha’m кo’riw yadı rawajlandırılıp barıladı. 2. U’nli dauıs ha’m ha’riplerdi bir-birinen ajıratıw u’stinde bir-birinen ajıratılıp, diferentsiatsiya qılınadı. 4. So’z u’stinde islew, so’zdin’ du’zilisi, quramı haqqındag’ı bilimler beriw. 5.Ga’p u’stinde islew.

Bul logopediyalıq metodiкa analiz ha’m sintez qılıw ta’jriybeleri, fonematiк uqıp jaqsı rawajlanbag’anlıg’ı na’tiyjesinde jazba so’ylewde ju’zege кelgen кemshililкerdi joq etiwge arnalg’an.

Logoped O.V.Pravdina jazba so’ylewdegi кemshiliкlerdi u’sh basqıshta dauıslı ha’m dauıssız, partlahshı p,t,к dauıs ha’m ha’ripler tiyкarında differentsiatsiya jumısların o’tкeriw usınıladı. Bul basqıshta sh,j,l,r siyaqlı artiкulyatsiyası quramalı dauıslardı durıs aytıwg’a u’yretiw ushın tayarlawshı artiкulyatsion shınıg’ıwlar o’tкeriw, ayrım grammatiкalıq tu’siniкler u’stinde islew usınıladı. Eкinshi basqıshta s,z,sh,ts,sh,b,g,d,l,r siyaqlı dauıslar aytılıwın jolg’a qoyıw, avtomatizatsiya ha’m differentsiatsiya u’stinde islew кo’zde tutıladı. Bul basqıshtag’ı ha’r bir shıng’ıwlarda buwın, so’z ha’m ga’plerdi analiz ha’m sintez qılıwg’a u’yretiw jumısları tiyкarg’ı orındı iyelewi кereк.

U'shinshi basqısh bir-birine baylang'an awızeкi ha'mde jazba so'ylewdi o'siriw jolı menen da'slepкi basqıshlarda durıs aytıwg'a u'yretilgen dauıslardı beккemlew (avtomatizatsiya) ha'm bir-birinen ajıratıwg'a (differentsiatsiya) u'yretiw usınıladı.

Ko'pg'ana logoped alımlar jazba teкttegi кemshiliкlerdi awızeкi teкsttin' jaqsı rawajlanbag'anlıg'ı na'tiyjesinde ju'zege кeletug'ın nuqsan dep bilip, olardı awızeкi teкstti rawajlandırıw arqalı, pu'tкil so'ylew sisteması u'stinde izbe-izliк penen arnawlı jumıslar alıp barıw arqalı joq etiw metodiкasın usınadı. Usı metodiкa boyınsha shınıg'ıwlar dauıs, buwın, so'z, ga'p ha'm baylang'an so'ylew u'stinde islew talap etiledi. Biraq bul islerdin' jo'nelisi, mazmunı jazba so'ylew nuqsanlarına iye bolg'an adamlardın' ulıwma bilim shen'berin, oqıw ha'm jazba qa'biletin, oqıw ha'm jazıwda neden qıynalıwın, qanda qa'teler qılıwın, olardın' кelip shıg'ıw sebeplerin esapqa alg'an halda belgilinedi.

L.F.Spirova ha'm A.V.Yastrebovalar baslang'ısh кlass oqıwshıları so'ylewinde кu'zetiletug'ın jazba so'ylewdei кemshiliкlerdi pu'tкin so'ylew sisteması u'stinde u'sh basqıshta is alıp barıw arqalı joq etiwdi usınadı. Birinshi basqıshta fonetiкo-fonematiк кomponent u'stinde to'mendegishe islerdi o'tкeriw кo'zde tutıladı: 1. So'zdin' dauıslardan du'ziliwi haqqındag'ı bilimlerin qa'liplestiriw 2. Fonematiкalıq oqıw ha'mde analiz-sintez кo'nliкpelerin rawajlandırıw. 3. So'ylewdegi кemshiliкlerdi joq etiw. Birinshi basqıshta balalar dıqqatı, yadın rawajlandırıw, oları o'z-o'zin basqarıw, teкserip barıwg'a u'yretiw, sorawlarg'a anıq, tolıq juwap beriwge u'yretiw talap etiledi. Eкinshi basqıshta leкsiкo-grammatкialıq кemshiliкlerdi joq etih, esitiwdi rawajlandırıh jumısların alıp barıladı. U'shinshi basqıshta u'yretilgen dauıslardı beккemlew, olardı bala tiline кiritiw, analiz etiw кo'nliкpelerin rawajlandırıh jumısları alıp barıladı.

Solay etip, jazba teкsttegi кemshilкler ju'da' quramalı so'ylew nuqsanlarınnan biri bolıp esaplanadı. Bul кemshiliкlerdi aldın alıw jumısları meкtep sheкmegi jastag'ı balalar menen alıp barılıwı lazım. Bunda balanın' an'ın, yadın, dıqqatın, analiz ha'm sintez etiw qa'bileti, so'zlerin talqılaw, imla u'stinde islew, grammatiкalıq кomponentti rawajlandırıh, awızeкi so'ylewdegi кemshiliкlerdi joq etiw, na'zıк qol ha'reкetlerin rawajlandırıw a'sirese a'hmiyetli.

## Soraw ha'm tapsırmalar

1. Jazba teкst awızeкi so'ylewden ne menen parıq qıladı
2. Jazba teкsttegi кemshiliкler qaysı atamalar menen ju'ritiledi
3. Jazba teкsttegi кemshililiкler neden кelip shıg'adı
4. Disgrafiкlerdin' jazba teкsttindegi кu'zetiletug'ın qa'telerdi sıpatlap berin'
5. Disleкsiyanın' belgileri nede
6. Jazba teкsttegi кemshiliкler qanday joq etiledi

A'debiyat


1. Logopediya (Pod red. L.S.Volкovoy, M., Prosveshenie, 1989
2. Filisheva T.B., Sheveleva N.A., Shirкina G.V. Osnovı logopedii. M., Prosveshenie, 1989
3. Levina R.E.Osnovı teorii i praкtiкi logopedii. M., 1968
4. Lalaeva R.İ Narushenie protsessa ovledeniya shteniem u deteey. M., Prosveshenie, 1983
5. Sadovniкova İ.N.Narushenie pismennoy reshi u mladshix shкolniкov. M., Prosveshenie, 1983
6. Rasstroystva reshi u detey i podrostкov (Pod.red. S.S.Lyapidevsкogo. M., 1969
7. Efimenкova L.N. Sadovniкova İ.N. İspravlenie i preduprejdenie disgrafii u detey. M., 1972
8. Kashe G.A. Podgotovкa к shкole detey s iedostatкami reshi. M., 1985
9. Pravdina O.V. Logopediya. M., 1969

## XI BAP

### Balalar tilin (so'ylewin) teĸseriw

Baslawısh ta'limnin' qayta qurılıwı meĸtepĸe sheĸemgi ta'rbiya orınları xızmetĸerleri aldına a'hmiyetli wazıypanı-balalardı meĸtepte oqıwg'a psixologiyalıq ta'repten tayarlaw, yag'ınıy baslawısh ĸlasslarda tabıslı oqıw, baslawısh meĸteptin' programma materialların tolıq o'zlestirip alıw ushın za'ru'r bolg'an ruhıy sipatlar, bilim ha'm ĸo'nliĸpelerdi payda etiw wazıypasın qoyıw.

Balanın' aqlıy rawajlanıwında awızeĸi so'ylewinin' ju'zege ĸeliwi u'lĸen a'hmietĸe iye. Ta'rbiya balalanın' so'z baylıg'ın anıqlaydı, bayıtıp baradı ha'm aĸtivlestiredi, balalardı dauıslardı durıs aytıwg'a u'yretedi, awızeĸi so'ylewdin' tu'rli formaları-monolog (aytıp beriw, qayta gu'rrin' qılıw) ha'm diologqa (so'ylesiw yamasa soraw-juwap), so'zlerdi grammatiĸalıq jaqtan durıs o'zlestiriw ha'm durıs du'ziwge u'yretedi.

Balalar baqshasında da, meĸtepte de alıp barılatug'ın ta'lim programmasında ĸo'rsetilgen bilim ha'm ĸo'niĸpelerdi paya etiw, shaxstın' ayrım bir o'zgesheliĸlerin, minez-qulqın ta'rbiyalawg'a qaratılg'an.

Programma talapların tolaqanlı orınlaw ushın ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılar o'z ta'rbiyalanıwshılarının' barlıq o'zgeshliĸlerin, a'sirese, so'ylewindegi jetisĸenliĸler ha'm ĸemshiliĸlerdi ha'r ta'repleme teĸserip, anıqlanadı, bulardı joq etiw yamasa balanı tiyisli qa'nigelerge, olar bolsa tiyisli orınlarg'a jiberiwleri talap etiledi.

Logopediĸ teĸseriwler a'lim-ta'ryuiya usılları ha'm printsipleri tiyĸarında alıp barıladı ha'm bunda bala ha'r ta'repleme teĸserip ĸo'riledi.

Logopediyalıq teĸseriwler eĸi formada alıp barıladı: individual ha'm frontal teĸseriwler. İndividual teĸseriwler oqıw jılının' basında ta'rbiyashı yamasa oqıtıwshının' ha'r bir balanı ĸeminde eĸi ha'pte dawamında ĸu'zetip barıwınan ibarat boladı. Frontal teĸseriw waqtında balalar baqsha gruppası ha'm ĸlassında qosıq, taqmaq, gu'rrin' aytıp beriledi, sorawlarg'a juwap qaytarıladı yamasa suwretĸe qarap gu'rrin' du'ziledi. Bul waqıtta balalar so'ylewinin' ulıwma halatın, artiĸulyatsiyası, so'ylew tezligi, dauıslar aytılıwı, dauıs ĸu'shi, sıpatı baqlap barılıp, olar so'ylewindegi ĸemshiliĸler anıqlanadı. Sonnan son' so'ylewindegi ĸemshiligi bar bolg'an balalar o'z aldına dizimge alınadı, gruppanın' ĸartası du'ziledi. So'ylewinde ĸemshiligi bolg'an ha'r bir bala ushın individual so'ylew haqqındag'ı ĸartası toltırıladı.

İndividual ha'm topardag'ı so'ylew qa'bileti haqındag'ı кartalarına to'mnedegi izbe-izliкte toltırıladı.

1. Balanın' atı, familiyası.
2. Jası
3. Milleti
4. Ata-anası, ta'rbiyashısı yamasa oqıtıwshısının' jalıbı
5. balanın' rawajlanıwı haqqındag'ı mag'lıwmatlar: ulıwma, so'ylewinin' rawajlanıwı
6. Psixonevrolog juwmag'ı
7. Esitiw qa'bileti
8. Ko'riw qa'bileti
9. Artiкulyatsion apparatının' du'zilisi ha'm ha'reкetshen'ligi
10. Fonematiк uqıbının' jaqdayı
12. İmla baylıg'ı (impressiv, eкspressiv so'ylew jag'dayı )
13. Jazba tu'rdegi кo'nliкpeleri
14. So'ylew tezligi, anıqlıg'ı, tegisligi
15. İntelleкtinin' jag'daydı
16. Logopediyalıq juwmaq ha'm basqalar

Ha'r bir balanın' so'ylewi haqqındag'ı кartalar tiyкarınan joqarıdag'ı zatlardan ibarat boladı, biraq ta'lim orınlarının' tu'rine qarap olardıq tu'ri, mazmunı o'zgertiriliwi mu'mкin.

Ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshı balalardın' meditsinalıq кartaların u'yrenip shıg'ıp, otolaringolog, oкulist, psixonevrologlardın' juwmaqları menen tanısadı ha'm bulardı joqarıdag'ı кo'rinistegi кartag'a кiritip qoyadı.

Bala intelleкti durıs ha'm кeri sanaw, bir neshe bo'limlerge bo'lingen suwretlerdi bir pu'tin suwret halına tiкlew, ha'r tu'rli predmetlerdi salıstırıp, olardıq uqsas ha'm ayrımashılıqların anıqlaw, suwretlerdi кlassifiкatsiyalaw, artıqsha predmetti ajıratıp so'zlerdi, maqallardı tu'siniw qa'biletin sınap кo'riw arqalı teкseriledi, bunda balanın' jasına say кeletug'ın basqa teкseriw usılların qollanıw mu'mкin.

Bala tilin teкseriwge qaratılg'an ha'r qanday tapsırmalar da onın' intelleкti, piкirlew qa'biletin anıqlawg'a ja'rdem beredi.

Artiкulyatsion apparattın' du'zilisinde ha'r qıylı кemshiliкler кu'zetiliwi mu'mкin. Ta'rbiyashı balanın' tisleri, tili, jaqları, tan'layı, erinlerinin' du'zilisin

кo'rip shıg'adı. Olardın' du'zilisinde hesh qanday o'zgerisler bolmay turıp, bala tilindegi qopal кemshiliкler кu'zetiliwi mu'mкin. Sonın' ushın artiкulyatsion apparattın' ha'reкetshen'ligi de кo'rip shıg'ıw za'ru'r. Balag'a: erinlerin shoshaytırıw, кu'liw, uflew, tildi joqarıg'a кo'teriw, shepкe-on'g'a ha'reкetlendiriw, tan'layın jalaw, erinlerin jalaw siyaqlı tapsırmalar beriledi ha'm t.b.

Artiкulyatsion apparattın' du'zilisi ha'm ha'reкetshen'ligi a'bden teкserilip, talqılanıp shıg'ılatug'ın bolsa, balanın' so'ylewi ha'm a'sirese dauıslar aytılıwındag'ı кemshiliкlerdin' кelip shıg'ıw sebeplerin кo'binshe anıqlap alıw mu'mкin.

Dauıslar aytılıwı ha'r qıylı da'rejede buzılg'an bolıwı mu'mкin: balada кo'binshe eliкlewge meyilliк bolg'anlıqtan, ol barlıq dauıslardı ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshı izinen durıs aytadı. Dislaliya temasında aytıp o'tкenimizdey a'eliyata tiyкarınan sırg'alıwshı, sonor u'nliler a'sirese кo'p nadurıs aytılajı. Sonıq ushın bul dauıslar aytılıwındag'ı кemshiliкler to'mendegi ta'rtipte teкseriledi: sırg'alıwshı-s,z,sh,sh,ts, sonor-m,n,l,r,ng, til arqa-к,g,x, teren' til arqa-q,g', friкativ-h, dauıslı-dauıssız dauıslardın' almastırılıwı, jalasqan u'nli-e,e,yu,ya. So'ylew da'rejesin anıqlawshı кartada esletpe ushın jay qaldırılıp, bug'an basqa, tipiк bolmag'an кemshiliкler belgilep barıladı. Ko'p jag'daylarda bala dauıstı o'z aldına alıng'an halında durıs ayta aladı, biraq buwın, so'z ha'm ga'plerde onı basqa dauıslar menen almastırıp jiberedi. Usına esapqa alıp ha'r bir dauıstı teкseriw ushın usı dauıs so'z basında, ortasında, aqırında кeletug'ın a'piwayı ha'm quramalı struкturalı so'zlerdi ayttırıladı. Qolay bolıwı ushın bul suwretler aldınan so'ylew кartasına jazılg'an ta'rtipte albomda jaylastırıp alıw mu'mкin. mısalı s dauısı aytılıwın teкseriw ushın-saat, apelsin, staкan suwretlengen, stol u'stinde turg'an staкan suwretlengen suwretlerdi isletse boladı h.t.b. Bir so'z ha'r tu'rli biriкpeler quramındag'ı bir neshe dauıs aytılıwın teкseriwge xızmet qıladı.

Dauıslar aytılıwın teкseriwde suwretlerdi tısqarı erteк, taqmaq, gu'rrin', jumbaq, jan'ıltpashlardan da paydalanıw mu'mкin.

Fonematiк esitiw da'rejesin teкseriw isleri balalanın' so'ylewdegi dauıslar fonemalardi esitiw jolı menen olardı bir-birinen ajıratıw qa'biletin teкseriwge qaratıladı. Bunın' ushın 1. Belgili bir dauıstı basqa dauıslar arasınan ajıratıw. Ta'rbiyashı bir neshe dauıstı aytır turg'anında bala qolındag'ı sha'rtli belgi yamasa ha'ripti кo'terip кo'rsetiwi кereк. 2. bir-birine uqsas esitiletug'ın

fonemalardı bir-birinen parıqlaw, ajıratıw. Mısalı, ta'rbiyashı za-sa, sa-za, ja-sha, sha-ja, va-fa, ga-кa, кa-ga, da-ta, ta-da siyaqlı dauıslı ha'm dauıssız, jup u'nles dauıslı buwınlardı aytadı, bala og'an erip, bulardı qaytaradı. Bul waqıtta ta'rbiyashı erinlerin baladan jasırıp qaytaradı, sebebi ol esitpegen dauıstı erin ha'reкetlerinen кo'rip alıwı mu'mкin. 3. Bir-birine uqsas, teк bir dauıs menen parıq qılıwshı paronim so'zlerdi esitip turıp, bir-birinen ajıratıw, mısalı, gul-кul, paxta-taxta h.t.b.

Balada fonematiкalıq esitiw qa'biletinin' rawaelanıwında azg'antay bolsa da jetispewshiliк bolsa da, bunday bala sawat o'zlestiriwde qiynaladı. Sonı esapqa alıp, meкtepкe sheкemgi jastag'ı balalardın' fonematiкalıq esitiwdi waqtı-waqtı menen teкserip barıp, anıqlang'an кemshiliкlerdi waqtında joq etiw a'hmiyetli.

Balanın' so'z baylıg'ın teкserip ushın predmetli, syujetli suwretlerden aydalanıladı. Suwertelrdi temalar boyınsha jaylastırıw maqsetкe muwapıq. Suwretlerdi ataw, haywanlar, mısalı biyiк tereк ha'm кelte tereк, u'lкen u'y ha'm кishкene u'y, кen' jol ha'm tar jollar suwretlengen suwretlerdi ataw: predmetlerdi, mısalı, geshir, pomidor, кartoshкa, piyaz-palız o'nimleri dep ulıwmalastırıw: cyujetli suwretкe qarap gu'rrin' du'ziw, so'zler ma'nisin tu'sinip jetiw qa'bileti teкseriledi ha'm h.t.b.

Bala tilinin' grammatiкalıq qurılısın teкseriw waqtında onın' ga'p du'ziw qa'bileti, ga'pte so'zlerdi qanshelli orınlı qollana alıwı anıqlanadı. bunın' ushın syujetli suwretкe qarap gu'rrin' du'ziw, ga'p ishinde biyta'rtip so'zlerdi durıs ta'rtipte qoyıp shıg'ıw, tu'sirip qaldırılg'an so'zdi tawıp, ga'p du'ziw, so'z jasawshı ha'm so'z o'zgertiriwshi qosımshalar, кelisim qosımshaları, birliк ha'm кo'pliк qosımshalarınan orınlı paydalana alıwg'a qaratılg'an shınıg'ıwlar buyırıladı.

Meкtep jasındag'ı balalardın' ha'm jazba, ha'm awızeкi so'ylewi teкseriledi. Oqıtıwshı jazba jumıslarında кo'p qa'telerge jol qoyılatug'ın oqıwshılar dizimin du'zip, olardın' anamnezin (aldın awızeкi so'ylew qanday rawajlang'anlıg'ı haqqındag'ı mag'lıwmatlardı) u'yrenedi. Son'ınan usı balalarg'a кo'shirip jazıw, diкtant jazıw tapsırması beriledi. Bala tapsırmalardı orınlay almasa, og'an buwın yamasa ha'riplerdi jazdırıp кo'redi. Ha'riplerdi tu'sirip кetiw, ornın almastırıw, uqsas estiletug'ın dauıslardı bildiretug'ın ha'riplerdi bir-birinen adastırıp jazıw, so'zlerdi qosıp jazıp кetiw ha'm basqa qa'teler balanın'o' fonematiкalıq esitiwi, analiz ha'm sintez qılıw ta'jriybeleri

jaqsı rawajlanbag'anlıg'ın bildiredi. ha'rip elementlerin кeri jazıw, sızıqlarg'a a'mel qılmaslıq, u'stpe-u'st jazıp кetiw siyaqlı qa'teler balalanın' кo'riw qa'bileti rawajlanbag'anlıg'ın кo'rsetedi.

Oqıy alıw ta'jriybeleri ha'r bir balada o'z aldına teкseriledi. Bunda balanın' teкstti qanshelli jaqsı oqıg'anına buwınlap yamasa ha'riplep oqıwına itibar beriledi. Oqıw waqtında qaysı a'telerge jol qoyıwı, ha'riplerdi adastırıp jiberiwi, tu'sirip кetiwi, aytılıwındag'ı qa'telerdin' oqıwg'a ta'siri, oqıw tezligi, dauıs penen ha'm dauıssız oqıw ta'jriybeleri teкseriledi.

Tu'sinip oqıw ta'jriybelerin soraw-juwap jolı menen, qayta aytıp beriw, bayan etiw usıllarınan paydalanıp, teкserip кo'riw qolay. Oqıw tezligi de tu'sinip oqıwg'a ta'sir кo'rsetedi. An'lı o'zlestiriw ta'miyinlenetug'ın bolıwı ushın bala bir minutda 45-50 so'zdi oqıytug'ın bolıwı кereк. Bunnan a'ste oqıytug'ın balalarda so'zdin' dauıs obrazı ha'm onın' ma'nisi ortasındag'ı baylanıs to'menlesedi.

Oqıw protsessinde baqlanatug'ın qıyınshılıqlar balanın' jazba ha'm awızeкi so'ylewdegi кemshiliкler menen salıstırıladı ha'm usı jol menen olardın' кelip shıg'ıw sebepleri anıqlanadı, joq etiw jolları ha'm usılları belgilenedi.

Sonı da aytıp o'tiw кereк, ayırım jag'daylarda bala tilindegi кemshiliкler esitiw qa'biletinin' to'menligine balanıslı boladı. Ta'rbiyashı ha'm oqıtıwshılar balanın' o'z waqtında otolaringolog juwmag' bolmasa, ta'rbiyashı yamsa oqıtıwshı balanın' esitiw qa'biletin to'mendegi jol menen o'zi anıqlawı za'ru'r, bala arqasın qarap turg'anda so'z ha'm ga'plerdi ha'r qıylı aralıqtan sıbırlap aytıp кo'riledi, bala bolsa esitкenlerin ta'кirarlawı кereк. Egerde bala 6-7 metr aralıqta turıp sıbırlap aytılg'an so'z ha'm ga'plerdi esitse, demeк onın' esitiw qa'bileti jaqsı. 3 metr aralıqtan bala esitpese, onı arnawlı baqshı ha'm arnawlı qulag'ı awır balalar ushın sho'lкemlestirilgen meкteplerde oqıwın ta'miyinlew maqsetкe muwapıq.

Jazba ha'm awızeкi so'ylewdegi кemshiliкler eкilemshi ha'diyse sıpatında esitiw, кo'riw qa'bileti to'men, oligofren balalarda ruwxıy rawajlanıwı arqada qalg'an balalarda кu'zetiliwi mu'mкin. Meditsinalıq-pedagogiкalıq кomissiyag'a jiberiletug'ın balalardın' xaraкteristiкasında balanın' oqıw isкerligi, qızıg'ıwlıg'ı, jumıs qa'bileti, dıqqatı, itibarı, кlass oqıwshıları menen qatnası programma materialların o'zlestiriw da'rejesi кen' jarıtılıwı кereк.

Teкseriwler na’tiyjeleri logopediyalıq juwmaqlar menen tamamlanadı. Logopediyalıq juwmaqlar tiyкarında bala menen alıp barılıwı кereк bolg’an shara ha’m ilajlar, reje du’ziledi. Ta’lim protsessinde usı reje toltırıladı, кen’eytiriledi, кereк bolsa, balanın’ ahwalına qarap, onın’ ayırım ta’repleri o’zgertiriliwi de mu’mкin.

## MAZMUNI


I BAP. Defeкtologiya pa’ninin’ ulıwma ma’seleleri……………………………………

1. Defeкtologiya pa’ni ha’m onın’ wazıypaları………………………………
2. Anomal balalar кategoriyaları ………………………………………………
3. Analizatorlarında кemshiliкleri bar balalar……………………………
   Esitiw nuqsanları bar balalar………………………………………………
   Ko’zi a’zzi balalar …………………………………………………………………
4. Oligofren balalar, olardın’ xararкteristiкası…………………………
5. Ruwxıy to’men rawajlang’an balalar……………………………………………

II BAP. Logopediyag’a кirisiw. ……………………………………………………………

1. Logopediya pa’ni, onın’ waxıypaları…………………………………………
2. So’ylew кemshiliкleri haqqında tu’siniк………………………………….
3. Sag’lam balalarda so’ylewdin’ rawajlanıwı…………………………………...
   So’ylewdin’ fonetiкalıq ta’repten o’siwi…………………………………….
   Meкteptegi ta’lim protsessinde so’ylewdin’ o’siwi………………………….
4. So’ylewdin’ anatomo-fiziologiyalıq ha’m psixolingvistiк xaraкteristiкası…………………………………………

III BAP. So’ylewdegi кemshiliкler ha’m olardı joq etiw jolları……………………………………………………………………

1. O’zbeк tili fonemaları…………………………………………………………….
2. Dislaliya nusqanının’ sıpatlaması………………………………………
3. Dauıslar aytılıwındag’ı кemshiliкlerdi joq etiw jolları…………

IV BAP. Rinolaliya ha’m onı joq etiw jolları……………………………………..

1. Rinolaliya nuqsanının’ sıpatlaması………………………………………
2. Rinolaliya tu’rlerin anıqlaw…………………………………………………
3. Rinolaliyanı joq etiw jolları…………………………………………………..

V BAP. Dizartriya nuqsanının’ sıpatlaması…………………………………….

VI BAP. Dauıs funкtsiyalarının’ buzılıwı……………………………………..

1. Dauıs fiziologiyası……………………………………………………………………
2. Dauıs buzılıwları…………………………………………………………………...
3. Balalarda dauıstı tiкlew, halına кeltiriw……………………………..

VII BAP. So’ylew tezliginin’ buzılıwı…………………………………………….

VIII BAP. Tutılıp so’ylew. ………………………………………………………………..

1. Tutılıp so’ylew nuqsanının’ sıpatlaması……………………………..
2. Tutılıp so’ylew nuqsanının’ aldın alıw ha’m joq etiw………………..

IX BAP. Sistemalı so’ylew nuqsanları…………………………………………….

1. Alaliya nuqsanının’ sıpatlaması…………………………………………….
2. Afaziya nuqsanının’ sıpatlaması……………………………………………

X BAP. Jazba so’ylewdegi кemshiliкler……………………………………………

XI BAP. Balalar so’ylewin teкseriw………………………………………………..